SAKING GUGON TUHON DUMUGI FACEBOOK

Jurnalisme Lumantar Basa Jawa

Antologi
Peningkatan Kreativitas
Penulisan Bahasa Jawa
Tahun 2010

08

KEMENTERIAN PENDIDIKAN NASIONAL
PUSAT BAHASA
BALAI BAHASA YOGYAKARTA

/PIC Rub.

SAKING GUGON TUHON DUMUGI *FACEBOOK*: JURNALISME LUMANTAR BASA JAWA

Antologi Peningkatan Kreativitas Penulisan Bahasa Jawa Tahun 2010

SAKING GUGON TUHON DUMUGI *FACEBOOK*: JURNALISME LUMANTAR BASA JAWA

Antologi Peningkatan Kreativitas Penulisan Bahasa Jawa Tahun 2010

PERPUSTAKAAN
BADAN BAHASA
KEMENTERIAN PENDIDIKAN NASIONAL

KEMENTERIAN PENDIDIKAN NASIONAL
PUSAT BAHASA
BALAI BAHASA YOGYAKARTA

SAKING GUGON TUHON DUMUGI *FACEBOOK*:
JURNALISME LUMANTAR BASA JAWA

Antologi Peningkatan Kreativitas Penulisan Bahasa Jawa Tahun 2010

PERPUSTAKAAN BADAN BAHASA
Klasifikasi PB 499.231 08 SAK S
No. Induk : 133
Tgl. : 28-3-2011
Ttd. :

Penyunting:
Edi Suwatno
Edi Setiyanto

Pracetak:
Imron Rosyadi
Ninik Sri Handayani

Penerbit:
Kementerian Pendidikan Nasional
Pusat Bahasa
Balai Bahasa Yogyakarta

d.a. Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta 55224
Telepon (0274) 562070, Faksimile (0274)580667

Cetakan Pertama:
Juni 2010

ISBN: 978-979-188-208-1

Sanksi Pelanggaran Pasal 72, Undang-Undang Nomor 19 Tahun 2002 tentang Hak Cipta.

1. Barang siapa dengan sengaja dan tanpa hak melakukan perbuatan sebagaimana dimaksud dalam Pasal 2 ayat (1) atau Pasal 49 ayat (1) dan ayat (2) dipidana dengan pidana penjara masing-masing paling singkat 1 (satu) bulan dan/atau denda paling sedikit Rp 1.000.000,00 (satu juta rupiah), atau pidana penjara paling lama 7 (tujuh) tahun dan/atau denda paling banyak Rp 5.000.000.000,00 (lima miliar rupiah).
2. Barang siapa dengan sengaja menyiarkan, memamerkan, mengedarkan, atau menjual kepada umum suatu ciptaan atau barang hasil pelanggaran Hak Cipta atau Hak Terkait sebagaimana dimaksud pada ayat (1) dipidana dengan pidana penjara paling lama 5 (lima) tahun dan/atau denda paling banyak Rp 500.000.000,00 (lima ratus juta rupiah).

PURWAKA
KEPALA BALAI BAHASA YOGYAKARTA

Nyerat, Nyerat, lan Terusa Nyerat: Ilmu Iku Kalakone kanthi Laku

"Aku bakal terus nulis sanajan ora ngerti ana sing gelem nyethak utawa ora." Makaten pangandikan saking J.K. Rowling, panganggit buku *Harry Potter* ingkang laris sanget. Pangandikan wau kalisanaken saderengipun buku *Harry Potter* kacetak lan dados buku ingkang sanget dipunremeni dening para maos saindenging jagad. J.K. Rowling sanes tiyang ingkang tanpa upama. J.K. Rowling ugi sadermi titah limrah, kados dene kita ugi. Saking menika, ateges kita ugi saged kados dene J.K. Rowling. Murih kasembadanipun, menawi J.K. Rowling boten nglokro sinaosa saperangan penerbit Inggris (Penguin, Transword, ugi Herper Collins) nampik anggitanipun; kita ugi kedah tatag kanthi boten mandheg nyerat sinaosa seratan wau dereng wonten ingkang kersa macak ing kalawarti menapa dene layang kabar.

Wosing pirembag, ing babagan nyerat utawi nganggit, antebing tekad lan proses kreatif menika dados bab ingkang boten saged dipunkiwakaken. Krenteg kedah tetep kenceng, sampun ngantos mupus. Ingkang kedah dipungatosaken sampun ngantos kita ngalembana sawijining anggitan, nanging boten nggatosaken prosesipun. Kajawi menika, sampun ngantos kita ering dhumateng tiyang ingkang sampun kaloka. Ingkang leres, kita kedah nulad amrih saged kados piyambakipun. Sajatosipun, samubarang menika minangka asiling proses. Pramila, linampahana proses murih sawernaning seratan kita sageda katampi dening redhak-

tur, ugi migunani tumrap para maos. Angambali atur, ing salebeting nyerat/nganggit (geguritan, cerkak, artikel, esai, *feature*, lan sapanunggalipun), sampun namung mbujung asil. Ingkang baku, inggih menika nyerat, nyerat, lan terus nyerat. Awit, ingkang saged sukses menika namung panganggit ingkang sampun nglampahi proses.

Para maos ingkang tuhu wicaksana, seratan ingkang awujud pawarta (berita), lapuran, *feature*, utawi *opini* ing antologi menika mujudaken proses wiwitan saking pamupu kegiyatan Peningkatan Kreativitas Penulisan Bahasa Jawa, taun 2010, ingkang dipunadani dening Balai Bahasa Yogyakarta. Kaangkah, proses wiwitan wau sageda dados pamawas kagem ngupadi pamawas sanesipun ingkang saestu tanpa wates, kados dene pepindhan, "golek geni adedamar; golek banyu apikulan warih."

Pepunthoning pangajab, sageda pamupu dados panganggit ingkang mumpuni awit pamanggihipun ingkang migunani. Sumangga!

Drs. Tirto Suwondo, M.Hum.

DAFTAR ISI

PURWAKA KEPALA BALAI BAHASA YOGYAKARTA
Nyerat, Nyerat, lan Terusa Nyerat:
Ilmu Iku Kalakone kanthi Laku ..... **v**
Daftar Isi ..... **vii**

BALAI BAHASA NGADANI "PENINGKATAN KREATIVITAS PENULISAN BAHASA JAWA"
Wiwik Lestari
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Sleman *1*

PENINGKATAN KREATIVITAS PENULISAN BAHASA JAWA
Ririn Sulistiyani
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Kalasan *3*

PEKAN GERHANA
Pipin Wijiastuti
Guru Bahasa Jawa SMAN I Depok *4*

KONFERENSI INTERNASIONAL SAHA SARASEHAN RANCAGE ING AUDITORIUM UNY
Nur Eka Ratna Dewi
Guru Bahasa Jawa SMKN 1 Seyegan *5*

PENINGKATAN KREATIVITAS PENULISAN BAHASA JAWA
Ririn Sulistiyani
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Kalasan *8*

SALAH SAWIJINING SEKOLAH ANDALAN ING SLEMAN
Pipin Wijiastuti
Guru Bahasa Jawa SMAN I Depok *11*

SMAN 2 SLEMAN: RIWAYATMU
Febyardini Dian P.R.
Guru Bahasa Jawa SMAN 2 Sleman *15*

PROGRAM LIMA S PERLU DIBUDAYAKAKE
Y. Suharjana
Guru Bahasa Jawa SMKN 1 Tempel *18*

JEMBATAN KALI CODE PAPAN KUMPULE PARA MUDHA
Nur Eka Ratna Dewi
Guru Bahasa Jawa SMKN 1 Seyegan *20*

PPDB : GAWE BINGUNGE WONG TUWA
Tutik Handayani
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Seyegan *24*

BASA JAWA: APA WIS DADI BASA MANCA
Asti Ratri
Guru Bahasa Jawa SMKN 2 Godean *29*

SAWIJINING PANJANGKA ING YOGYAKARTA IRING WETAN
Pipin Wijiastuti
Guru Bahasa Jawa SMAN I Depok *33*

UPACARA TRADHISI MAJEMUKAN KANG MIGUNANI TUMRAP PARA MUDHA
Rokhmadi
Guru Bahasa Jawa SMKN 1 Godean *35*

JALUR SOLO-JOGJA
Widyowati
Guru Basa Jawa SMKN 1 Kalasan 39

REPOTE MULANG BASA JAWA MARANG SISWA LUAR JAWA
Yudha Prasetyanti
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Cangkringan 44

FACEBOOK MINANGKA MEDIA ALTERNATIF PEMBELAJARAN BAHASA JAWA
Yuana A. Dirgantara
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Ngemplak, Sleman 48

GURUKU JARKONI (BISA UJAR ORA BISA NGLAKONI)
Sunardi
Guru Bahasa Jawa SMK Muhammdiyah 2 Sleman 51

TASIH PANTES SINEBAT TIYANG JAWI?
Arif Purwanta
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Tempel 55

ANCASE SERTIFIKASI GURU WIS NALISIR
Irma Asrining Cahyorini
Guru Bahasa Jawa SMKN 1 Depok Sleman 60

GLOBALISASI LAN MODHERNISASI AWEH PANYENGKUYUNG SURUTING BASA JAWA
Wiwik Lestari
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Sleman 64

GUGON TUHON: PITUTUR SINANDI, ING UKARA KANG ORA TINEMU NALAR
Abdul Afif Rosyidi
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Mlati, Sleman 68

MERI KAYA MERI. KERI YEN KERI
Fajar Agustia Prihandono
Guru Bahasa Jawa SMKN 1 Kalasan *73*

RASULAN
Dhanar Widianta
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Prambanan *76*

DONGENG MINANGKA PIWULANG MORAL, INTELEKTUAL, LAN SPIRITUAL
Sumaryono
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Gamping *83*

NGONO YA NGONO, NANGING AJA NGONO
Diyan Hastari
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Minggir *88*

FENOMENA SLINGKUH ING INDONESIA
Widanarti Rumsari
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Depok *92*

BOCAH SAIKI WIS ORA BISA BASA
Irma Asrining Cahyorini
Guru Bahasa Jawa SMKN 1 Depok Sleman *95*

ALON-ALON WATON KELAKON?
Dewi Astutiningsih S.
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Godean *101*

SANDIWARA
Dhanar Widianta
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Prambanan *104*

"SALON TRADHISIONAL JAWA" DUDU DUWEKE WONG JAWA ?
Puspitasari
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Turi *110*

BASA JAWA APA ISIH PERLU?
Ririn Sulistiyani
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Kalasan *112*

NGUPIYA AMRIH LESTARINE BASA JAWA
Pipin Wijiastuti
Guru Bahasa Jawa SMAN I Depok *115*

NYERAT, KEGIYATAN INGKANG NGREMENAKEN
FX. Subroto
Redaktur Senior Majalah Djaka Lodang *118*

NGGUGAH MACAN TURU ANA ING SAJRONING IMPEN
Triman Laksana *122*

MILIH LAN PADOS NARASUMBER
Warisman
Kedaulatan Rakyat *125*

PANGRAKITING SERATAN
Edi Setiyanto lan Wiwin E.S.N.
Balai Bahasa Yogyakarta *129*

BIODATA PESERTA PENINGKATAN KREATIVITAS PENULISAN BAHASA JAWA **137**

BERITA

BALAI BAHASA NGADANI "PENINGKATAN KREATIVITAS PENULISAN BAHASA JAWA"

Wiwik Lestari
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Sleman

Balai Bahasa Yogyakarta nganakake kegiatan "Peningkatan Kreativitas Penulisan Bahasa Jawa" kanggo guru lan siswa SMA/SMK/MA se-Kabupaten Sleman. Kegiatan kasebut dibukak dening Kepala Balai Bahasa Yogyakarta Drs. Tirto Suwondo, M. Hum., ing dina Minggu tanggal 23 Mei 2010. Kegiatan "Peningkatan Kreativitas Penulisan Bahasa Jawa" kasebut tujuwane kanggo ningkatake kaprigelaning nulis ing medhia cetak tumrap guru basa Jawa lan siswa. Cacahing pasarta guru ana 25, dene pasarta siswa uga ana 25. Narasumber kang kajibah paring sesuluh ing antarane, yaiku (1) F.X. Subroto (*Djaka Lodang*), (2) Warisman (*Minggu Pagi lan Kedaulatan Rakyat/KR*), (3) Triman Laksono (penulis), sarta (4) Dra. Wiwin Erni Siti Nurlina, M.Hum. (peneliti lan panyuluh Balai Bahasa Yogyakarta).

Ing sajroning pambuka "Peningkatan Kreativitas Penulisan Bahasa Jawa" digelar pentas Parodi Pembacaan Geguritan dening mudha-mudhi Sanggar Sastra Jawa Yogyakarta (SSJY). Pentas mau nambahi swasana saya regeng.

Saliyane kegiatan "Peningkatan Kreativitas Penulisan Bahasa Jawa" kasebut Balai Bahasa Yogyakarta ing taun 2010 iki uga ngrancang program liyane ing antarane, (1) Pengkajian/Penelitian Bahasa dan Sastra, (2) Pengembangan Bahasa dan Sastra, (3) Pembinaan Bahasa dan Sastra, (4) Pembinaan Keterampilan Berbahasa dan

Bersastra, (5) Bulan Bahasa dan Sastra (Sarasehan), (6) Pagelaran Macapat, (7) Penyuntingan, (8) Bahasa Indonesia untuk Penutur Asing, (9) Uji Kemahiran Berbahasa Indonesia (UKBI), (10) Penyelenggaraan lomba (esai, debat, cipta puisi, dan cerpen), sarta (11) Penyebarluasan informasi kebahasaan dan kesastraan di media massa.

PENINGKATAN KREATIVITAS PENULISAN BAHASA JAWA

Ririn Sulistiyani
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Kalasan

Kanggo ningkakatake ketrampilan nulis basa Jawa tumrap para guru basa Jawa SMA/SMK/MAN, Balai Bahasa Yogyakarta Jl. I Dewa Nyoman Oka 34 Yogyakarta ngadani kagiyatan Peningkatan Kreativitas Penulisan Bahasa Jawa kanggo para guru basa Jawa SMA/SMK/Man sa-Kab. Sleman lan Kab. Bantul.

Kagiyatan iki kaadani ing tanggal 23, 30 Mei 2010 lan tanggal 6, 13, 20 Juni 2010. Dina Minggu tanggal 23 Mei 2010 kepungkur minangka pambukaning kagiyatan iki diwiwiti kanthi masang tandha peserta sacara simbolis dening pangarsaning Kepala Balai Bahasa Yogyakarta, Drs. Tirto Suwondo, M. Hum.

Kagiyatan iki dibimbing dening tutor-tutor kang wis duwe pengalaman akeh, antara liya FX. Subroto (Majalah Mingguan *Djaka Lodang*), Warisman (Minggu Pagi *Kedaulatan Rakyat*), Triman Laksono (Penulis), lan Dra. Wiwin Erni Siti Nurlina, M.Hum peneliti lan Penyuluh (saka Balai Bahasa Yogyakarta).

Kanthi kagiyatan iki kaajab para guru basa Jawa SMA/SMK/MAN sa-Kabupaten Sleman lan Kabupaten Bantul duwe kaprigelan nulis kanthi migunakake basa Jawa kang bener ing media cetak.

PEKAN GERHANA

Pipin Wijiastuti
Guru Bahasa Jawa SMAN I Depok

Dinas Pendikan Pemuda dan Olahraga Kabupaten Sleman ngadani *Pekan Gerakan Hidup Aktif Nasional* (Gerhana). Dinas Pendidikan Pemuda dan Olah raga nunjuk 12 sekolah supaya nyengkuyung pekan Gerhana iki. Salah sawijining sekolah kang ditunjuk kuwi SMAN I Depok. Pekan Gerhana iki diwiwiti dina Senin, 24 Mei 2010 tekan Kamis, 27 Mei 2010. Pekan Gerhana diwiwiti kanthi mlaku-mlaku bareng kang dieloni kabeh warga SMAN I Depok, diterusake lomba-lomba olah raga, kaya ta voli, gobag sodor, lan basket. Para siswa uga diukur dhuwur lan bobote awak. Kanggo ngukur kebugaran jasmani siswa diadani mlayu 1600m. Mungkasi pekan Gerhana ing SMAN I Depok diadani pekan bersih utawi reresik sekolah. Pekan Gerhana kuwi diadani supaya para siswa anggone sinau ing sekolah boten aras-arasen, nanging katon seger lan semangat.

LAPORAN

KONFERENSI INTERNASIONAL SAHA SARASEHAN RANCAGE ING AUDITORIUM UNY

Nur Eka Ratna Dewi
Guru Bahasa Jawa SMKN 1 Seyegan

Dina Setu tanggal 29 Mei 2010, jam pelajaran basa Jawa ing Sekolah Dasar (SD), Sekolah Menengah Pertama (SMP), Sekolah Menengah Atas (SMA), lan Sekolah Menengah Kejuruan (SMK) ing sakupenging Ngayogyakarta akeh kang kothong. Sebabe, guru-guru pelajaran basa Jawa padha rawuh ing acara Konferensi Internasional Kebudayaan Daerah saha seserahan hadiah Rancage 2010. Konferensi Internasional iku diadani dening panawung kridha saka Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta, IKADBUDI (Ikatan Dosen Budaya Daerah), lan Yayasan Rancage.

Konferensi iku kalaksanan kanthi tema *"Membaca kembali, menafsirkan, dan mengkreasikan makna, serta memanfaatkan kearifan lokal dalam rangka pembangunan karakter bangsa"*, kanthi ngrawuhake pemakalah-pemakalah saka negara manca, kayata Prof. Dr. Ding Choo Ming lan Prof. Dr. Rahim Aman saka Malaysia, Ebrima Sarr saka Gambia, lan Cyril Bernard Rahman saka Solomon. Kejaba pemakalah saka manca, ana uga pemakalah lokal, kayata Prof. Dr. Gunawan Sumodiningrat saka UGM, lan Pak Ajip Rosyidi minangka ketua yayasan Rancage.

Reroncening acara diwiwiti kanthi pasugatan tari Gambyong Pareanom dening mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah UNY, kasusul seserahan hadiah Rancage minangka penghargaan

kagem pemenang sastra taun iki. Seserahan Rancage taun 2010 iku mligi kanggo pemenang sastra dhaerah Sunda, Jawa, lan Bali. Pemenang sastra Sunda lan Bali ana priyayi loro, dene sastra Jawa ana priyayi telu. Acara diterusake pambagya harja saka Rektor UNY, Dr. Rohmat Wahab,

Acara sateruse yaiku acara inti, Panel I lan Panel II. Panel I diwiwiti pemakalah saka UGM yaiku Prof. Dr. Gunawan Sumodiningrat. Panjenengane ngendikakake bab sesanti saka *Mangkunegara I* yaiku *rumangsa bisa mèlu handarbèni, wajib mèlu hangrungkêbi, mulat sarira hangrasa wani.* Sesanti iku ndadekake *Mangkunegara I* bisa ambangun trah kang bakoh. Mula saka kasile iku, sesanti kasebut diuri-uri minangka jeneng organisasi trah 'wangsa' *Mangkunegaran,* kayata ngupiya majalah *Mbangun Tuwuh.*

Kejaba iku, Prof. Gunawan uga mratelakake bab *serat Witaradya* anggitan *Raden Ngabehi Ranggawarsita.* Isi serat iku ngandhakake yen Raja iku kudu cerak lan ngerti marang kahanan kawulane, nduweni rasa *bawa leksana.* Dene pethikan isi *serat Witaradya* kaya mangkene: *dene utamaning nata, berbudi bawa leksana, lire ber budi mangkana, lila legawa ing driya, hanggung denya paring dana, hanggeganjar saben dina, lire kang bawa laksana, hanetepi pangandika.*

kiwa-tengen: Cyril Bernard Rahman (ngagem batik) lan Ebrima Sarr (ngagem klambi oranye)

Sabubare Prof. Gunawan, banjur katerusake Prof. Dr. Ding Choo Ming saka Malaysia kang ngandharake bab koleksi kenangan Indo-Melayu, kang awujud pantun-pantun basa Melayu. Salah awijining pantun Melayu yaiku *sehidup semati, sama hidup tak sama mati.* Pemakalah sateruse yaiku Ebrima Sarr saka Gambia kang saiki nggi sinau ana ing Fakultas Ilmu Budaya Universitas Gadjah Mada, Ngayogyakarta. Ebrima ngandharake bab kabudayan saka negarane yaiku Gambia, Afrika Barat. Ebrima nyritakake, yen masarakat ing negarane iku kaperang dadi pirang-pirang etnik, yaiku *Mandinka, Fula, Wolof, Jala, Serahuli, Aku, Manjago, Bambara,* lan sapanunggalane. Etnik-etnik iku dumadi amarga rikala jaman biyen (prehistoris), akeh wong saka pirang-pirang negara kang pindhah (mirasi) ing Gambia. Wong-wong iku, nglakoni urip kanthi cara lan kabudayane dhewe-dhewe nganti saiki. Ebrima anggone ngandharake makalahe, bisa gawe peserta gumun, amarga Ebrima anggone ngendika nggunakake basa Indonesia. Kamangka, anggone sinau ing UGM, lagi 6 sasi.

Pemakalah sateruse, yaiku Cyril Bernard Rachman saka pulau Solomon. Panjenengane ngendikakake bab maneka warna budaya saka pulau Solomon, kayata basa, busana adat, transportasi, bentuk-bentuk omah, lan sapanunggalane. Cyril Bernard iku lair saka kabudayan kang ora padha. Ramane saka Sumatra Barat, Indonesia, lane Ibune saka Tabiteuea, Republik Kiribati. Rikala ramane makarya ing Solomon lan ibune pindhah saka Kiribati menyang Solomon, panjenengane ketemu lan palakrama, banjur lair Cyril Bernard ing Solomon. Mula iku, Cyril bisa nguwasani basa Solomon lan Kiribati. Kejaba iku, panjenengane banjur bisa nandhingake kabudayan saka Solomon lan Kiribati karo kabudayan Indonesia. Acara diterusake kanthi pemakalah pungkasan yaiku Pak Ajip Rosidi. Panjenengane ngendikakake bab "Kearifan lokal dan Pembangunan Bangsa".

Acara Konferensi Internasional mau kalaksanan kanthi regeng, rawit peserta kang rawuh gunggunge nganti 400 wong. Mugaduga kanthi konferensi iku, kabudayan Indonesia bisa luwih wentar ing negara manca.

PENINGKATAN KREATIVITAS PENULISAN BAHASA JAWA

Ririn Sulistiyani
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Kalasan

Bisa nulis ing babagan fiksi apadene nonfiksi kang asile bisa kapacak ing majalah, buku, utawa koran harian ndadekake rasa bungah ing ati. Nanging ora saben wong bisa nulis kaya ing dhuwur.

Supaya bisa nulis lan asil karyane kapacak ing kalawarti, buku, utawa ariwarti, penganggit kudu nduweni kaprigelan, pengetahuan, lan wawasan kang jembar. Mangkono uga tumrap guru-guru Basa Jawa SMA/SMK/MAN. Mula, kanggo ningkatake kreativitas nulis guru-guru basa Jawa SMA/SMK/MAN, Balai Bahasa Yogyakarta, Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta ngadani program Peningkatan Kreativitas Penulisan Bahasa Jawa kang dieloni dening guru-guru Basa Jawa SMA/SMK/MAN sa-Kabupaten Sleman kanthi pamupu kurang luwih 25 guru.

Program Peningkatan Kreativitas Penulisan Bahasa Jawa kang diadani dening Balai Bahasa Yogyakarta iki ditindakake kaping 5 ing saben dina Minggu, saka tanggal 23, 30 Mei lan 6, 13, 20 Juni 2010. Kagiyatan kang kaping pisan diwiwiti dina Minggu taggal 23 Mei 2010 jam 12.45 WIB dening pangarsa Balai Bahasa Yogayakarta Drs. Tirto Suwondo, M.Hum, kanthi masang tandha peserta marang tutor, lan peserta. Ing acara pambuka iki uga digelar parodi maca cerkak dening anggota Bengkel Sastra Jawa, Balai Bahasa Yogyakarta.

Program Peningkatan Kreativitas Penulisan Bahasa Jawa kanggo guru-guru basa Jawa iki dibimbing dening tutor-tutor kang wis pengalaman yaiku : FX. Subroto saka Majalah Mingguan *Djaka Lodang*, Warisman saka Minggu Pagi *Kedaulatan Rakyat*, Triman Laksono minangka Penulis, lan Dra Wiwin Erni Siti Nurlina, M.Hum minangka peneliti dan Penyuluh Balai Bahasa Yogyakarta.

Materi kang diwedharake dening FX. Subroto iki kasemak dening para peserta kanthi terwaca. Materi kang diwedharake dening FX. Subroto ngrembag babagan jinising tulisan. Manut FX. Subroto, karya tulis iku ana rong warna yaiku tulisan fiksi lan tulisan nonfiksi. Tulisan fiksi arupa "Crita Cekak, Crita Sambung, Dongeng, lan Crita Rakyat." Dene tulisan non fiksi bisa diperang dadi rong warna yaiku tulisan fakta lan tulisan opini. Tulisan fakta arupa berita, laporan, lan features. Dene opini bisa arupa tajuk, wawasan, pojok, lan artikel. Artikel bisa arupa pengetahuan, kesehatan, kaluwarga lan liya-liyane. Menawa ing majalah basa Jawa Djaka Lodang tajuk iki kawujudake ing kolom srumuwus dene pojok bisa kawaca ing kolom dhatnyeng.

FX. Subroto uga mratelakake supaya para peserta bisa nduweni katrampilan nulis kanthi basa Jawa lan dikirim ing majalah–majalah basa Jawa. Kanti mangkono bisa nambahi asil pametu saliyane asil kang ditampa ing saben sasine.

Ing pungkasan ing perembag FX. Subroto menehi tugas nulis berita, laporan, lan features kanthi tema kahanan lan swasana ing acara kagiyatan Peningkatan Kreativitas Penulisan Bahasa Jawa lan dikumpulake ing minggu candhake. Kanthi tugas kasebut acara materi kapisan rampung jam 14.30 WIB. Sawise materi saka Bapak FX. Subroto rampung diterusake materi candhake yaiku saka Bapak Triman Laksana kanthi materi "NGGUGAH MACAN TURU ANA ING SAJRONING IMPEN." Ing materi iki diwedharake dening bapak Triman Laksana kepriye carane utawa trik-trik kanggo nulis kang becik. Ing materi iki nengenake bab ide. Ide bisa diperang werna 3 yaiku : topik, digulawenthah, lan ditulis utawa dijabar-

ake. Manut Bapak Triman Laksana, babagan nulis iki ana 5 (lima) perkara kang gumathok yaiku: Ide, Basa, Target, Pasar, lan Sesanti. Ide: diupadi utawa kareben teka dhewe, Nggulawentah, ditulis. Basa: basa kang baku, aja gumantung ing teori, maca buku lan maca swasana jaman. Target: nduwe tujuan utawa sasaran. Pasar: Mangerteni tulisan iku kanggo sapa. Sesanti (strong word): bisa kanggo kekuwatan semangat. Ing materi iki, manut Triman Laksana, minangka guru kudu bisa menehi conto tumrap siswane, ora mung menehi garapan kanggo siswane nanging awake dhewe ora bisa, kaya dene paribasan JARKONI, bisa ujar nanging ora bisa nglakoni. Saliyane iku uga mratelakake supaya ing saben sasi uga nyisihake asile kanggo tuku buku basa Jawa kang cacahe 1. Ing pasinaon babagan materi iki para peserta diwenehi tugas kelompok saperlu gawe tema lan judul. Kanthi nulis tugas iki kaajab para peserta bisa nulis kanthi bener. Tulisan asil para peserta iki bakal kamot ing antologi basa Jawa. Tulisan iki bisa awujud berita, laporan, features apadene opini.

Kanthi anane program Peningkatan kreatifitas Penulisan Basa Jawa iki kaajab ing sajroning limang taun para peserta bisa nulis kang becik lan kamot ing kalawarti lan ariwarti.

PERPUSTAKAAN
BADAN BAHASA
KEMENTERIAN PENDIDIKAN NASIONAL

SALAH SAWIJINING SEKOLAH ANDALAN ING SLEMAN

Pipin Wijiastuti
Guru Bahasa Jawa SMAN I Depok

Sekolah Menengah Atas (SMA) ing Sleman akeh diminati masarakat njaban Sleman kayata Bantul, Kulonprogo, Gunungkidul, lan Kota Yogyakarta; saka wewengkon Jawa Tengah kaya dene Magelang, Klaten; malah uga saka njaban Pulo Jawa. Wong tuwa sengaja milih anake sekolah ing Sleman, awit ing Sleman mono wis kawentar bab mutu lan kualitas pendidikane. Miturut Endah Humas Dinas Pendidikan mratelakaken bilih pemerintah daerah Sleman ngupaya supaya mutu pendidikan ing Sleman bisa luwih apik. Upaya kang dilakoni pemerintah Sleman kayata gawe sekolah andalan, gawe kurikulum kang asipat muatan lokal, ningkatake profesionalitas guru, lan ningkatake sarana lan prasarana sekolah-sekolah.

Riwayat Berdirinya SMAN I Depok

Tahun 1977 lulusan Sekolah Lanjutan Tingkat Pertama (SLTP) saka Kodya Yogyakarta akeh. Dene, daya tampung SMA-ne winates. Kanthi kahanan mangkono, pemeritah (Departemen Pendidikan dan Kebudayaan propinsi DIY) kepingin bangun SMA anyar ing Kodya Yogyakarta kanthi sesirah SMAN 7 Yogyakarta. Nanging fasilitas lemah ing Kodya menika angel, banjur dipindah ing jaban Kota Yogyakarta. Papan sing dianggep strategis lan ideal, yaiku ing Babarsari, Caturtunggal, Depok, Sleman.

Adhedhasar SK Menteri Pendidikan dan Kebudayaan RI No. 0478/O/1977, dianakake sekolah sing dijenengi SMAN 2 Sleman. Tahun ajaran anyar 1977, SMA 2 Sleman wiwit nampa siswa. Wiwitane 81 siswa lan kabagi rong kelas. Nalika semono SMA 2 Sleman manggon ana bekas gedung Pendidikan Guru Sekolah Lanjutan Pertama (PGSLP)/(SMA 6 Yogyakarta). Kanthi staf pengajar 7 guru tetap, 11 guru ora tetap, lan karyawan Tata usaha wong 3. Tanggal 5 Januari 1978, SMA 2 Sleman miwiti manggon ana gedung anyar ing Babarsari, Yogyakarta. Tanggal 7 Maret 1978, SMA 2 Sleman ganti jeneng dadi SMAN I Depok.

SMAN 1 Depok dadi salah sawijining SMA Unggulan ing Sleman

SMA ing Sleman, cacahe ana 51: 17 SMAN lan 34 SMA Swasta. Saka 51 SMA ing Sleman ana 6 SMA kang dadi Andalan, SMAN I Depok minangka salah sawijining SMA Andalan/ Sekolah Standar Nasional (SSN). SMAN I Depok mapan ing Babarsari, Caturtunggal, Depok, Sleman, Yogyakarta. SMAN I Depok madeg tanggal 17 Januari 1977 (SK Menteri Pendidikan dan Kebudayaan RI No. 0478/O/1977).

SMAN I Depok nduweni visi berprestasi tinggi, berkepribadian, lan kreatif. Dene misine nglakoni kurikulum KTSP kanthi efektif, ngadani pasinaon kanggo siswa sing efektip lan efisien. Ngawontenaken pembinaan iman lan taqwa, uga bina minat lan kepribadian siswa. Pramila guru lan siswa kaajab bisa mujudake visi lan misi sekolah. Upaya kanggo mujudake visi lan misi sekolah, guru, lan siswa kudu nindakake dhisiplin lan aturan ing sekolah.

Gunggung siswa-siswi tingkat X tekan XII saka rong jurusan (IPA lan IPS) kehe ana 636 siswa. Dene staf pengajar 53 guru tetap, 5 guru ora tetap lan 20 karyawan tata usaha. Sekolah SMAN I Depok kang mapan ana ing lemah kanthi jembar watawis 7973 meter pesagi, dumadi saka ruwang kelas 18 iji, 3 ruwang laboratorium IPA (Kimia, Biologi, Fisika), Ruwang Laboratorium Bahasa, Ruwang Labora-

torium Komputer, Ruwang Rintisan Laboratorium IPS, Ruwang Perpustakaan, UKS, Ruwang Konsultasi, Ruwang Guru, Ruwang Komite, Ruwang Osis, Koperasi Siswa, Ruwang agama, keamanan, lapangan voli, lapangan basket lan lapangan upacara.

SMAN I Depok minangka sekolah andalan ing Sleman, menehi kalodhangan marang lulusan SMP kadidik dadi siswa kang berprestasi saengga bisa nerusake sekolah sing luwih dhuwur (Perguruan Tinggi). Supaya siswa bisa berprestasi, pihak sekolah ngadani pelajaran tambahan kanggo kelas X, XI, lan XII. Kelas X lan XI, pelajaran tambahan diadani saben dina Selasa lan Kamis, diwiwiti jam 06.30 WIB. dene kanggo kelas XII pelajaran tambahan diadani saben dina Senin, Selasa, lan Kamis uga diwiwiti jam 06.30 WIB. Saben dina Selasa lan Kamis bubar pelajaran, ana pelajaran tambahan kang pengajare (tentor) saka jaban sekolah. Pancen jam tambahan kelas XII luwih akeh awit kaajab biji Ujian Nasionale (UN) bisa maremake. Kejaba pelajaran tambahan, menawa kepingin mantepake materi sing wis diajarake, siswa bisa njaluk Klinik Pembelajaran.

Kegiatan ekstra sing dadi andalan

Kegiatan ekstra kang wajib dieloni siswa, yaiku Karya Ilmiah Remaja (KIR) lan English Club. KIR kanggo kelas X lan English Club kanggo kelas XI. KIR lan English Club diadani saben dina Selasa lan Kamis. Staf Pengajar KIR lan English Club saka njaban sekolah. Kanthi diadani English Club kaajab para siswa bisa siap nglakoni era global lan, nalika UN, biji Basa Inggrise bisa dadi andalan SMAN I Depok.

Pembinaan minat lan kreativitas siswa diadani lumantar pelajaran ekstra kang kudu dieloni, kayata Pramuka, Pleton Inti (Tonti), Pencinta Alam (PALA), PMR, *Cheerleader* (Chameleon), Bahasa lan Budaya Jepang (Amanogawa J-Comunity), Basket, Voli, Karate, lan Pencak silat. Pembinaan iman lan taqwa, kajaba ing pelajaran Agama, uga diadani saben dina Jumat sadurunge pelajaran diwiwiti, yaiku kanthi maos ayat suci Al-Quran utawa

ceramah. Pungkasane, siswa lan guru sesarengan jamaah sholat Jumat. Kajaba kuwi, SMAN I Depok uga mujudake salah sawijining sekolah kang nguri-uri kabudayan Jawa. Nalika dina Jumat, siswa diwajibake nganggo seragam batik. Dene, yen dina Setu, siswa lan guru kudu micara nganggo basa Jawa.

Prestasi sing wis diraih

Prestasi akademik lan nonakademik sing wis diraih SMAN I Depok ing tahun 2010, kayata Juara I lomba Cipta dan Baca Puisi tingkat DIY, Juara I Pencaksilat Putri POPDA DIY, Juara III Mading se-DIY, Juara II Lomba Poster Development Scout Campagains Drugs, Juara III Lomba Cerdas Cermat (UUD 1945), lan isih akeh prestasi liyane.

Paula Sofianita salah sawijining alumnus SMAN I Depok, kelairan 22 Juni 1991 putra pasangan Yohanes FX. Purwanto lan Dra. Maria Yanik, iki lulusan saka SMAN I Depok tahun 2009. Lulus sekolah kanthi gampang mlebu ing UGM Fakultas Ekonomi Jurusan Akuntansi, awit prestasine ing olimpiade Ekonomi ing tingkat nasional, kang kasil antuk medali perunggu. Paula sakulawarga rumangsa gembira lan sukur marga prestasi sing wis diraih.

Mangkono sethithik andharan bab SMAN I Depok Sleman. Para maos mligine lulusan SMP/MTS sing kepingin dadi siswa berprestasi, ora kleru yen mlebu ing SMAN I Depok.

SMAN 2 SLEMAN: RIWAYATMU....

Febyardini Dian P.R.
Guru Bahasa Jawa SMAN 2 Sleman

Ndheweki. Iku pangrasaning miturut penulis nalika nyawang gedhung SMAN 2 SLEMAN saka kadohan. Gedhung pawiyatan sing dedunung ing desa Brayut Pandowoharjo iku mapan ing sapinggire desa, rada adoh saka pomahan warga. Kabangun ing lemah kas desa kang wiyare 8000m^2, kapit sawah ing siring kulon lan kali ing siring wetan.

Miturut M.E. Yumaeni, guru SMAN 2 SLEMAN uga warga asli desa Pandowoharjo, Sabtu (5/6), ngandharake mula bukane SMAN 2 SLEMAN. "Kira-kira taun 1980-an, sak-Kecamatan Sleman mung desa iki sing durung duwe pawiyatan. Kanyatan iki njalari Drs. Sungkowo Mujiamono, warga Desa Pandowoharjo kang makarya ing *Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Pusat Jakarta* (Departemen P dan K Pusat), saiki *Dinas Pendidikan Pemuda dan Olah Raga,* duwe pepinginan mbangun gedhung pawiyatan. Dheweke banjur ngirim layang kang katujokake marang *Departemen P dan K Pusat* kang isine kurang luwih njaluk pitulungan marang pemerintah supaya ambiyantu majune desa Pandowoharjo kanthi mbangun gedhung pawiyatan, iya saiki kang dadi SMAN 2 SLEMAN."

Suryadi, Koordinator TU SMAN 2 SLEMAN, Sabtu (5/6) mrathelakake "Gedhung SMAN 2 SLEMAN iki kabangun taun 1990-an, rampung kabangun taun 1991 dening pemerintah desa

Pandowoharjo, kapandhegani dening *Dinas Pekerjaan Umum DIY* lan karesmekake dening Bapak Sulistyo, MBA."

Suryadi nambahake, dene gedhung iki biyen nduweni 4 Ruang Kegiatan Belajar (RKB), 1 kantor Kepala Sekolah, 1 kantor Tata Usaha (TU), 1 kantor Guru, 1 *ruang* Kapustakan, lan 1 *Laboratorium* IPA.

Saiki gedhung pawiyatan iki wis beda karo biyen. Sanajan mung prasaja, *fasilitas* sing diduweni pawiyatan iki wis padha karo sing di duweni pawiyatan negri liyane. *Fasilitas* sing ana ing pawiyatan iki antarane 9 RKB, 1 kantor Kepala Sekolah, 1 kantor TU, 1 kantor Guru, 1 ruang Kapustakan, 1 *Laboratorium Kimia*, 1 *Laboratorium Biologi*, 1 *Laboratorium Bahasa*, 1 *Laboratorium Komputer*, 1 *ruang* Musik, 1 *ruang* Ketrampilan, 1 ruang *serba guna*, lan 1 mushola.

Pawiyatan SMAN 2 SLEMAN iki sapisanan kapimpin dening Supardal. Ewasemana, pawiyatan iki isih dadi siji karo SMAN 1 SLEMAN. Kepala Sekolah sing kapindho (1996), yaiku Muhadi Hendrojuwono, BA, katelu, yaiku Drs. Heri Ismanto (1997-2003), kaping papat, yaiku Dameanto (2004 - saiki). Dene guru sing ngampu piwulangan ing pawiyatan iki gunggunge ana 35, lan pegawe liyane ana 15.

Pawiyatan SMAN 2 SLEMAN iki nduweni *Struktur Organisasi* kaya mangkene:



Pranatan iki lumaku kanthi lancar. Kabeh nindakake jejibahane dhewe-dhewe kanthi iklas, lila legawa ora ana rasa kawratan, saengga proses *Kegiatan Belajar Mengajar* (KBM) lumaku kanthi lancar lan selaras.

Suryadi, makili warga pawiyatan liyane, duwe pangajap, ing tembe kawontenan SMAN 2 SLEMAN bisaa terus mupangati lan migunani saorane tumrap warga sakiwa tengene.

PROGRAM LIMA S PERLU DIBUDAYAKAKE

Y. Suharjana
Guru Bahasa Jawa SMKN 1 Tempel

Pawiyatan Sekolah Menengah Kejuruan Negeri (SMKN) 1 Tempel wiwit taun 2001 nggiyatake anane program lima S kang tekan saiki tetep dilestarekake. Kanggo mbiasakake, kabeh warga sekolah saben ketemu marang sapa wae kudu katon sumeh, grapyak lan sumanak. Saka kuwi, suasana (kahanan) ana ing pawiyatan rasane adem lan nyenengake.

Magepokan karo program kasebut Bapak Drs. Ery Widaryana, minangka Kepala Sekolah wektu iku, gawe tim simpatik sing wiwit jam 06.30—jam 07.00 kanthi giliran nyambut putra/putrine (peserta didik) ana regol ngarep kang di Pandegani Bapak Kepala Sekolah, Wakil Kepala Sekolah, Osis lan biasane ditambah Ibu-Ibu Polisi saprelu nyalami putra/putrine kanthi rasa asih lan tresna. Dene ana regol mburi sing nyambut putra/putri peserta didik, yaiku bapak/ibu guru kang kadhapuk ana tim simpatik sacara giliran, kajaba Ibu guru Bimbingan Konseling (KB) mesti wae jagani ana plataran sekolah. Kanthi rasa tresna dheweke bakal ndangu lan nuturi peserta didik sing ora tertib.

Pranyata program mau dadekake warga sekolah saya rukun lan nuwuhake rasa tentrem mahanani anggone mulang bapak/ibu guru luwih kepenak lan ora mbosenake. Luwih-luwih, saben dina Sabtu, kabeh warga sekolah migunakake basa Jawa kanggo mangajab putra/putri peserta didik tansaya kulina migunakake

basa Jawa. Ora mung yen ing pasinaon, nanging uga ing omah lan lingkungane, muga-muga program lima S, yaiku (Senyum, Sapa, Salam, Sopan, lan Santun) uga dibudayakake kanthi becik. Tundhone bisaa siswa/siswi nduweni kapribaden kang luhur.

FEATURE

JEMBATAN KALI CODE PAPAN KUMPULE PARA MUDHA

Nur Eka Ratna Dewi
Guru Bahasa Jawa SMKN 1 Seyegan

Ngayogyakarta minangka salah sawijining kutha kang wus kawentar, kalebu kutha pariwisata. Kejaba iku, Ngayogyakarta uga bisa sinebut kutha pendhidhikan, amarga akeh sekolah kang dadi favorit. Ngayogyakarta uga kawentar ing bab kesenian lan kabudayane. Tuladhane, isih akeh beksan kang bisa katonton ing pendhapa kraton utawa ing pentas-pentas, kayata Sendratari Ramayana. Kuliner Ngayogyakarta uga kawentar awit gudhege. Kejaba iku, sakeh papan kang ndadekake Ngayogyakarta dadi kutha pariwisata.

Kejaba Malioboro, ana sadhengah papan kang kerep kanggo kumpule para mudha. Salah sawijining papan iku, yaiku jembatan Gondolayu utawa istilah tren saiki sinebut jembatan kali Code. Jembatan kasebut mapan ing dalan Jendral Sudirman, cerak tugu Ngayogyakarta. Jembatan iku minangka panyambung Ngayogyakarta kang kapisah dening kali Code. Kali Code iku misahake Kasultanan Ngayogyakarta kang mapan ana ing sisih kulon kali, lan Kraton Pakualaman kang mapan ing sisih wetan kali. Rikala taun 1970-an nganti wiwitan taun 1980-an, kali Code kerep dadi memala tumrap warga ing sakupenging kali. Kejaba banjir, kali Code uga nggawa uwuh kang nuwuhake ambu apek. "Kahanan kali kang wus cemar iku dadi sarange bakteri coli lan ndadekake sawerna-wernaning penyakit," mangkono kaya kang dikan-

dhakake Azizah, mahasiswa jurusan Pendidikan Kimia kang wus nate panaliten ing kana.

Rikala tahun 1973-an, kahanan jembatan Gondolayu katon endah, akeh wit-witan kang tinandur ing sadawane dalan. Hawane seger amerga kendharaan isih arang. Ananging, kahanan Gondolayu saiki tansaya semrawut, wit-witan akeh kang wus ditegor, cacah kendharaan uga luwih akeh lan kerep ndadekake maceting dalan. Kejaba iku, ing kiwa-tengene dalan madeg bangunan-bangunan anyar kang gedhe dhuwur kayata gedhung asuransi, bank, hotel, lan sapanunggalane. Kabeh mau ndadekake kahanan ora seger maneh.

Gambar kahanan jembatan Gondolayu taun 1937

Jembatan Gondolayu utawa jembatan kali Code iku, menawa awan katon sepi, katon ora ana bedane karo jembatan-jembatan liyane. Ananging, menawa bengi, papan iku katon endah amarga akeh lampu kerlap-kerlip kang dipasang ing sadawane jembatan, sing bisa gawe daya tarik tumrap para mudha. Jembatan iku dadi papan kanggo kumpule bocah-bocah enom saka pirang-pirang panggonan. Bocah-bocah enom iku padha gegojegan, ana kang padha njupuk gambar, poto-poto, lan sapanunggalane. Kejaba iku,

papan iku uga bisa dianggo minangka ijol-ijolan kawruh lan kanggo pasinaon. Biasane ana klenengan saka pengamen profesional, yaiku mahasiswa jurusan seni nganti musik ecek-krecek. Papan iku bisa dadi srana kanggo ngilangake cuntheling pikir merga gawean utawa ayahan padinan.

Saka jembatan iku, bisa katonton ilining kali lan omah-omah kang ana ing sangisore. Omah-omah ing sangisor kali iku dienggoni wong-wong kang wis pirang-pirang taun lawase. Omah-omah iku mlebu ing dhusun kang beda-beda. Ana kang jeneng ledhok Ratmakan, ana dhusun ing wewengkon Beji, ana dhusun ing wewengkon Gondolayu, dhusun Tungkak, lan sapanunggalane.

Rikala jaman semana, omah-omah ing sangisor jembatan iku dienggoni dening wong-wong kang ora asli kana. Wong-wong iku pancen urip ing wewengkon dhusun Gondolayu, nanging dudu pendhudhuk dhusun iku. Wong-wong kuwi kerep sinebut penggir kali utawa dicekak "girli".

Bocah-bocah enom kang padha kumpul ing jembatan

Saiki, omah-omah ing sangisor jembatan kali Code katon endah amarga dibiyantu Pak Y.B. Mangunwijaya utawa Rama Mangun. Rama Mangun, minangka budayawan lan arsitek, kanthi lila legawa mbangun omah-omah ing pinggir kali iku saengga dadi bangunan kang sedherhana, nanging cekli.

Asil seni Rama Mangun anggone mbangun omah-omah saka kayu lan pring iku pranyata gawe gumune wong njaban Ngayogyakarta. Amarga saking endahe, jembatan Kali Code kerep dianggo *shooting* produksi film. Papan kang dianggo *shooting* ora mung jembatane, nanging sumrambah sangisore, yaiku kali lan omah-omahe kang kanthi model kang cekli ing sakiwa tengene. Produksi film ing jembatan Kali Code iku ndadekake mongkoging ati masarakat Yogya lan bisa gawe moncering kutha Yogya ing donya perfileman.

PPDB : GAWE BINGUNGE WONG TUWA

Tutik Handayani
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Seyegan

Mbarengi arep rampunge Tahun Ajaran 2009/2010, sekolah-sekolah wis padha rame perang spanduk ing dalan-dalan lan papan strategis kang gampang kawaca dening wong akeh. Perang spanduk iku tujuane kanggo narik mlebune siswa anyar. Ora mawas kuwi sekolah negeri apa sekolah swasta. Sekolah unggulan apa dene sekolah sing dudu unggulan. Saben-saben sekolah nampilake program sing dadi unggulane, klebu fasilitas-fasilitas kang ana ing sekolahe.

Saliyane promosi nganggo spanduk, sekolah kang sugih utawa duwe dana kang luwih uga ana kang nggunakake media elektronik utamane tivi kanggo ngiklanake sekolahane. Cara sing paling akeh digunakake dening sekolah-sekolah kang danane paspasan biyasane kanthi nyebar brosur ing sekolah-sekolah kang tingkatane luwih cendhek, kayata menawa SMAN nyebar brosur ing SMP, dene SMP nyebar brosur ing SD. Ana meneh cara sing kerep digunakake sekolah-sekolah, yaiku kanthi tembayatan karo lembaga bimbingan belajar, nganakake *try out* sadurunge ujian kanggo murid sekolah-sekolah, kang tingkate luwih cendhek. Pranyata cara iki dirasa luwih bisa narik minate calon siswa baru kanggo mlebu ing sekolah kasebut, amarga calon siswa baru mau, kanthi melu *try out* ing sekolah penyelenggara, bisa langsung meruhi kahanane sekolah, kayata lingkungan, bangunan fisik, lan fasilitas-fasilitas kang sumadiya. Dene, menawa wis wayahe

pendaftaran, biasane sekolah-sekolah pinggiran kang kurang murid apa dene sekolah-sekolah swasta padha mlayu *jemput bola* ing sekolah-sekolah favorit. Karepe arep nyadhangi calon siswa baru kang ora katampa ing sekolah favorit mau supaya gelem mlebu ing sekolah-sekolah pinggiran kang kurang murid, apa dene sekolah-sekolah swasta.

Saliyane sekolah-sekolah kang bingung golek murid, apa meneh sekolah sing ora favorit, wong tuwa uga digawe bingung saben arep rampunge tahun ajaran lan arep mlebune tahun ajaran anyar. Wong tuwa digawe bingung saka anane beya sing durung dibayar. Sabanjure, uga kudu nggolekake anake sekolah kang luwih dhuwur tingkate, lumantar Penerimaan Peserta Didik Baru (PPDB), kang biyen kerep disebut Penerimaan Siswa Baru (PSB). PPDB uga gawe bingunge wong tuwa. Sing mbingungake anane beya sing kudu dibayarake lan, umume, yen mlebu sekolah anyar iku beyane kapetung ora sethithik. Embuh kuwi ragad kanggo tuku sragam, uang gedhung, SPP apa dene sumbangan-sumbangan liyane. Durung sarana-sarana kang kudu dicukupi sawise mlebu, kaya dene buku utawa alat-alat praktik utawa praktikum kang dibutuhake. Tumrape wong sugih utawa cukup perkara beya ora dadi pepalang, nanging tumrape wong sing kurang mampu, anggone arep nglebokake sekolah anake kudu ngulir pikir ping wola-wali amarga rumangsa ora bakal bisa nutup beya kang kudu dibayarake.

Rasa kuwatir iku tuwuh ngelingi ing jaman saiki ragad sekolah ora ana sing murah. Ing tingkat SD lan SMP kang entuk dana Bantuan Operasional Sekolah (BOS) wae isih kudu mbayar wernawerna, kayata uang gedhung lan sragam kang cacahe ora sethithik. Ragad kanggo mlebu SMA mesti wae luwih akeh. Krungukrungu ragad kanggo mlebu SMA mau paling ora nggayuh telung yuta rupiah. Kuwi wae kanggo sekolah-sekolah negeri ing pinggiran, dene yen sekolah negeri ing kutha apa maneh sing favorit bisa nggayuh angka sepuluh yuta. Tumrap sekolah swasta tambah larang maneh ragade. Saya cendhek biji NEM utawa UAN-e saya

larang ragad kang kudu dibayarake. Cekake, sing pinter, mbayare sekolah iya luwih murah. Mula saiki akeh wong tuwa sing ora kuwat ngragadi anake sekolah amarga pancen *kemampuan ekonomine* ora bisa nyukupi kanggo ngragadi sekolah. Ana sing sok muni menawa sakolah saiki iki ora kanggo wong/rakyat kabeh, nanging mung kanggo anak-anake wong sugih utawa cukup. Anake wong kang ora duwe ora bisa sekolah amarga ora bisa ngragadi. Anake wong ora duwe, sanajan pinter yen ora bisa ngragadi, ya ora bisa sekolah nganti dhuwur. Dene, anake wong sugih, sanajan ora pinter, tetep bisa sekolah awit bisa mbayar.

Wong tuwa, saliyane mikir bisa orane nutup beya kang kudu dibayarake, uga mikir sekolah endi kang kudu dipilih, cundhuk karo biji UAN/NEM anake. Wong tuwa kang bijine anake mung pas-pasan, wiwit durung dhaftaran wis mubeng minger golek sekolahan sing disenengi bocah lan mengkone gelem nampa bocah mau. Kaya kang dialami Hana, kang kudu nggolekake sekolah SMA kanggo adhine kang mung duwe biji 24. Hana mubeng golek sekolah negeri ing daerah pinggiran sing kira-kira bisa nampa adhine mau. Hana wiwit takon-takon kapan wiwite pendaftaran lan biji terendah ing tahun wingi. "Pokoke aku mubeng sik golek sekolah negeri. Yen ora oleh, sesuk lagi milih sing swasta. Ngelingi ragad sekolah ing swasta kang luwih larang tinimbang sekolah negeri, Mbak, wingi aku wis nyoba ndhaftar. Ragad sing kudu tak bayarake kurang luwih nggayuh Rp 15 yuta je. Dadi, aku golek sing negeri dhisik supaya bayarane luwih murah," kandhane Hana marang penulis. Saliyane Hana ana maneh Bu Tatik sing bingung golek sekolahan. Putrane Bu Tatik, Enggar, uga arep mlebu SMA. Bijine 29,25. Bu Tatik wis miling-miling sekolahan endi sing arep dipilih kanggo anake. Kersane Bu Tatik, putrane mau bisa sekolah ing sekolahan kang caket karo papane nyambut gawe. Sokur, saka daleme ya ora pati adoh. "Aku pengin anakku sekolah ing kono supaya aku bisa ngawasi saparipolahe anakku. Aku ora kepingin anakku salah gaul amarga saka kurange anggonku ngawasi," ngendikane Bu Tatik.

Biji sing dhuwur uga gawe bingunge wong tuwa,iku dialami dening Pak Sugeng. Putrane Pak Sugeng, Alvin, bijine paling dhuwur sasekolahane, yaiku 38. Nanging, Pak Sugeng bingung arep nyekolahake Alvin menyang ngendi. Kersane Pak Sugeng, Alvin arep disekolahake ana SMA 2 Yogyakarta, nanging Alvin ora gelem, Alvin milih sekolah ana SMA 1 Yogya. Beda meneh karo Pak Harja sing kudu nglebokake putrane ing SMA. NEM-e Azul, putrane Pak Harja, 32,85. Azul ditakoni kepengin mlebu SMA apa SMK. Azul karepe mlebu SMK nanging bapake kepingin Azul mlebu SMA. "Aku ki mung wedi mengko ndhak Azul kaya Mase, Mbak. Tahun wingi Agung, Mase Azul, bingung arep mlebu SMA apa SMK. Gandheng kancane SMP kabeh mlayu sekolah ana SMK, Agung uga mlebu SMK. Nanging, lagi sesasi ana SMK, Agung wis njaluk pindhah menyang SMA. Jarene Agung ora seneng karo pelajarane, terus kepengin pindhah wae menyang SMA. Aku pingine Azul mantep ana SMA apa SMK, Mbak." Ngono pratelane Pak Harjo. Dene pak Parno digawe bingung dening anak-anake, Eni lan Nita. Eni sing lulus saka SMK ora bisa nerusake sekolah amarga pak Parno mung wong tani kang pas-pasan. Arep kerja, Eni ya durung bisa nglamar kerja amarga durung bisa njupuk ijasahe awit anggone mbayar SPP isih kurang patang sasi. Cethane, sekolahan ora gelem ngetokke ijazahe Eni sadurunge SPP-ne dilunasi. Dene, Nita arep mlebu SMP. Nita iku bocahe rada kendho yen dibandhingake karo Eni lan adhine, Eli. "Aku ngajab muga-muga Nita iki mbesuk asile UASBN apik, Mbak. Apa maneh ngelingi *kamampuane* Nita sing pas-pasan ing padinane. Muga-muga Nita bisa katampa ing sekolah negeri, dadi anggone mbayar ora patia akeh, senajan olehku mbayari sesuk ya paling tak cicil. Arep njagakake pametune sawah ya suwe tur ora cukup kanggo ragad sekolah je, Mbak." Ngono ngandikane Pak Parno.

Yen wayah pendaftaran uwis teka, wong-wong tuwa prasasat padha mborong formulir pendaftaran saka pirang-pirang sekolah. Tekan wektune dina penutupan pendaftaran, wong saomah disebar ana sekolah-sekolah kang dikarepake, saperlu

nginjen biji utawa peluang bisa mlebu orane ing sekolah iku. Saiki mono wis ana alat telekomunikasi kayadene HP, dadi sanajan wong saomah nyebar ing pirang-pirang sekolahan iya tetep bisa komunikasi. Dadi ora perlu ndhungsang-ndhungsang anggone nuju sekolah sing bisa nampa anake, tur iya bisa milih sekolah sing paling apik kualitase. Kanggo ngadhepi PPDB iku, wong tuwa kudu teliti, awas, cukat, lan trangginas ngelingi waktu penutupan ing saben sekolah kepara bareng, saorane meh bareng. Dadi kanthi wektu sing cupet diajab oleh sekolahan kang paling apik kanggo putrane. Saliyane iku, wong tuwa uga kudu nyepakake ragad kanggo ngragadi anake sekolah.

Pranyata PPDB kuwi pancen bisa mbingungake wong tuwa. Bisa amarga saka cumpene ragad, bisa uga saka tingkat kapinteran lan bijine bocah. Muga-muga pamerintah bisa menehi dalan padhang utawa solusi supaya pendhidhikan bisa luwih dhuwur mutune lan kanthi ragad sing samurah–murahe. Muga-muga sing bisa sekolah nganti dhuwur ora mung anake wong sugih utawa cukup, nanging kabeh rakyat Indonesia bisa mambu bangkuning sekolah.

BASA JAWA: APA WIS DADI BASA MANCA

Asti Ratri
Guru Bahasa Jawa SMKN 2 Godean

Ing jaman saiki akeh bocah kang dilatih basa Inggris utawa basa Indonesia wiwit cilik. Akeh wong tuwa kang duweni panemu yen kawit cilik dilatih basa Inggris utawa basa Indonesia, mbesuke gedhe ora kangelan anggone sesrawungan. Kepara basa Jawa dianggep entheng lan ora diwulangake.

Kaya kedadeyan ing salah sawijining swalayan durung suwe iki. Ana ibu kang ngajak putrane kang umure udakara patang taunan blanja, banjur nakoni si bocah *"Do you like orange or strawberry?"* pitakone karo nuduhake jus buah ing ngarepe. Si bocah karo rada mikir, banjur sumaur *"I like orange."* Meruhi kedadeyan mau, penulis banjur takon marang si ibu, *"Excusme, where are you come from?"*

Ibu mau sumaur nganggo basa Indonesia, campur basa Jawa "Wah, aku asli Jawa kok Mbak, kelahiran Semarang. Anakku memang aku latih menggunakan basa Inggris dan Indonesia, supaya yen wis mlebu sekolah dasar (SD) sesuk, ora kaget yen krungu omongan manganggo basa Inggris lan basa Indonesia." Mengkono pambabare. Kamangka, yen ditilik saka rupane kalebu suku Jawa. Mbokmenawa, si bocah ing padinane, bisane mung migunakake basa Indonesia lan basa Inggris wae.

Pancen, panemu si ibu mau ana benere, nanging ora pener. Rasa sumelang, yen anake mbesuk ora mudheng basa ing sesrawungan kang migunakake basa Inggris, mligine basa Indonesia,

ana benere. Nanging, ora penere basa ibu (biyung) malah ora diupakara marang anake kawit cilik. Kamangka basa Jawa mono minangka basa kabudayan kang adiluhung, kanggo ngudi luhuring pakarti. Amarga, ing basa Jawa ana undha usuking basa, yaiku ngoko, krama, lan krama inggil. Dadi, anggone cecaturan utawa komunikasi antaraning wong enom, lan tuwa kudu nggatekake undhak-usuking basa.

Bapak Budi Santosa, minangka salah sawijining budayawan dhaerah ing tlatah Temanggung, ngandharake, "Wong tuwa saka bangsa Jawa sing ora gelem ngajari basa Jawa iku kleru banget. Dhasare 1) basa Jawa iku minangka basa ibu, 2) sinau saka kalangan kang cedhak dhisik, sadurunge kenal sing adoh, 3) basa Jawa iku basa unggah-ungguh, 4) basa Jawa mujudake perangan budaya Jawa sing adiluhung, kudu dibundheli, 5) istimewane basa liya durung ana sing madhani basa Jawa, kayata kaendahaning basa, etika, lan sarana kerukunan jroning bebrayan."

Ngendikane maneh, "Basa Jawa raket karo seni Jawa, kamangka seni Jawa yen basane diganti basa liya, kayata basa Indonesia utawa basa Inggris, ora luwes. Malah, kaku tur ora trep karo rasa. Dene wong Amerika, Jepang, Kanada sing gandrung marang seni Jawa wae kudu migunakake basa Jawa. Dadi wis rega mati. Basa Jawa identik karo seni Jawa, filsafat Jawa, karakteristik, lagak lageyane wong Jawa nganti ambegane wong Jawa ing saben dinane laras karo padatan."

Basa Jawa nggladhi bocah ngurmati kang luwih sepuh kanthi nyocogake cak-cakane basa marang sapa kang ditemoni ing pasrawungan. Bocah jaman saiki, akeh-akehe yen manganggo basa Jawa, sok campur aduk ora genah. Upama kaya kang diucapke dening muridku marang kanca guru, nalika mulih sekolah, "Kula ajeng kondur mawon kok Bu, boten badhe ndherek ekstra Pramuka. Amargi ibu saweg sakit." Banjur ngendikane kanca guruku, "Kowe ki matur kok campur aduk ora bener ngono ki piye?"

"Lha boten dhong je Bu, kula teng ndalem biasa ngangge basa ngoko campur basa Indonesia ngoten Bu." sumaure si murid.

Oalah, wong tuwane jebul malah ora ngajari basa Jawa kanthi undha usuk kang bener. Malah, manganggo basa Indonesia sisan.

Dene ana ing rubrik salah sawijining koran ing Yogyakarta kamot tulisan ngenani kadadeyan kang nganeh-anehi, ing antarane kadadeyan kang dialami mbah-mbah ing sepur jurusan Jakarta. Ana turis manca, nakoni simbah kang lungguh ing sandhinge, "Kok piyambakan kemawon mbah?" karo menehi esem manis marang simbah mau. Simbah mau kaget, banjur semaur "Njenengan kok saged ngendika basa Jawi?"

Kedadeyan mau, mujudake anane wolak-waliking basa kang dipigunakake dening wong Jawa, lan wong manca kang kepara malah luwih wigati marang basa Jawa. Akeh wong manca kang pancen seneng tenan sinau basa Jawa, nganti urip ana ing tlatah pulo Jawa awit saka tresnane marang budaya lan basa Jawa. Dene wong Jawa kang kudune nguri-uri basa Jawa supaya tansah ngrembaka lan lestari, malah tinggal glanggang colong playu. Putra-putrane ora diwulang kanthi becik manganggo basa Jawa kanthi cak-cakan kang bener. Kaya kadadeyan kang wis kasebut ing ndhuwur, wong tuwa jaman saiki duwe panemu, yen bocah ora diwulang basa Ingris utawa basa Indonesia wiwit cilik, yen wis gedhe ora mudheng marang apa kang diomongke ing pasrawungan manganggo basa Inggris lan basa Indonesia kuwi mau. Kamangka basa Inggris lan Indonesia, ana ing sekolah formal uga diwulangake. Basa mono tansah digunakake saben dina. Mula yen basa Jawa uga digunakake saben dina, bokmenawa ora ana bocah kang salah kaprah ngucap basa Jawa kanthi cak-cakan bener miturut undha-usuking basa Jawa.

Ana unen-unen "Wong Jawa ilang Jawane." Anane unen-unen iku amarga ora gelem nggatekake budaya Jawa, kalebu ora gelem ngomong basa Jawa. Kanggone wong Jawa sing ngugemi ajining dhiri, wong Jawa ora kena nyelaki anane basa Jawa. Mula, basa Jawa wajib disinau lan ditresnani. Ora ateges nulak budaya manca, nanging budayane dhewe aja nganti ilang. Bocah cilik kang diwulang basa Jawa, sing jare angel, nyatane basa Jawane apik,

basa Indonesiane lancar, basa Inggrise uga bisa. Dene, sing ora dikenalake basa Jawa, cetha bakal ngrasa aneh; karo paugeran adat Jawa uga ora mudheng. Dheweke mung mbanggakake anggone dadi bocah modern nganti ninggalake subasita Jawa. Marang filsafat Jawa sing dadi paugeraning urip, dheweke tansaya ora ngerti.

Bokmanawa uga, perlu ana les utawa gladhen mligine nyinau basa Jawa tumrap bocah jaman saiki. Ancase, supaya bisa nguri-uri basane dhewe kanthi bener tur pener. Yen perlu pamarentah nganakake program kang ngupayakake basa ibu/basa Jawa digunakake ora mung sedina hari kerja. Kaya kang wis tau ana, upama dina Setu. Iku wae pranyata akeh kang ora ngugemi. Mula, perlu anane *follow up* utawa tumindak sabanjure tumrap program mau. Sasuwene iki, kaya-kaya pancen mung dadi pambyawara tanpa ana pamriksa maneh ngenani basa Jawa kang digunakake lan diupakara ing dinadina tartemtu.

SAWIJINING PANJANGKA ING YOGYAKARTA IRING WETAN

Pipin Wijiastuti
Guru Bahasa Jawa SMAN I Depok

Jeneng apa ta tegese jeneng kuwi. Jeneng kuwi ora mung runtuting abjad, nanging duweni teges kang dadi pangajab. Sanajan Shaekespare kanda,"*Apalah arti sebuah nama.*" Jeneng kuwi ora mung panyapa (panggilan) kanggo bedakake siji lan sijine. Wong tuwa ing jaman biyen nalika paring jeneng marang anake mesthi dipenggalih dhisik. Wong tuwa duwe ancas tumrap jeneng sing diwenehake supaya ing tembe anake bisa urip mulya.

Semono uga kaliyan leluhure wong Jawa ing jaman biyen, nalika paring jeneng dusun/desa, digayutake kaliyan kahanan ing wewengkon kasebat. Yogya iring wetan, ana 3 kecamatan yaiku, Prambanan, Kalasan, lan Berbah.

Ing Prambanan wewengkon Yogya paling wetan, jaman biyen klebu daerah kang caket kaliyan pusat pamarintahan/kadipaten. Jeneng wewengkon ing Prambanan akeh-akehe dipungkasai nganggo tembung harjo utawi rejo. Contone, Bokoharjo, Gayam harjo, Madurejo lsp. Tembung harjo/rejo duweni tegese mulya, rejo. Saking andharan kasebat bisa dijupuk dudutan bilih wewengkon Prambanan menika, desa/dusunipun racakipun sampun sami mulya.

Ing Kalasan, jeneng dusun/desane, racake dipungkasai nganggo tembung martani. Tembung martani, saka tembung lingga tani. Contone, Purwamartani, Selomartani, Werdhomartani. Kalasan ing jaman biyen kathah lemah kang tasih longgar lan entuk ilen

banyu saka gunung Merapi. Kahanan mangkono ndadekake pakaryane masarakate dadi tani.

Berbah punika daerah kang diapit kalih kecamatan, Kalasan lan Prambanan. Daerah Berbah uga nduweni papan panggenan kang luwih cendhek dibandhing Prambanan lan Kalasan. Kahanan mangkono dadekake Berbah kilenan banyu saka Prambanan lan Kalasan. Banyu saka Prambanan lan Kalasan dadi cadhangan ing Berbah. Umume ing daerah Berbah menawi gawe sumur ora pati jero. Jerone ora nganti 10 meter. Sumur ing Berbah racake mung 5-6 meter. Kahanan mangkono ndadekake jeneng dusun ing Berbah nduweni tembung pungkasan tirto, tembung tirto punika tegese banyu. Kayata : Sendangtirto, Kalitirto, lan Sumbertirto.

Saka andharan ing ndhuwur bisa dijupuk dudutan bilih wong tuwa ing jaman biyen, seupama paring jeneng, ora mung waton. Jeneng apa wae adhedhasar ilmu titen lan kahanan utawa kedadosaning alam. Pramila, jeneng paringane wong tuwa kuwi ngemu ancas lan pangajab supaya ing tembe bisa urip mulya.

UPACARA TRADHISI MAJEMUKAN KANG MIGUNANI TUMRAP PARA MUDHA

Rokhmadi
Guru Bahasa Jawa SMKN 1 Godean

Upacara tradhisi majemukan wis dadi ritual kang turuntemurun. Warisan *nenek moyang* masyarakat dhusun Gunturan, Desa Triharjo, Kecamatan Pandak, Kabupaten Bantul, saben taun kudu dianakake. Anggone nganakake, wektune kudu bubar panen pari, dinane Jemuwah Wage utawa malem Setu Kliwon. Minangka puncake adicara dianakake wayangan kanggo nglipur warga sakiwa tengene dhusun Gunturan. Dene rerangkene upacara majemukan, sing sepisan, bresih makam Kyai/Nyai Guntur, pinuwunan, kenduri, terus cucalan utawa wayangan minangka puncaking adicara ngiras-ngirus kanggo nglipur warga sakiwa tengen dhusun Gunturan. Tradhisi majemukan iku dianakake minangka rasa syukur warga dhusun Gunturan, mligine kaum tani, marang Gusti Kang Akarya Jagad. Tradisi majemukan kasebut dilestarekake tekan saiki. Adicara mirunggan mau cethane kanggo nglestarekake tradhisi tumrap warga dhusun Gunturan, mligine para mudha kang dadi peneruse tiyang sepuh.

Maksud lan tujuan upacara kasebut uga kanggo nenuwun marang Gusti, amrih slamet. Slamet seka apa wae, klebu bebaya kang bisa ngrusak tetanduran ing sawah, supaya para kadang tani bisa ngrasakake asiling panen kanthi mongkog. Minangka, kabagyan kang paling diantu-antu. Upama, ana ama, tanduran bisa kalis sambekala. Yen ana ama ora mangan pari kang ditandur dening

Gambar 1. Kenduri *Majemukan* (Dok. Rohmadi)

warga dhusun Gunturan. Ngono kang disesuwun warga awan lan bengi kanthi nindakake upacara Majemukan saben taune. Ora liya, amarga pari kang ditandur para warga iku dijagakake kanggo urip saben dinane kejaba asiling bebakulan utawa buruh liyane. Mula saka iku, warga grengseng banget anggone ngayahi ritual, senajan kudu cucul dhuwit, ananging tetep lega lan lila.

Ana ing wektu saiki, para mudha ing dhusun Gunturan seneng ngregengake upacara Majemukan. Para mudha mau kapatah dadi paraga kang mikul gunungan lanang lan wadon mubeng dhusun Gunturan kanthi kairing tetabuhan minangka tandha syukur karana para warga panen pari kanthi *sukses*. Kajaba saka iku, para mudha uga rumangsa melu nduweni lan kudu nguri-uri lestarine upacara tradhisi Majemukan. Luwih saka iku, anane upacara tradhisi majemukan uga bakal saya ngrembaka awit panyengkuyungipun sadaya warga masyarakat dhusun Gunturan.

Tembung majemukan iku ateges nganakake panganan sing biasane ora digawe utawa gawe panganan kanthi pepak-pepak kangge ngucap syukur kaliyan Gusti Allah ingkang Maha Kuwaos.

Dadi, sing dikarepake Majemukan dening warga masyarakat Dhusun Gunturan, yaiku syukuran wujud kenduri ing dina Jemuwah Wage malem Setu Kliwon kang isine maneka warna panganan, kayata sega putih salawuhe jangkep, woh-wohan, jajan pasar, lan sapanunggale. Ing adicara syukuran utawa kenduri iku para mudha uga melu. Kenduri mau dianakake rikala warga dhusun Gunturan wis paripurna anggone panen pari. Liyane kenduri sing digawe dening warga, uga ana sajen wujud ingkung, sekul suci, gedhang, lawuh-lawuh, buah-buahan, menyan, kembang. Sekul suci pralambang manah ingkang suci lan resik, ingkung minangka pralambang sujude kawula marang Gusti Allah SWT, uga marang tuntunane kanjeng Nabi Muhammad SWT. Kejaba iku, ingkung uga minangka *penghargaan keagungan.* Dadi, kaya dene gedhang raja kang biasane kanggo slametan ing kraton. Nek jajan pasar, wujude rak warna-warni, minangka simbul usaha saking warga sing beda-beda. Sega tumpeng pralambang bekti marang Gusti Allah SWT lan Nabi Muhammad SAW.

Sesajen mau banjur dikendurekake bareng. Adicara kenduren mau biasane dianakake ana ing daleme pamong Desa, kayata dhukuh, carik, lurah utawa RT. Sawise para warga mlumpuk, simbah kaum banjur miwiti upacara kanthi maos donga kang ditujokake marang Gusti Kang Akarya Jagad supaya ing taun-taun sabanjure tanduran pari tetep aman lan warga masyarakat ing dhusun Gunturan bisa makmur, ayem tentrem kalis sambekala. Saka upacara kenduri iku mau, kawula mudha uga bisa njupuk piwulang kang becik, yaiku urip ing bebrayan kuwi kudu guyup-rukun, gotong-royong, tulung-tinulung. Aja nganti congkrah kang marakake kahanan ora tentrem.

Ing daleme pamong, sarampunge adicara kenduri, bengine, yaiku malem Setu Kliwon acara diterusake cucalan utawa wayangan. Dhalange kudu turun dhalang, ora oleh waton dhalang. Tau ana kedadean, marga sing ndhalang dudu turun dhalang, dhalange lara anyang-anyangen, omah pamong sing kemalingan, anane udan barat lan liya-liyane. Wiwit kedadean iku, wayangan ing majemukan ora nganggo dhalang sing dudu turun dhalang. Dhalang

Gambar 2. Pementasan Wayang (Dok. Rohmadi)

turun sing wis tau ana ing kene wiwit saka Mbah Cerma, Bapake Timbul, Bapakne Krusuk, kalebu kaya Timbul, Gito, Parman, Bapakne Parman, medhune tekan saiki kaya dene Wondo, Sena, lan Kaca. Lakone wayang uga wis ditemtokake, yaiku Sri Mulih. Lakon Sri Mulih iki, intine nyukuri bisa perang ngalahake Betharakala saengga panenane mberkahi tumrap warga masyarakat Dusun Gunturan.

Anane pagelaran wayang uga ndadekake para mudha dhusun Gunturan bisa nambah pengalaman bab bebakulan. Sinambi ndelok wayang, para mudha padha dodolan maneka warna panganan, kayata *mie ayam, bakso,* sega goreng, *mie rebus, goreng,* kopi, susu lan liya-liyane. Ana uga kang dodolan dolanan *anak-anak,* kayata boneka, montor-montoran, pistol-pistolan. Kabeh mau ndadekake para mudha dhusun Gunturan urip luwih kreatif, mandhiri lan tumindak positif.

Bisa dijupuk minangka dudutan, kanthi upacara Majemukan para mudha taruna ing dhusun Gunturan, Desa Triharjo, Kecamatan Pandak, Kabupaten Bantul bisa nuladha tumindak-tumin-



Gambar 3. Sesaji *Majemukan* (Dok. Rohmadi)

dak sing becik utawa *makna simbolik* sing ana ing upacara Majemukan. Kajaba kuwi banjur bisa ngadohake tumindak-tumindak ala.

JALUR SOLO-JOGJA

Widyowati
Guru Basa Jawa SMKN 1 Kalasan

Ing jaman kang saya maju kaya saiki, *alat transportasi* tansaya akeh lan maneka warna. Mulane *hubungan antar daerah* gampang lan lancar. Tuladhane wae *transportasi* Solo-Jogja, kang bisa awujud travel, bis, lan sepur Pramex. Nanging, kabeh mau ana *dampake.* Sepur Pramex dianggep *transportasi* kang cepet, *bebas hambatan,* mung mbutuhake wektu kurang luwih sakjam kanggo nempuh jarak Solo-Jogja. Pramex wae ora mung siji, saben jam diangkatake. Mula, amrih lancare sepur Pramex, dibangun *rel ganda.* Amarga duwe dalan dhewe, kabeh kalah. Saben sakjam sepur Pramex diangkatake saka Solo lan Jogja. Ateges, sepur loro mau bakalan simpangan ing tengah dalan. Mulane, *rel ganda* kuwi mumpangati banget.

Sepur Pramex sing saben jam diangkatake mau padha dipaido ing *surat pembaca* utawa *sms pembaca* ing Koran *Solopos* wingi-wingi kuwi. Jarene bayare saiki dadi 9 ewu kok malah kerep macet, telat, lan rusak. Pancen manawa wis ana, sarana mau kudu dikantheni kanthi cara ngopeni kang becik. Nyatane aku dhewe ngalami. Rikala dina Rebo tanggal 3 Juni 2010 kepungkur sepur Pramex IX sing daktumpaki saka Lempuyangan mogok ana ing ndhuwur kali sacedhake stasiun Maguwo.

Watara sakjam sepur macet tanpa ana katrangan apa-apa saka petugas minangka kanggo gawe tentreming penumpang. Sapa sing ora wedi, mogok-mogok kok ing sakdhuwuring kali kang iline

banter. Penumpang wis ora sranti. Meruhi kahanan kaya ngana, banjur padha mudhun. Mudhun wae mbutuhake rekadaya kang ora gampang, apamaneh kanggone ibu-ibu lan bocah-bocah cilik. Manawa mudhun anjlog, dhuwur banget. Mesthi wae mbebayani kanggone keslametan. Bisa-bisa kesleo utawa malah *retak* balunge. Untunge sing jenenge bangsa Indonesia utamane wong Jawa kang wis kondhang pasedulurane, rumangsa handarbeni siji lan sijine. Disawang pancen ketok semrawut, nanging kabeh rumangsa nduweni nasib padha, saengga dadi guyub.

Sidane penumpang Pramex sing mogok padha dipindhah, ditumpakake sepur Lodaya sing saka Bandung tumuju Solo. Amarga, sepur Pramex *kang kanggo ngganti* ora ana. Pancen, manawa ngadhepi kaanan sing kaya mangkana, sing wigati kudu tetep tenang lan waspada. Sing penting bisa enggal mlaku lan tekan ngomah kanthi slamet. Tinimbang lungguh sepur mogok ing ndhuwur kali, apa ya ra marahi sir-siran?

Eman tenan, sepur sing wis kondhang lan dijagakake wong akeh kuwi mau kok ora diopeni kanthi becik dening pihak sing kawogan. Manawa kopen, mesthi wae bakalan luwih bisa diendelke. Ngopeni pancen luwih angel tinimbang gawe, amarga ngopeni iku mbutuhake niat lan wragad kang ora sethithik.

Manawa arep nggunakake bis, bisa milih bis patas Surabaya-Jogja kang nganggo AC lan ora mondhag-mandheg ngunggah-ngudhunake penumpang. Saliyane patas ana bis biasa, kari milih miturut srege ati. Nanging, sambate sopir bis Solo-Jogja banget nggeterake ati. "Urip kok angele kaya ngene," mengkono sambate sopir-sopir mau.

Saben 5 menit bis diangkatake, lha apa ya nyandhak kanggo setoran? Istilahe sopir *"ngarep oyak-oyakan, mburi banter."* Lha rak ateges padha wae ta? Miturut sopir bis Sedya Utama sing ajeg daktumpaki saben esuk, kabeh mau wis dadi resikone sopir. Nanging manawa miturut sopir bis Sri Mulyo jurusan Solo-Jogja sing ora gelem disebutake jenenge, rebutan penumpang iku wis biasa. Nanging manawa wis magepokan karo ruwete dalan iku bisa marahi mangkel amarga dalan Solo-Jogja saiki rame banget.

Ing antarane bis Solo-Jogja wae wis padha saingan rebutan penumpang kanggo mburu setoran. Durung maneh saingane bis Solo-Jogja karo bis Surabaya-Jogja sing uga ngunggahake penumpang saka Solo. Mulane nalika semana akeh sopir bis Solo-Jogja padha *protes* marang sing kawogan ngurusi bab mau. Bis Surabaya-Jogja ora entuk ngunggahake penumpang ana ing dalan, amarga bisa mateni pangane sopir bis Solo-Jogja. Bisa dimaklumi manawa sopir-sopir padha nduweni rasa kuwatir, amarga manawa nyangkut dhuwit mesthi nyangkut kulawarga lan anak bojo.

Miturut salah sawijining sopir bis Mira jurusan Surabaya-Jogja, tarif bis Mira lan bis Solo-Jogja padha. Penumpang bisa milih, sing kepengin cepet tekan lan ora mondhag-mandheg bisa numpak Mira. Manawa digagas, bis Mira kuwi wis nganggo AC tanpa mondhag-mandheg kok bayare padha karo bis biasa sing mondhag-mandheg lan (nuwun sewu) sok-sok reged. Ora mung aku dhewe sing nduweni panemu kaya ngana. Nanging priyayi-priyayi sing bareng aku ngebis saben dina umume uga ngendika mangkono.

Bis jurusan Surabaya-Jogja saliyane Mira, yaiku Sumber Kencana. Tarife uga padha. Saiki kabeh pancen gumantung penumpang dhewe. Arep milih numpak sing ndi? Manawa wis kulina lelungan mesthi bisa nandhingake, bis endi sing luwih kepenak lan ngati-ati.

Sing nyopiri bis Surabaya-Jogja iku ora mung siji, tegese saka Surabaya tekan Solo sopire siji. Nanging saka Solo tumuju Jogja sopire ganti, biasane ya sopir bis jurusan Solo-Jogja sing melu juragan bis Surabaya-Jogja. Urip pancen kejem tenan, pakaryan sing satemene bisa dirampungi wong siji kudu dibagi karo wong liya amrih tujuan sing padha, yaiku golek dhuwit.

Kabeh wis mangerteni manawa dalan Solo-Jogja iku rame banget, akeh pit montor sing ngebaki dalan. Dalane alus, lempeng, tur jarak Solo-Jogja iku ora patia adoh. Jarak Solo-Jogja manawa dilakoni nganggo pit montor mung mbutuhake wektu 1,5 jam. Kabeh mau njalari pit montor minangka *alat transportasi* sing dianggep murah lan gampang akeh digunakake.

Setoran marang juragan bis iku, kaceke bisa akeh banget. Sambung rapete karo jam angkatane. Manawa jam angkatane ngepasi pegawe mangkat utawa bubaran bisa nganti 1.250.000,00 ewu. Nanging, manawa ngepasi jam sing ora rame, setorane bisa mung 200.000,00 ewu. Kamangka bis mau diangkatake 2 rit, utawa bola-bali kaping 2, ana uga sing ngarani setangkep lan sateruse.

Malah dina Senen 7 Juni 2010 nalika aku mulih numpak bis Sri Mulyo saka Kalasan, panggonanku mulang tumuju Solo, sopir bis sajak ora jenak. Bareng mlebu Solo cedhak terminal Tirtonadi, aku weruh sebabe. Bis mau ngoyak jam, ora parkir blas ana njero terminal. Nanging langsung kluwer metu maneh. Jarene kondektur, langsung bablas Jogja maneh. Aku dadi mudheng, jebul polahe sopir bis Solo-Jogja sak anak buahe kaya ngana. Kabeh mau kanggo mburu penumpang. Penumpang akeh bakal gawe bungah, amarga setoran akeh bisa gawe bungah.

Ing jaman saiki, penumpang wis padha pinter, bisa mbiji dhewe-dhewe, sing paling becik sing endi. Manawa dititeni, penumpang uga nduweni panemu dhewe-dhewe tumrap bis lengganane. Malah ana sawijining ibu-ibu sing ngendika karo aku, ora bakal munggah bis A sing ngendikane ora tau ajeg tekan nggone manawa ditumpaki. Bis mau mesthi ngudhunake penumpang ana tengah dalan lan dioper menyang bis liyane. Sopir mau alesane mesthi jame ora nyandhak, utawa bise *tempel* ngarep mburi bareng terus. Mulane didadekake siji supaya bis sijine bisa bali maneh muter golek penumpang. Utawa yen kahanan lagi sepi malah langsung mulih garasi. Apa ya ora marahi nesu penumpang yen kaya ngana kuwi.

Coba bareng-bareng digalih, Solo-Jogja iku sepira ta adohe? Rak ya ora adoh banget, nanging ya ora cedhak banget. Jarak sing semana kuwi mau marahi dalan regeng, urip. Ana sing ngontog rebutan penumpang ing antarane sopir bis siji lan sijine, ana sing pilih numpak pit montor. Nanging sing numpak pit montor akeh kang ora ngrumangsani yen numpak barang cilik ana ing tengah dalan. Kudune ngepit minggir ngiwa, ora nengah tur banter. Rak

mbebayani ta, wong sing dimungsuhi bis gedhe gek ya lagi rebutan penumpang. Kabeh kuwi njalari urip iki tansaya regeng: ana sing nangis, ana sing ngakak, akeh uga sing galak. Nanging, kabeh kudu tetep disyukuri. Kudu dieling-eling *manungsa iku mung saderma nglakoni titahing Gusti Kang Maha Kuwaos.* Jalur Solo-Jogja sing regeng kudu tansah dijaga saka apa wae sing ora pener lan ora memper.

OPINI

REPOTE MULANG BASA JAWA MARANG SISWA LUAR JAWA

Yudha Prasetyanti
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Cangkringan

"Ya sudah, tidak apa-apa. Tapi untuk tugas besok lagi harus lebih baik lagi ya!"

Dakkira ora mung siji-loro guru basa Jawa sing bakal paring wangsulan kaya mangkono marang siswane sing asale saka *luar Jawa.* Ora mung ngendika ngono wae, malah ana sing banjur mbombong nganggo tembung *"Bagus", "Iya, seperti ini, tapi penguasaan kosa katanya ditingkatkan lagi ya!"*, utawa ukara-ukara liyane supaya para siswa saka *luar Jawa* ora nglokro nalika nyinau basa Jawa, saora-orane ngerti apa sing diterangake bapak-ibu guru ing sekolah. Lha nek ora kaya mangkono, njur arep kepiye maneh, wong arep nesu ya ora bisa, jalaran sing diadhepi pancen bocah gedhe, ning nol-puthul bab basa Jawa, nadyan, ya wis kepara gedhe.

Ana sing kandha, mulang basa Jawa ing SMA kuwi luwih gampang tinimbang mulang bocah SD, amarga bocah SMA luwih "nalar" lan bisa sinau dhewe. Yen mirengke bab kaya mangkono mau, kayane akeh sing padha sarujuk, amarga bocah SMA pancen ya wis nalar. Nanging, yen sing diwulang kuwi bocah SMA saka *luar Jawa* sing lagi kelas X oleh wulangan basa Jawa, pitakone mung ana siji, "Apa ya njur ora padha karo mulang bocah SD?". Sing ngasta basa Jawa mesthi padha manthuk, banjur diwangsuli "ora ana bedane karo bocah SD".

Miturut panemune panulis, mulang basa Jawa ing SMA pancen kepara luwih gampang tinimbang mulang bocah SD, ora kudu bengok-bengok, apa maneh nganggo mbolan-baleni nganti ambal 10. Bab kuwi mau mung merga ing perangan nalar, bocah SMA luwih gampang nampa. Nanging, yen ditlesih maneh, jan-jane (miturut trap-trapane kawruh sing kudu ditampa bocah SMA), mulang basa Jawa ing SMA padha angele kaya mulang bocah SD. Salah sijine magepokan bab *morfologi* lan *fonologi.* Akeh bocah SMA sing durung bisa mbedakake tembung endi sing kudu ditulis nganggo aksara /a/ lan /o/, /e/ utawa /i/, lan sapiturute. Kuwi mung nulis tembung, durung tataran ukara sing kadhang kala mung dipadhakake mung ngenut karo paugeran sing digunakake ing basa Indonesia. Sawise kuwi, lagi mlebu perangan undha-usuk basa, tata krama, lan tembang.

Ing dhuwur mau tuladhane bab sing kudu diadhepi guru basa Jawa nalika mulang siswa SMA sing *asli Jawa* (Jawa Timur, Jawa Tengah, lan DIY). Saliyane siswa asli saka Jawa, guru basa Jawa isih bakal nemoni *PR* sing kudu dirampungake. Yen disuwuni pirsa bab iki, bapak-ibu guru basa Jawa bakal mesem lan paring wangsulan sing maneka warna, kepara duwe panemu liya lan mbelani siswane sing siji iki. Siswa kaya ngapa sing bakal dibelani lan diparingi *keistimewaan* dening guru basa Jawa yen dudu siswa saka *luar Jawa.*

Dudu wadi sing kudu didhelikake saka *masyarakat* nalika guru basa Jawa disuwuni pirsa bab kepiye carane paring piwucalan marang siswa-siswa saka *luar Jawa,* amarga akeh *dispensasi* sing bakal ditampa dening "putra-putrane" kang saka *njaban rangkah* tlatah Jawa mau. Kanggo bab siji kuwi mau, siswa-siswa saka tlatah Jawa ora kena meri, amarga biji, lan wektu sing luwih akeh bakal diparingake bapak-ibu guru marang siswa *istimewa* mau.

Yen ana pitakon "keneng apa kok siswa *manca* mau ndadak oleh maneka werna *dispensasi* tinimbang siswa asli Jawa?" kuwi mung manut guru sing ngasta. Beda guru, pancen beda carane paring wangsulan lan paring *dispensasi,* nanging saperangan

mesthi padha tundhone, yaiku supaya siswa *luar Jawa* duwe greget lan bisa luwih nyenengi sinau basa Jawa sarta ora rumangsa "*diasingake*". Yen siswane wis seneng marang basa Jawa, pakaryane bapak-ibu guru basa Jawa mulang basa Jawa bisa rada entheng.

Ngrembug bab *dispensasi* kanggo siswa saka *luar Jawa* mbok menawa ora ana salahe. Siswa saka *luar Jawa* nalika mlebu sekolah ing tlatah Jawa ora diwulang kepiye carane ngrakit ukara lan negesi tetembungan basa Jawa sing siji mbaka siji. Para siswa mau nampa materi piwulangan sing padha karo kanca-kancane sing asli Jawa, nadyan para siswa mau ora mangerteni basa Jawa babar pisan.

Materi wulangan kabeh migunakake basa Jawa. Yen siswa asli Jawa ana sing ora mangerteni tetembungan utawa ukara sing digunakake ing piwulangan, kuwi mau mung ing perangan tetembungan basa Jawa sing diengggo ing tembang utawa basa ing pedhalangan. Kejaba tetembungan ing tembang lan basa pedhalangan sing pancen arang dienggo ing padinan, para siswa saka Jawa ora kangelan mangerteni isine materi basa Jawa sing diwulangake. Bab kuwi mau uga kudu ditampa dening siswa saka *manca*. Para siswa sing dudu asli Jawa kabeh dianggep padha karo siswa asli Jawa. Arepa *protes* kaya ngapa, para siswa saka *luar Jawa* mau ora bakal oleh piwulangan kang beda karo kanca-kancane sing asli Jawa mau. Kabeh *dipukul rata*, kejaba para siswa *luar Jawa* mau rumangsa kangelan lan nyuwun wektu liya marang bapak-ibu guru kanggo nyinau basa Jawa.

Pancen repot mulang basa Jawa neng SMA nalika siswane saka *luar Jawa* sing diwulang mung plenggang-plenggong, ora ngerti babar pisan basa sing digunakake bapak-ibu guru nalika ngasta basa Jawa. Yen didangu mung mesem, ora metu ukarane. Yen wis kaya mangkono, *garapane* bapak-ibu guru banjur tambah, yaiku kudu mbaleni materi kanthi migunakake basa Indonesia.

Pancen mulang basa Jawa marang siswa *luar Jawa* angele nganggo banget. Malah ana sing ngudarasa, "aja maneh mulang

siswa *luar Jawa,* wong mulang sing asli Jawa wae angele setengah mati". Saora-orane, saka ukara mau kena dijupuk dudutan, yen mulang basa Jawa marang siswa sing asli Jawa wae angele ora jamak, apa maneh sing *kiriman* saka *luar Jawa* sing anggone nampa wulangan basa Jawa dudu karana kekarepane dhewe, nanging mung merga sekolah ing Jawa lan kepeksa nyinau basa Jawa.

Ana sawernane pitakon kang kawetu mbarengi tekane siswa saka *luar Jawa* mau, salah sijine ora liya bab "kepiye anggone mulang basa Jawa supaya para siswa saka *luar Jawa* mau ngerti". Manut pangandikane salah sawijining guru basa Jawa sing nate disuwuni pirsa bab iki, Bapak Ikhsan Supardjiya sing sataun kepungkur *diperbantukan* ngasta basa Jawa ing SMAN 1 Cangkringan, senadyan saka *luar Jawa,* nanging bapak-ibu guru basa Jawa bisa nggegulang siswane mau kanthi cara maneka warna, salah sijine ing babagan subasita. Ing kono siswa-siswa kuwi diwulangake kepiye tata-kramane siswa utawa putra yen matur marang guru utawa wong tuwa. Dudu tetembungane wae, nanging uga sikep lan pasuryane.

Bapak Arif saka SMA ing Bantul paring pangandikan sing beda gegayutan karo carane mulang siswa saka *manca.* Miturut pamawase, siswa saka *luar Jawa* kuwi seneng yen diwulang aksara Jawa, mula panjenengane asring maringi tugas nulis aksara Jawa, banjur ditegesi ing basa Indonesia. Kanggo nambah seserepan bab tetembungan utawa ukara, Pak Guru sing baut nembang iki maringi tugas *transliterasi* utawa nerjemahake basa Jawa ing basa Indonesia *marang* siswa mau.

Ing dhuwur kuwi mung tuladha carane mulang basa Jawa marang para siswa saka *luar Jawa.* Yen ana bapak-ibu guru basa Jawa kagungan panemu liya bab carane mulang mau, kuwi adhedhasar kawruhe dhewe-dhewe. Nanging, yen dijupuk dudutane dakkira kabeh guru basa Jawa sarujuk karo panemune penulis, yen *PR* kanggone dwija basa Jawa isih akeh, nadyan kabeh kuwi dudu tanggung-jawabe guru basa Jawa dhewe.

***

FACEBOOK MINANGKA MEDIA ALTERNATIF PEMBELAJARAN BAHASA JAWA

Yuana Agus Dirgantara
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Ngemplak, Sleman

Mula bukane *facebook* ditepungake dening mahasiswa Harvard kang aran Mark Zuckerberg. *Facebook* iku sejatine minangka tugas akhir kuliahe kang uga digunakake minangka sarana kanggo tetepungan marang mahasiswa Harvard Amerika. Saiki *facebook* malah dadi kawigatene wong akeh.

Sejarahe *facebook* pancen manjila. Ing wektu 2 minggu sawise dikepyakke, separo mahasiswa Harvard wis *ndhaftar* lan duwe *account*. Malah, kepara 4 sasi sawise dikepyakke facebook wis duwe 30 kampus ing *jaringane*. Mangerteni paedahe facebook, akeh investor sing duwe krenteg nuku. Keri dhewe, karo Yahoo, *facebook* diregani 1 milyar dolar, nanging Mark Zuckerberg nampik. Sawise *panganyang* saka yahoo iku, ora ana *situs jejaring sosial* sing bisa nandhingi *facebook* marang *user*. Taun 2007, ana tambahan 200 ewu *account* anyar saben dinane saka 25 yuta *user aktif* sing nggunakake *facebook*. Saiki *facebook* sing minangka *media jejaring sosial* uga wis sumebar ing Indonesia. Malah Indonesia minangka negara panganggo *facebook* sing paling akeh sawise Singapura. Cacah mau magepokan karo akehe wong tuwa, mudha-mudhi, pegawai, pejabat, uga pendhidhik kang padha gandrung marang *facebook*.

Wong tuwa utawa pendhidhik ngrasakake menawa *facebook* nduweni daya pangaribawa. Pangaribawa sing *negatif*, anak luwih akeh ngentekake wektu kanggo *facebookan* tinimbang sinau. Kang-

go ngarahake supaya panganggone *facebook* dadi *positif*, ora ana lupute menawa minangka wong tuwa utawa pendhidhik banjur ndadekake *facebook* minangka sarana pembelajaran. Kanthi iku diajab akeh paedahe tinimbang *mudhorote*.

Apa wae sing bisa dilakoni kanthi migunakake facebook minangka media pembelajaran? Ana akeh sarana utawa *fitur-fitur facebook* sing bisa dianggo kanggo nyengkuyung sarana pembelajaran.

a. **Facebook Share**. *Fitur* iki minangka dhasare *facebook* lan bisa digunakake minangka sarana kanggo mbiyantu pelajaran. Sapa wae bisa *nge-share* apa wae (tulisan cekak, *link*, gambar, video, lsp) marang kanca-kancane. Upamane, guru nulis sawijing tembang banjur siswa diprentah ngomentari tembang mau. Kanthi mangkono, guru bisa mangerteni kemampuan siswane saka tulisan siswane.

b. **Facebook Quiz**. Saiki akeh *quiz-quiz* sing nyebar ing *facebook*. Racake *quiz* sing digawe mung kanggo iseng. *Fitur* iki sejatine bisa dianggo *quiz online*. Guru bisa gawe *quiz* kang magepokan karo materi pembelajaran. Siswa banjur diarahke nggarap *quiz* sing ana ing *facebook*.

c. **Facebook Note**. Kanthi sarana iki guru bisa narik kawigatene siswa supaya gelem diskusi tumrap bab/topik tartemtu. Guru cukup gawe *note* ing kana banjur nge-*tag* (-*tag ki* apa ya basa Jawane?). Siswa ngomentari banjur diteruske diskusi.

d. Menehi alamat **URL**/*Web* sing ana gegayutane karo materi pembelajaran ing sekolah, sabanjure siswa ditugaske nyinau materi iku. Nalika ngepasi pelajaran, materi iku dirembug bareng-bareng.

Paling ora ana patang tuladha *kapigunan* facebook minangka media alternatif pembelajaran bahasa Jawa. *Pemanfaatan facebook* iki bakal narik kawigatene para siswa awit ing kana bisa sinau sinambi seneng-seneng. Paedah tumrap guru ana ing babagan jejaringe. Upamane, saweneh guru bisa nge- *add/submit* kanca guru

liyane utawa dadi fans ing Persatuan Guru Kalimantan kamangka guru iku mapane ana ing Yogyakarta. Tundhone, kanthi *facebook* dheweke gampang ijol-ijolan informasi tanpa winatesan papan.

Bokmenawa isih akeh piguna liyane sing bisa dicakake ing *fitur-fitur facebook*. Kabeh mau gumantung tingkat *kreativitase*. Wondene, bab isi/ materi, kasumanggakake marang guru utawa miturut kebutuhane. Pungkasane, kabeh mung bali marang dhiri pribadine guru, gelem apa ora ngemonah IPTEK kanggo kemajuane pembelajaran. Yen gelem, pembelajaran bakal kasil, kasembadan. Siswa bakal pengin, krasan, lan tuman melu pelajaran. Yen ora, pembelajaran bakal *stagnan*, tegese mung mandheg utawa *jalan di tempat*. Sumangga kersa, kantun milih pundi ingkang dipunremeni. Maju menapa mandheg?

Suwuk,
Setu, 12 Juni 2010.

GURUKU JARKONI (BISA UJAR ORA BISA NGLAKONI)

Sunardi
Guru Bahasa Jawa SMK Muhammdiyah 2 Sleman

Tembung guru yen dikeratabasa duwe teges digugu lan ditiru. Digugu saka pocapane lan ditiru saka tindak tanduke. Sadurunge ngomong luwih dhisik dipikir sing temenan. Aja nganti omongane mau nuwuhake bab kang ora apik kanggone para siswa. Tumindake semono uga, kudu bisa menehi patuladhan kang apik lan bener marang siswa-siswane. Aja malah menehi patuladhan kang ora apik lan ora bener marang para siswa. Mula unen-unen *Ajining dhiri gumantung ana ing lathi* aja mung diujarake wae, nanging uga luwih becik dietrepake ana ing sadhengah papan lan ing urip saben dinane. Guru ora mung kudu bisa ngomong ing sangarepe para siswa, nanging uga kudu duwe kapinteran, kaprigelan, lan tumindak kang trep karo bab kang diwulangake.

Dadi guru mono pancene ora gampang, semono uga dadi guru basa Jawa. Miturut peraturan Mentri Pendidikan Nasional (PERMENDIKNAS No 16 tahun 2007 bab *Standar Kualifikasi Akademik dan Kompetensi Guru*), guru kudu duwe pirang-pirang *kompetensi* kang magepokan karo bab kang bakal kanggo sanguning mulang. *Kompetensi* mau ing antarane: *kompetensi pedagogik, kompetensi kepribadian, kompetensi sosial lan kompetensi profesional.*

Kuwajibane guru basa Jawa kang paling pokok lan baku yaiku kudu bisa ngupaya supaya piwulangan basa lan budaya Jawa bisa mujudake para siswa duwe kapribaden, unggah-ungguh lan tata krama kang becik ana ing pasrawungan ing madyaning bebrayan

agung ing tengah-tengahing masyarakat. Yen para siswa bisa duwe bab kaya kang kasebut mau, bisa diarani menawa guru mau wis bisa menehi panyumbang utawa sumbang sih kanggo masyarakat lan bangsane.

Kabeh piwulangan mau bisa kawujud manawa para guru basa Jawa bisa ngetrepake apa kang diomongake utawa bisa nindakake apa kang diujarake ora mung jarkoni (bisa ujar nanging ora tau bisa nglakoni). Ana utawa malah kepara akeh guru basa Jawa kang ora mangerti luwih-luwih bisa nglakoni marang bab kang diwulangake marang siswane.

Caritane para sepuh biyen nalika entuk wulangan basa Jawa, guru kang menehi piwulangan pancen temen-temen nduweni ngilmu bab basa lan budaya Jawa. Ngilmu bab nembang macapat, nulis aksara Jawa, lan bab kang ana gandhengcenenge karo basa lan budaya Jawa kang bisa diendelake kanggo menehi piwulang marang para siswa, kalebu uga duwe cara-carane mulang. Mula ora mokal menawa para siswa anggone nampa piwulangan uga temen-temen sanajan guru kang menehi piwulangan mau "disiplin ilmu"-ne dudu saka basa Jawa.

Bab kaya mengkono mau kasunyatan uga isih akeh katemokake ing pasinaon basa Jawa ing wektu iki. Ana ing tlatah Sleman wae isih akeh guru kang "disiplin ilmu"-ne dudu basa Jawa nanging mulang basa Jawa, malah guru mau kadhangkala dadi sumbering pitakonan lan sumbering ilmu kanggo guru liyane kang malah duwe "disiplin ilmu" basa Jawa. Bab kang ditakokake maneka warna. Saka bab tembang macapat, geguritan, nulis Jawa, lan liya-liyane, amarga para guru basa Jawa saiki isih akeh kang durung nguwasani bab-bab kuwi mau.

Isih akeh guru basa Jawa kang durung bisa nembang macapat nanging gelem ora gelem kudu menehi piwulangan nembang macapat.Saupama bisa ya mung bisa-bisanan wae.Bisa nembang sak tembang wae wis luwung sanajan kanthi swara kang blero lan ora pas karo titilarasing tembang, kang baku mung bener pocapane. Kuwi mau ya wis luwung tinimbang ora bisa nembang macapat babar blas.

Bab nulis Jawa uga perlu dadi kawigatene para guru basa Jawa. Nulis Jawa nate digladhekake kanggo para guru nalika ana pakumpulan guru basa Jawa. Guru kang rawuh banjur diwenehi garapan nulis aksara Jawa. Kasunyatane guru kang rawuh mau isih akeh, kepara meh kabeh anggone nggarap mau ora bener.

Kuwi mau mung conto satleraman bab kang kudu tenanan dadi kawigatening para guru basa Jawa. Yen guru basa Jawa mau ora bisa nembang, macapat, nulis aksara Jawa, lan nggawe karangan bokmenawa kalebu bab kang ora ketok lan ora dimangerteni dening wong liya yen guru mau ora bisa nembang macapat, nulis aksara Jawa lan ngarang. Ananging yen guru mau ora bisa basa Jawa kanthi ngetrepake unggah-ungguh basa kang bener lan pener, iki kalebu bab kang bisa didelok lan dimangerteni dening wong liya.

Nalika guru mau salah anggone ngetrepake tembung kang ora bener lan pener, mula kadhang kala banjur tuwuh pitakonan ing tengahing masyarakat "guru basa Jawa kok ora bisa basa". Ukara: "*Nyuwun pangapunten menawi kula kumawantun jumeneng wonten ngarsa panjenengan.....*", kerep diucapake dening para guru basa Jawa nalika nganakake patemon guru basa Jawa (MGMP basa Jawa). Nalika ngucapake mau kanthi manteb kaya-kaya apa kang diucapake mau wis bener lan pener. Ananging yen ditlesih jebule ana tembung kang miturut undha-usuking basa Jawa ora pas. Tembung *jumeneng* kang kudune kanggo menehi rasa kurmat marang wong liya malah dietrapake kanggo awake dhewe.

Kakurangan-kakurangan mau aja banjur ndadekake para guru basa Jawa banjur nglokro utawa ora duwe greget kanggo mulang para siswa. Nanging kudu malah dadiya pecut supaya guru basa Jawa dadi sansaya tumemen lan sengkut anggone menehi piwulang marang para siswa. Amarga kakurangan-kakurangan mau isih bisa ditutupi dening para guru basa Jawa menawa para guru basa Jawa mau isih gelam golek tambah ilmu, gelem kumpul karo kanca-kancane padha dene guru basa Jawa, ya ing papan kono mau minangka salah sijining papan kang trep kanggo ngasah lan

nambah wawasan lan ilmune para kadang guru basa Jawa. Upamane melu gladhen macapat, pranatacara lan liya liyane ing padhepokan-padhepokan utawa sanggar-sanggar kang wus akeh sumebar, luwih-luwih ing tlatah kutha Ngayogyakarta.

Paribasane kaya lading kang kerep diasah, sanajan kerep dienggo ya tetep landhep. Semono uga guru basa Jawa angger isih gelem ngasah wawasane ya bisa nduweni wawasan kang landhep kanggo tambahan sangu anggone menehi wulang wuruk marang para siswa.

Nanging yen guru mau wus rumangsa cukup wawasane lan ora gelem maneh golek tambahan ilmu, mula aja gegedhen pangarep-arep yen piwulangan basa Jawa kang akeh ngemot pitutur luhur iku bakal sansaya ngrembaka. Beja-bejane piwulangan basa Jawa kang ngemot pitutur luhur mau bisa ilang tanpa tilas. Mula ya ora gumun menawa isih ana sekolah-sekolah kang duwe panganggep yen pasinaon basa Jawa mau mung kanggo genep-genep.

Duwe "disiplin ilmu" utawa ora duwe mono jan-jane mung kanggo sarat adminitrasi wae. Kang luwih baku utawa pokok guru mau bisa lan gelem mulang sarta duwe wawasan ilmu bab kang ana gegayutane karo basa lan budaya Jawa. Sakliyane kuwi uga kudu duwe "komitmen" marang urip lan lestarine budaya lan basa Jawa.

Urip lan lestarine basa lan budaya Jawa iku uga gumantung ana ing awake dhewe minangka gura basa Jawa. Tulisan iki ora nduweni karep ngguroni marang sapa wae luwih-luwih marang para kanca guru basa Jawa. Nuwun.

TASIH PANTES SINEBAT TIYANG JAWI?

Arif Purwanta
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Tempel

Masyarakat Jawi menika masyarakat ingkang nginggilaken budayanipun, amargi menawi dipuntaliti budaya Jawi menika budaya ingkang adiluhung. Tegesipun, budaya Jawi menika ngemot pitutur ingkang sae sanget tumraping lampah agesang wonten ing alam donya menika, menawi tiyang Jawi kersa anglampahi. Kathah sanget pitutur ingkang awujud piwucal lisan kadosta gugon tuhon, isbat, bebasan lan sanesipun, menapa dene piwucal ingkang awujud tulisan wonten ing serat-serat Jawi, kadosta Serat Wulang Reh, Serat Bima Suci, Serat Sasana Sunu lan sanes-sanesipun.

Kangge tuladha, ing ngandhap menika kaserat tembang Kinanthi ingkang kapendhet saking Serat Wulang Reh, yasanipun Susuhunan Pakubuwana IV :

Padha gulangen ing kalbu,
Ing sasmita amrih lantip,
Aja pijer mangan nendra,
Ing kaprawiran den kaesthi
Pesunen sariranira,
Sudanen dhahar lan guling.

Saking tembang menika saged dipunpendhet pituturipun tumrap siswa ingkang nembe nindakaken pawiyatan wonten ing seko-

lah. Pitutur menika antawisipun menawi dados siswa kedah kersa nglampahi prihatin supados saged dados siswa ingkang lantip utawi pinter. Wujud prihatin menika dipungambaraken kadosta tiyang ingkang kersa ngirangi sare lan wekdalipun kangge sinau wonten wayah dalu. Ugi siswa kedah kersa ngirangi dhaharipun utawi remen nindakaken siyam, amargi kanthi siyam menika saged meper hawa nepsu ingkang ngajak dhumateng bab ingkang kirang sae. Ananging menawi mboten kiyat nindakaken siyam saged kanthi ngirangi anggenipun jajan wonten ing sekolah, saengga artanipun saged kangge mundhut buku pelajaran sekolah. Ananging menawi dipunpirsani jaman samenika para siswa sekolah sami wegah sinau wonten dalem, kathah wekdalipun namung kangge dolan kaliyan rencang-rencangipun. Kathah para siswa ingkang kagungan pemanggih menawi mboten saged nggarap tugas wonten sekolah menika sampun bab ingkang umum lan rencangipun kathah. Menawi dipunpirsani ugi siswa sekolah menika mboten saged ngampet luwe utawi ngelih saengga menawi wekdal ngaso menika kathah sanget siswa ingkang jajan wonten kantin sekolah, senadyan piyambakipun mboten gadhah buku pelajaran amargi artanipun namung kangge jajan.

Saupaminipun sedaya siswa menika kersa nindakaken pitutur kados ing pethikan tembang menika temtu kemawon tiyang Jawi menika mboten wonten ingkang bodho.

Kala wau menika namung secuwil saking tuladha gambaranipun jaman samenika, ingkang saged mbuktekaken menawai tiyang Jawi samenika sampun nilar utawi ical jawinipun. Ing ngandhap menika tuladha sanesipun ingkang samangke saged mangsuli pitakenan menapa awakipun piyambak menika tasih pantes sinebat tiyang Jawi :

1. *Standing Party*

Standing party menika sawijining acara ingkang dipunwontenaken nalikanipun tetiyang ngaturi para tamu umumipun wonten ing acara tasyakuran. Estunipun *standing party* menika mboten ajaranipun masyarakat Jawi, namung jaman samenika

kathah sanget tiyang Jawi ingkang nindakaken acara menika. Para tamu dipunaturi rawuh wonten dalem utawi gedhung, wonten mrika sampun kacawisaken pasugatan ingkang kathah, nanging mboten dipuncawisaken kursi kangge palenggahan, saengga menawi tamu ingkang rawuh ngunjuk saha dhahar kedah jumeneng. Menawi dipunpirsani masyarakat Jawi jaman rumiyin sampun paring pitutur menawi tiyang ingkang nembe dhahar menika wonten tata kramanipun, antawisipun mboten pikantuk dhahar sinambi jumeneng, mboten pikantuk dhahar sinambi gineman, dhahar mboten pikantuk kecap, lan sanes-sanesipun. Menawi dipunpirsani wonten *standing party* menika para tamu dhahar kanthi jumeneng saha sinambi pangandikan kaliyan tamu sanesipun. Bab kala wau menika saged kangge mbuktekaken menawi tiyang Jawi samenika sampun kecalan tata krama nalika nindakaken dhahar. Kathah tiyang ingkang ngawontenaken *standing party* menika pawadan supados ngirit papan saha wekdalipun, anamung mboten nggatosaken menawi bab menika saged ngrisak budaya saha tata karma masyarakat Jawi ingkang adiluhung menika.

2. Basa Jawi Mboten Dados Bahasa Ibu Tumrap Lare

Jaman samenika menawi dipunpirsani wonten masyarakat angel sanget dipunpanggihi lare alit ingkang saged matur mawi basa Jawi. Kahanan menika amargi lare nalika saking bayi, kaliyan tiyang sepuhipun mboten dipunwucal matur migunakaken basa Jawi, ananging nalika bayi lare sampun dipunwucal kaliyan tiyang sepuhipun migunakaken bahasa Indonesia. Umumipun alasanipun kathah tiyang sepuh ingkang lingsem menawi putranipun matur kanthi basa Jawi, lan langkung mongkog manawi putranipun anggenipun matur mawi bahasa Indonesia, senadyan pagesanganipun wonten dusun. Basa Jawi kaanggep basa ingkang *ndesa* lan ketinggalan jaman.

Leresipun manawi dipunpanggalih lare mboten sisah dipunwucal matur mawi bahasa Indonesia sampun saged piyambak mbenjang menawi sampun sekolah, amargi wonten sekolah basanipun migunakaken bahasa Indonesia. Kanthi kahanan menika

mboten maiben manawi saya dangu basa Jawi menika badhe dados basa asing wonten ing tanah Jawi, amargi mboten wonten generasi ingkang migunakaken basa Jawi menika.

3. Icalipun Dolanan Tradisional Jawi

Jaman rumiyin menawi sonten lare-lare wonten padhusunan sami dolan wonten ing latar griya. Dolananipun kathah sanget jinisipun, kadosta sepak sekong, dhakon, jelumpet, yeye, cublak-cublak suweng. Kawontenan menawi sonten ing jaman samanten gayeng sanget, saengga antawisipun para lare sami tepang lan sami rukun. Ananging jaman samenika arang sanget sipunpanggihi kahanan makaten. Samenika lare mboten nate dolanan sesarengan amargi wonten griya sampun kacawisaken dolanan ingkang modern kadosta *play station, game,* tontonan film anak-anak wonten siaran televisi. Kadosipun dolanan tradisional sampun kecalan pemainipun ing jaman samenika. Kahanan mekaten mrihatosaken sanget menawi tiyang sepuh mboten kersa paring piwucal dolanan kala wau dhumateng larenipun. Manawi katerasaken, samangke dolanan tradisional menika kantun seratan saha nami kemawon wonten ing kamus basa Jawi.

4. Icalipun Jajanan Tradisional Jawi

Jajanan tumrapipun lare menika bab ingkang paling ngremenaken. Umumipun sadaya lare remen jajan, anamung jajanan samenika sampun benten kaliyan jajanan jaman rumiyin. Yangko, gethuk, enten-enten, cemplon, legendar, lan sanes-sanesipun sampun awis-awis dipunpanggihi wonten ing warung. Samenika ingkang wonten citato, pang-pang, nabati, potato, lan sanes-sanesipun ingkang wungkusipun sae sanget saengga ngremenaken para lare. Jajanan tradisional sampun kasingkir wonten pasar, amargi sampun mboten kathah tiyang ingkang kersa mundhut. Menawi wonten lare ingkang jajan jajanan tradisional kaanggep cah ndesa. Kahanan menika mrihatosaken sanget, margi ing samangke njalari jajanan tradisional menika badhe ical saking tanah Jawi menika. Ing tembe wingkingipun nasibipun jajanan tra-

disional mesthi kemawon sami kaliyan dolanan tradisional namung kantun seratan nami wonten ing kamus basa Jawi.

Kanthi kawontenan makaten kala wau, temtu kemawon ndadosaken prihatining manah tumraping tiyang Jawi ingkang kersa menggalih budaya Jawi ingkang adiluhung menika. Tuwuh pitakenan wonten ing manah menapa pantes kula panjenengan menika kasebat tiyang Jawi wonten kahanan menika. Sebatan tiyang Jawi ingkang kagungan etika saha tata karma ingkang inggil menika sampun luntur wonten diri pribadinipun tiyang Jawi. Sebutan ingkang pas bokmenawi wong *Jawa kang ilang jawane* menika leres tumrap pribadi tiyang Jawi samenika. Salajengipun menapa purun menawi tiyang Jawi kasebat makaten? Wangsulanipun gumantung dhiri pribadi piyambak, menawi ikhlas kanthi kawontenan makanten temtu kemawon namung cuek lan mboten peduli. Nanging menawi tiyang Jawi menika tasih kersa nyepengi ajining dhiri temtu kemawon bakal kersa nglestantunaken budhaya saha tata karma ingkang adiluhung menika. Senadyan awrat sanget nanging bab menika dados tanggel jawab kula panjenengan sedaya dados tiyang Jawi. Pramila tiyang Jawi kedah kersa paring piwucal dhumateng para putra wonten ing dalem babagan tata krama saha budaya Jawi menika. Ugi wonten ing sekolahan kedah kagungan kurikulum ingkang isinipun saged kangge nglestantunaken budaya Jawi menika, ing pangajab budaya Jawi ingkang adiluhung menika saged lestantun lan saged dipunpanggihi ing sadhengah papan ing tlatah Jawi lan sadhengah wekdal samangke.

ANCASE SERTIFIKASI GURU WIS NALISIR

Irma Asrining Cahyorini
Guru Bahasa Jawa SMKN 1 Depok Sleman

Sertifikasi guru nduweni ancas kanggo ningkatake profesionalisme guru kang diajab bisa uga ningkatake *mutu pendhidhikan* ing nagara kita kang isih dianggep keri adoh karo negara-negara liyane. Tujuwan kaya mangkono iku apik banget yen bisa kelakon, malah-malah bisa njunjung mutu pendhidhikan lan tundhone pendhidhikan ing Indonesia ora kalah karo bangsa liya. Iku kekudange wong akeh. Yen dilakoni kanthi prasaja mesthi kabeh mau bisa kasembadan kanthi sae miturut palilahe Gusti Allah.

Saiki, sertifikasi mono kaya-kaya mung mujudake iming-iming sing bisa ditegesi undhaking gaji tumrap guru kang bisa nyembadani, kanthi maneka warna cara. Parandene, ancas sing samaune supaya bisa dadi guru kang profesional malah dadi badhar. Guru mung kepengin undhaking gaji. Anggepe, kanthi lulus sertifikasi guru otomatis dianggep minangka guru kang profesional kejaba uga ndadekake uripe luwih *sejahtera* awit anane *tunjangan tambahan* kang gedhene tikel karo gaji pokok mau. Eman dumadi wolak-waliking kasunyatan. Guru luwih mbujung undhaking gaji; dudu undhaking *profesionalitas*. Mula rekadaya, kang pamrihe bisa nglulusake sertifikasi dilakoni. Kabeh sauger bisa ngundhakake *poin*.

Salah sawijine perangan kang dibiji nalika guru ngusulake portofolio sertifikasi, yaiku sertifikat diklat, piagam, lan tunggalane. Sertifikat lan piagam iku mau duwe poin kang akeh, tur ya gampang golek-golekane angger gelem sregep melu "ndhaftar"

seminar. Pamarentah duwe panemu, guru bisa dianggep profesional manawa asring melu pendhidhikan lan gladhen ing bidhange. Uga asring melu forum ilmiah utawa seminar. Kabeh mau bakal ningkatake *poin biji* kang bakal diduweni. Mula sertifikat diklat apadene piagam akeh digoleki para guru kanthi maneka cara. Kadhang kala ana kang mung melu ndhaftar dadi pasarta, nanging ora melu seminare. Pamrihe mung supaya antuk sertifikate. Iku jenenge tegel ngapusi awake dhewe. Tumindak culika ngapusi nagara.

Fenomena mau, bisa diparibasake kaya thukule jamur ing mangsa rendheng. Cocog karo akehe bebadan kang ngadani seminar utawa *workshop* kanggo ningkatake profesionalisme guru uga kanggo mbiyantu para guru bisa nambah poin portofolio. Tundhone, murih bisa lulus sertifikasi. Kang dadi pitakonan, seminar mau *legal* apa mung saanane wae. Ana saperangan bab kang narik wigati, nyalawadi, lan beda karo padatan program sertifikasi guru sadurunge. Gegambarane kaya ing ngisor iki.

Para guru saiki padha ora ngeman ngetokake ragad dhewe kanggo melu seminar. Bab iki nganeh-anehi amarga mbiyen nalika program sertifikasi guru durung diadani, biasane padha owel yen ditugasi melu seminar, apa maneh kudu mbayar dhewe. Gandheng padha owel, *Guru Tidak Tetap* (GTT) banjur asring ditugasi saka sekolah. Kabeh mau kudu tetep dilakoni minangka kawajibane GTT. Kamangka, asile lumayan, saliyane tambah ngelmu kang mumpangati lan sertifikat minangka pasarta diklat, uga antuk sangu saka sekolah lan saka instansi penyelenggara, sanajan ora sepiraa. Satemene pihak sekolah uga asring nawakake marang para guru supaya melu, nanging amung saperangan guru wae kang gelem melu, akeh-akehe ora gelem kanthi alesan kesel, suwe ninggal kulawarga lan sapanunggalane. Ananging saiki padha golek kagiyatan-kagiyatan seminar kanthi ngetokake ragad dhewe. Apa jeneng ora ngowah-owahi adat.

Ana maneh, akeh panitya seminar kang nganggep yen kagiyatan kang diadani kuwi asipat tingkat nasional utawa malah

internasional. Mbokmanawa kanthi ancas supaya sertifikat kang diwetokake bisa nduweni poin luwih gedhe. Mbokmenawa uga, supaya narik kawigaten para guru saengga akeh kang melu kagiyatan kasebut. Kamangka, kriteria seminar nasional kuwi ora cetha, apa kudu nekakake pembicara kang kondhang, saka jaban rangkah, apa pasartane kang kudu saka pirang-pirang propinsi. Perlu dicethakake apa saben uwong utawa lembaga kuwi nduweni hak nyebut kagiyatane asipat nasional/internasional sanajan panityane amung asipat lokal

Khanti pamupu seminar kang uga amung guru-guru ing sacedhaking papan sakupenge seminar kasebut. Lumrahe panitya seminar njanjeni poin-poin kang lumayan gedhe tumrap sertifikat seminar kang diwetokake, sanajan kagiyatane kuwi amung diadani sadina utawa rong dina, utawa malah mung sajam rong jam. Sajatine mono kang wenang nemtokake poin ya mung asesor. Kuwi mau bab-bab kang nganeh-anehi kang bisa katitik saka *seminar-seminar* kang saiki akeh diadani. Wis mesthine para *asesor* sertifikasi guru kudu bisa milih lan milah: endi kang bener panyelenggaraane kagiyatan kuwi lan endi kang kurang trep. Kajaba kuwi kang perlu digatekake,yaiku anane dokumen palsu kaya ta sertifikat kasertaan guru ing sajroning forum ilmiah. Kabeh mau kasababake saka adrening guru kepengin lulus saengga gelem migunakake cara apa wae, kaya ta malsu dokumen portofolio.

Kudune sistem sertifikasi guru ngliwati uji profesionalitas utawa praktik, ora mung liwat lampiran dokumen portofolio.Uji profesionalitas kang dikarepake ing kene ditemtokake saka carane mulang, carane *interaksi* karo siswane, lan wawasan ing bidhange. Manawa sertifikasi guru amung liwat lampiran dokumen portofolio, kanthi gampang guru mau anggone gawe, malah bisa uga kanthi tumindak culika. Kanggo antuk sertifikat guru, para guru malah akeh kang padha nglirwakake tugas bakune, mulang. Kadhangkala kuwajibane mulang digampangake kanggo ngeboti seminar, *workshop,* utawa pelatihan. Kajaba iku, yen mung perlu dokumen portofolio, guru kang nduweni masa jabatan luwih

suwe, guru golongan sepuh, bisa kalah karo guru anyar kang pengalamane kurang. Tundhone, guru kang nduweni pengalaman kudu saingan karo guru kang isih anyar kanggo antuk sertifikat. Nanging manawa sertifikasi guru liwat uji profesilitas utawa praktik kang diadani dening *asesor*, mesthi bakal bisa dinyatakake sepira adohe *profesionalitas* guru sajroning mulang. Manawa iki tementemen dilakoni, bisa dipesthekake guru kang oleh sertifikat iku mesthi guru kang nyata-nyata profesional. Kanthi mengkono tujuwane sertifikasi guru ora nalisir saka paugeran.

GLOBALISASI LAN MODHERNISASI AWEH PANYENGKUYUNG SURUTING BASA JAWA

Wiwik Lestari
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Sleman

Bab kang njalari diadani kegiatan "Peningkatan Kreativitas Penulisan Bahasa Jawa" dening Balai Bahasa, kang diwiwiti tanggal 23 Mei 2010 kepungkur yaiku (1) fungsi basa Jawa kang saya susut, (2) panganggone basa Jawa kang sangsaya arang, (3) unggah-ungguh basa kang sangsaya ilang, (4) ungkapan idiomatik kang sangsaya arang. Ewasemono, ana bab kang gawe mongkog, yaiku, sepisan, ing tlatah Daerah Istimewa Yogyakarta, Jawa Tengah, lan Jawa Timur, basa Jawa ditetepake minangka muatan lokal (mulok) wajib kanggo siswa SD lan SMP. Malah, wiwit taun ajaran 2005/2006 Pemerintah Propinsi Daerah Istimewa Yogyakarta, Propinsi Jawa Tengah netepake basa Jawa minangka muatan lokal wajib ing SMA/SMK/MA. Kanthi mangkono kaajab bisaa dadi sarana kanggo nglestarekake budaya Jawa, ngrembakakake budi pekerti tumrap para siswa. Kapindho, panganggone basa Jawa kang uga diprangguli ing upacara tradhisional, upamane mantenan, lelayu, supitan. Kanthi mangkono, kabukten yen basa Jawa isih tetep digunakake kanggo wawan gunem/komunikasi kang asipat resmi.

Fungsi Basa Jawa Sangsaya Susut

Fungsi basa dhaerah kalebu basa Jawa wis dirumusake ing Seminar Bahasa Nasional nalika tanggal 25-28 Februari 1975, yaiku (1) lambang kebanggaan dhaerah, (2) lambang identitas dhaerah, (3) alat perhubungan masyarakat dhaerah, (4) pendu-

kung bahasa nasional, (5) basa pengantar ing sekolah, uga (6) alat pengembangan lan pendukung kebudayaan.

Manut Hasan Alwi, kanggo mangerteni kedudukan basa dhaerah bisa dipigunakake pamawas (1) basa dhaerah minangka sarana komunikasi kanggo para penutur saka kelompok etnik kang padha, (2) basa dhaerah gayutane karo basa Indonesia. Fungsi basa dhaerah kang gegayutan karo basa Indonesia, yaiku

1. basa dhaerah minangka panyengkuyung basa nasional,
2. basa dhaerah minangka basa pengantar ing sekolah dasar,
3. basa dhaerah minangka sumber kebahasaan kanggo ngrembakake basa Indonesia,
4. basa dhaerah minangka pelengkap basa Indonesia ing pemerintahan dhaerah.

Fungsi basa Jawa minangka lambang kebanggaan dhaerah sangsaya susut. Ing acara "Uya Kuya" kang disiarake SCTV, ana sawijining pawongan kang ngaku manawa dheweke iku wong Batak. Nalika dihipnotis (pancen disengaja) pawongan mau kanthi lancar blaka manawa dheweke iku asale saka Yogyakarta.

Wong Jawa kang makarya ing sanjabane tanah Jawa mesthine duwe iketan batin kang kuwat marang tanah Jawa, bumi kelairane. Apa amarga wus manggon ing dhaerah liya mataun-taun banjur lali? Wong Jawa aja nganti ninggalake "Jawa"ne. Jawa iku ora mung katitik saka basane, nanging uga saka suba-sita, unggah-ungguh. Ing acara "Pelatihan Penulisan Basa Jawa" dina Minggu tanggal 6 Juni kepungkur, Triman Laksono, ngandharake manawa piyambake mongkog banget marang publik figure (artis) kang tetep bisa njaga "Jawa"ne. Nafa Urbach (saka Magelang), Titik Puspa, lan Siti Hardiyanti Rukmana (Mbak Tutut) bisa dadi tuladha. Wis dadi wong kang kondhang wae ora ninggal "Jawa"ne. Wong Jawa kudu nduweni rasa isin manawa diarani ora "Njawani". Aja malah isin manawa diarani kuna, ndesa, ketinggalan jaman, ora gaul, lsp".

Fungsi basa Jawa minangka basa pengantar ing sekolah wis ilang kaganti basa Indonesia. Basa Jawa amung digunakake kanggo basa pengantar ing Pembelajaran basa Jawa tingkat SD, SMP, SMA/SMK/MA kang wis ditetepake minangka muatan lokal wajib.

Panganggone Basa Jawa Sangsaya Arang

Manawa ditlusur saka urutan kang paling cendhek, yaiku kluwarga, cetha manawa para ibu mudha jaman saiki ngajak wawan gunem marang putrane kang isih balita (bawah limang taun) migunakake basa Indonesia. Kahanan kasebut mbok menawa ora mung ana kutha, nanging uga ing padesan. Bocahe Jawa, nanging basane ibu basa Indonesia. Ing tembe nalika bocah kasebut mlebu sekolah mesthi wae gawe repote bapak/ibu guru, mligine guru basa Jawa.

Ing sekolah-sekolah uga ora ana bedane. Siswa manawa guneman karo kanca-kancane uga migunakake basa Indonesia malah kacampuran uga basa asing. Mula kanggo ngawekani bab kasebut, Pemerintah Kabupaten Sleman netepake dina Setu minangka "Hari Bahasa Jawa". Kabeh sekolah lan instansi Pamarintah ing lingkungan Kabupaten Sleman diprayogakake migunakake basa Jawa. Program kasebut ora bakal kasil tanpa panjurung saka siswa, guru, lan karyawan.

Ing masarakat, panganggone basa Jawa uga sangsaya arang. Acara rapat Karang Taruna, PKK, Koprasi, Dasawisma, lan liyaliyane migunakake basa Indonesia. Malah kang luwih nrenyuhake para mudha wiwit apatis marang basa, sastra lan budaya Jawa. Jawa iku kuna, Jawa iku ndesa. Pancen jaman globalisasi lan modhernisasi nengenake samubarang kang sarwa maju. Nanging maju ora ateges kudu ninggalake tradhisi. Jepang lan Cina klebu negara maju kang kasil njaga tradhisine. Ya gene wong Jawa ora bisa?

Unggah-Ungguh Basa Sangsaya Ilang

"Le, ayo kondur dhisik!" mangkono pangajake sawijining ibu marang putrane kang isih sinau ana ing sekolah dasar (SD). Ukara

kasebut senajan unggah-ungguhing basa luput, nanging mratandhani manawa isih ana saperangan masarakat Jawa kang paring tuladha bab unggah-ungguh marang putra-putrane.

Nanging, kasunyatan ing masarakat, mligine tumrap bocah cilik lan nom-noman, akeh kang wis padha ora bisa ngecakake unggah-ungguh basa kanthi trep. Malah, kepara mung bisa migunakake basa Jawa ngoko wae. Guneman karo kanca, wong tuwa, utawa simbahe ora ana bedane. Anane basa Jawa dilebokake minangka muatan lokal wajib ing SD, SMP, SMA/SMK/MA mujudake salah sawijining cara kanggo ngawekani unggah-ungguh basa Jawa kang sangsaya ilang.

Ungkapan Idiomatik Wis Arang Dianggo

Simbah weling, "Besuk yen kowe wis kasil, mulya uripmu, aja lali karo kahanan kiwa tengenmu", aja kaya "Kacang ninggal lanjaran". Tuladha kasebut salah sawijining idiom Jawa kang asring digunakake ing wawan gunem padinan. Idiom Jawa sejatine bisa kanggo ngarani utawa nengeri wong kang tumindake becik utawa ala. Tetembungane digawe luwih alus supaya ora gawe seriking ati. Umume tembung kang kanggo pepindhan, yaiku araning kewan, barang tetuwuhan. Kang kalebu idiom Jawa, yaiku, (1) bebasan, (2) paribasan, (3) saloka, (4) tembung entar, (5) kerata basa, lsp.

Wong Jawa ing jaman saiki wis arang banget migunakake idiom. Mbok menawa generasi tuwa isih tepung lan mudheng karo idiom Jawa, mung wae wis ora digunanake ing wawan gunem padinan. Apa maneh generasi mudha? Tepung wae ora, kepriye anggone arep ngetrapake ing padinan? Basa kang digunakake para mudha ing jaman saiki luwih praktis. Ngarani wong kang tumindak ora becik ora wigah-wigih. Apa maneh kok nganggo pepindhan utawa mbandhingake?

Tuladha liyane, yaiku (1) digugu lan ditiru, (2) jaman edan, yen ora edan ora keduman, (3) ngono ya ngono ning aja ngono, (4) sakarepmu, (5) gugur gunung, (6) tut wuri handayani, (7) lengser keprabon madeg ratu, (8) jer basuki bawa bea, (9) niteni, nirokke, nambahi, (10) gemi, setiti, ngati-ati.

GUGON TUHON: PITUTUR SINANDI, ING UKARA KANG ORA TINEMU NALAR

Abdul Afif Rosyidi
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Mlati, Sleman

Kabudayan Jawa ana yaiku wiwit Jawa kuwi ana. Kabudayan kuwi bakalan terus ana yen wong Jawa kuwi isih ana. Salah sawijine kabudayan Jawa yaiku wong Jawa wiwit jaman biyen percaya marang mitos utawi dongeng sing durung mesthi bener lan orane, tuladhane Gugon Tuhon. Kabudayan iki wiwit biyen nganti saiki isih diugemi dening saperangan wong Jawa. Apa ta gugon tuhon kuwi? Gugon tuhon saka tembung *Gugu* + *an* sing ateges percaya marang kadayaning liyan utawa miturut marang pitutur lan *tuhu* + *an* sing tegese setya, mantep, utawa temen (Poerwodarminta, 1939:116). Dadi gugon tuhon bisa ditegesi ngandel marang prakara sing dianggep duwe kadayan ngungkuli kodrat, nanging sejatine ora ana (Poerdarminta, 1939:1954), kamangka yen *dikaji* utawa di teliti maneh apa sing dianggep ora mlebu nalar sejatine duwe pitutur utawa piwulang sing mlebu nalar.

Gugon tuhon kaperang dadi 3 (Subalidinata: 1968:16) yaiku gugon tuhon salugu, gugon tuhon kang isi pitutur sinandi, lan gugon tuhon kang kalebu pepali utawa wewaler. Sing kapisan yaiku gugon tuhon salugu yaiku gugon tuhon kang mirip karo crita utawa dongeng kuna, tuladhane bocah sukerta. Bocah sukerta yaiku bocah sing tansah katiban apes mula kudu diruwat yaiku ditanggapke wayang kanthi lakon Amurwakala, supaya ora dipangan Bathara kala. Tuladha bocah sukerta yaiku *bocah uger-uger lawang, kembang*

sepasang, kedhana-kedhini, ontang-anting, sendhang kapit pancuran, pancuran kapit sendhang, lan liya-liyane.

Kapindho, gugon tuhon kang isi pitutur sinandi yaiku gugon tuhon sing isine pitutur utawa piweling sing sinandi. Gugon tuhon iki isine piwulang sing kudu dijarwakake. Titikane kanthi tembung ora ilok utawa aja. Tuladhane aja ngidoni sumur, mundhak suwing lambene, aja lungguh bantal, mundhak wudunen, ora ilok nyelehke lading diedegake, ora ilok wong ngandhut lungguh tampah, ora ilok nyapu bengi, aja mbuwang uwuh aneng longan, ora ilok nyapu diendheg ana tengah lawang, ora ilok ngandhang kebo ana ing njero omah, lan liya-liyane.

Katelu, gugon tuhon kang kalebu pepali utawa wewaler. Gugon tuhon iki wujude pitutur sing wujude wewaler. Yen nerak gugon tuhon iki bakal nampa kedadean sing nganeh-nganehi. Tuladhane wong-wong kang manggon ing desa Klepu (kulon Yogyakarta) ora kena nanggap wayang kulit, mergane jaman biyen yen ana wong Klepu nanggap wayang sawise mesthi mati, ana uga sing omahe kagrudug watu nanging ora ana wong sing balangi, wong ora katon.

Miturut ngelmu filsafat, anane gugon tuhon bisa didelok saka *aspek Ontologis, epistimologi,* lan *aksiologis*. Miturut *aspek ontologis* gugon tuhon iku minangka kawruh sing ora tinemu nalar (ora rasional), maksude ora ana sangkutpaute antarane gugon tuhon karo akibat saka nerak gugon tuhon kuwi. Tuladahane yaiku ukara aja ngidoni sumur, mundhak suwing lambene. Ana ing ukara kuwi ora ana gandheng cenenge utawa ora tinemu nalar antarane lambe suwing karo ngidoni sumur. Nanging sejatine ukara kuwi nduweni pitutur sinandi kang tinemu nalar, yaiku aja ngidoni sumur mergane sumur kuwi banyune dianggo masak, ngombe, umbah-umbah, lan liya-liyane. Saupama diidoni mundhak reged, apa maneh yen wong kang ngidoni duwe penyakit kang bisa nular sarana idu mau.

Yen katilik saka *aspek epistimologi*, gugon tuhon kuwi diomongke bener merga saka asiling cipta, rasa lan karsa. Maksude gugon tuhon kuwi tinemu nalar merga diwedhar kanthi *logika*.

Mergane kayata kang mau dikandhake yen gugon tuhon kuwi ora tinemu nalar, nanging yen *dilogika* gugon tuhon kuwi ana benere.

Saka *aspek aksiologis* gugon tuhon kuwi nduweni paedah minangka ngelmu pitutur sing ndadekake wong Jawa luwih becik tumindake kanthi tembung lan ukara gugon tuhon. Mergane gugon tuhon sing minangka paugeran sing ora katulis kuwi, ndadekake wong Jawa nalisir saka tumindak sing ora becik, kayata ngidoni sumur.

Kayadene wis dibabar ing ngarep, yen gugon tuhon kuwi minangka pitutur sinandi sing kayane ora tinemu nalar, naging sejatine minangka pitutur luhur sing bisa tinemu nalar. Ing ngisor iki saperangan tuladha gugon tuhon sing di jarwakake kanthi *logika*. Saliyane ukara Aja ngidoni sumur, mundhak suwing lambene

1. Aja lungguh bantal, mundhak wudunen
   Mergane bantal kuwi dienggo ajang sirah, saru yen banjur dilungguhi.
2. Ora ilok nyelehke lading diedegake
   Mergane mbabayani yen nyelehke lading diedegake, yen ana sing nyampar mundhak cilaka.
3. Wong ngandhut lungguh tampah, ora ilok
   Mergane ora pantes ana wong meteng lunguh ing tampah tur saru, mergane tampah kuwi dudu papan kanggo lungguh, bisa-bisa tampahe malah bodhol.
4. Nyapu bengi, ora ilok.
   Mergane jaman biyen jogane isih lemah tur peteng, dadi yen nyapu wayah bengi mundhak ora resik, tur lebune tekan ngendi-endi. Apamaneh yen lebune nganti ngregedi peturon apa pangan.
5. Mbuwang uwuh aneng longan, ora ilok
   Cetha yen buwang uwuh neng longan ndadekake kamare reged, tur yen uwuh dibuang neng longan angel anggone ngresiki.
6. Ngandhang kebo ana ing njero omah, ora ilok
   Mergane taine kebo kuwi mambu tur akeh penyakite, dadi wajar yen ora apik ngingu kebo ing njero omah.

7. Nyapu diendheg ana tengah lawang, ora ilok
   Mergane lawang kuwi dudu panggonan dinggo buwang uwuh, tur saru yen ana tamu naning lawange kebak uwuh.
8. Prawan ora kena lungguh utawa mangan ing ngarep lawang mundhak ditampik jaka.
   Mergane ora pantes ana prawan lungguh ing ngarep lawang, ora mung prawan sapa wae ya ora apik, mergane lawang kuwi dienggo liwat, mundhak ngalangi wong sing arep liwat. Apa meneh lawang dudu papan kanggo mangan yen ketendhang wong sing liwat malah dadi ora sida mangan. Kamangka jaman biyen wong golek pangan kuwi angel.
9. Prawan yen nyapu ora resik mundhak bojone brewoken
   Ora mung bocah prawan, sapa wae yen nyapu ora resik mesthi ora apik.
10. Bocah cilik ora kena lunga wayah surup mundhak digondol kalong wewe utawa dipangan candhik ala.
    Nalare yen wayah surup kuwi dinggo ngibadah neng mesjid lan ngaji. Apa maneh yen wayah surup akeh kewan-kewan sing duwe wisa pada metu.
11. Wong nom ora kena mangan brutu, mundhak dadi lalen (gampang lali)
    Mergane jaman biyen wong kuwi anake akeh, kamangka yen beleh pitik kuwi mung siji, dadi brutune ya mung siji. Kamangka jarene brutu kuwi sing paling enak dhewe, mundhak padha rebutan malah dadi udreg.

Sejatine isih akeh tuladha gugon tuhon sing liyane, nanging ora cukup yen dibabar kabeh ana ing kene. Iki mung dienggo tambah ngelmu kanggo sapa wae sing seneng marang kabudayan Jawa, lan uga kanggo *wacana* yen sejatine gugon tuhon sing kayane ora tinemu nalar, nanging yen dipenggalih sejatine tinemu nalar.

Ana bab liya sing bisa didadekake *wacana* yaiku yen gugon tuhon kuwi minangka paugeran sing ora tinulis, nanging luwih dianggep lan dipercaya tinimbang paugeran sing digawe pama-

rentah. Yen awake dhewe arep jujur isih ana saperangan wong sing luwih wedi marang gugon tuhon tinimbang paugeran sing digawe pamarentah. Saupama pamarentah bisa nggunakake *kearifan lokal* iki minangka saperangan saka paugeran sing gawe, bisa dadi masyarakat luwih manut karo paugeran kuwi mau. Tuladhane aja nganggo klambi ijo, yen rep dolan neng samudra kidul, mundhak digawa dening Nyi Roro kidul. Saperangan wong luwih percaya marang gugon tuhon kuwi, tinimbang papan pangumuman kang isine wewaler kang dipapanake ing sakpinggiring samudra, sing mratelakake yen ora entuk padha adus ing papan iku.

Dadi gugon tuhon iki minangka pangejawantahan saka cipta, rasa, lan karsa kang manunggal dadi kabudayan kang kudu diuri-uri kanggone wong Jawa, supaya anak putune sesuk ora kelangan oncor kabudayane dhewe, lan ora ndadekake "Wong Jawa Ilang Jawane".

MERI KAYA MERI. KERI YEN KERI

Fajar Agustia Prihandono
Guru Bahasa Jawa SMKN 1 Kalasan

Meri kerep banget kita rasakake. Utamane nalika para kanca lagi nandhang bungah. Aku isih kelingan. Jaman semono, nalika kanca-kancaku padha diwisuda atiku bungah lan mongkog. Melu seneng. Senajan ta aku ora bisa mbarengi. Senajan aku mung bisa nonton saka kadohan.

Nanging sakwise daktlesih maneh, jebul ya ana rasa meri ing sajroning ati. Meri amarga kanca-kancaku wis bisa lulus kanthi cepet. Bisa lulus ndhisiki, kamangka aku durung bisa.

Ing perkara kaya kuwi, bungah karo meri pancen tipis banget watese. Apa satemene awake dhewe melu bungah amarga kanggo nutupi rasa meri? Gelem ngakoni apa ora sejatine ya mengkono. Meri amarga keri. Meri amarga didhisiki.

Nalika aku ngajak geguneman kancaku kang padha-padha durung lulus kanyata padha wae. Senajan melu seneng ya tetep ana rasa meri. "Saking senenge nganti aku wegah teka ing acara wisudane kanca-kanca. Mendhing mulih wae. La piye? Senajan melu seneng nanging kok ya tetep sedhih." Ngono aloke kancaku.

Kuwi mung saperangan tuladha manawa rasa meri kerep banget kita rasakake nalika wong liya nandhang bungah. Rasa meri sejatine *manusiawi* lan lumrah. Nanging awake dhewe kudu bisa ngadhepi kanthi rasa kang sumeleh. Aja mung meri. Luwih apik maneh menawa meri kang kita rasakake bisa kanggo *motivasi* utawa nyangkuyung awake dhewe supaya bisa luwih apik. Wong liya bisa, aku ya mesthi bisa.

Kanggo ngayem-ayemake ati tinimbang terus-terusan meri elingana unen-unen Jawa "Aja nggege mangsa". Tegese aja mburu wektu kamangka durung mangsane. Pancen wong liya wis mangsane, nanging awake dhewe durung mangsane. Nrima ing pandum wae, nanging aja banjur nglokro.

Gusti kang Murbeng Dumadi kuwi duwe kuwasa, dene manungsa iku bisa. Tegese, Gusti kuwi pancen Maha Kuasa, nguwasani jagad saisine. Dene manungsa mung bisa usaha ewasemono Gusti kang nemtokake asile. Menawa wong liya kok luwih *sukses* saka awake dhewe ya atine sing sumeleh wae. Pancen kaya ngono lakoning urip.

Ana paribasan *"Rumput tetangga lebih hijau"*. Nyawang lakone wong liya kok sajake luwih kepenak. Beda karo awake dhewe, susah kok ora ana kandhege. Apa satemene kaya mengkono sejatine?

Nalika ketemu kancaku kang wis wisudha ndhisik, kancaku kuwi cerita ngenani lakoning urip sakwise diwisuda. "Senajan aku lulus luwih cepet, nanging aku malah dadi bingung. Wis wisuda, wis entuk ijazah nanging durung entuk gawean. Aku meri weruh kanca-kanca kang durung lulus. Pancen durung lulus nanging kok wis bisa nyambi-nyambi mulang ing sekolah, ora kaya aku. Sarjana pengangguran".

Urip kuwi pancen sawang-sinawang. Awake dhewe nyawang wong liya nanging wong liya uga nyawang awake dhewe. Awake dhewe nyawang wong liya uripe kok sajak kepenak. Coba takona wong liya, kepiye rasane nalika nyawang awake dhewe. Senajan awake dhewe durung urip mulya, nanging wong liya nyawang uripe dhewe sajake wis mulya.

"Sajake". Kuwi rak tembung kang durung mesthi bener kahanane. Tembung "sajake" padha wae tegese karo tembung ketoke. Menawa ana tetembungan utawa ukara kang diwiwiti tembung "sajake", *makna* utawa tegese durung mesthi kaya kang digunemake. Durung mesthi kaya kang disawang.

Ana unen-unen Jawa kang unine "Aja dadi wong kang kuciwa uripe, amarga iku dudu laku kang utama". Unen-unen mau

kuwi resepana sajroning ati. Aja nganti kita kuciwa marang lakon urip kang lagi ditandangi. Pancen pesthene kaya mengkono Dadi ora usah sumelang nalika kanca-kanca luwih *sukses* saka awake dhewe. Saben wong satemene duwe lakon dhewe-dhewe. Wis ginaris ing sajroning uripe dhewe-dhewe.

Dadi, aja nganti ngingu rasa meri ing sajroning ati. Rasa meri kuwi malah tansaya nggawe awake dhewe dadi tambah keri saka liyan. La piye ora keri menawa awake dhewe mung nyawang uripe wong liya. Nglokro lan sesambatan. Ora ana tumindak nyata kang dilakoni supaya bisa.

Meri (Ind: iri) kaya meri (Ind: anak bebek). Keri (Ind: tertinggal) yen keri (Ind: geli). Menawa meri pasuryane dadi kaya meri. Menawa keri ndhak mengko *geli* amarga kaya diithik-ithik wong liya kang gawe keri. Senajan keri aja nganti atine dadi keri. Lan kabeh wis duwe pinesthen dhewe-dhewe.

Meri kaya meri. Keri yen keri.

RASULAN

Dhanar Widianta
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Prambanan

Tanduranira wijilana, uripana, wasuhana, anyarana, sumilirana, wijilana tanduranira.
– Anonim

Sawijining desa Kabuyutan ing wewengkon Gunungkidul, udakara 5 km mengalor saka kutha Wonosari, mbokmenawa bisa menehi warta bab manungsa; bab ngapa wong-wong Gunungkidul lan wong Jawa lumrahe rumangsa nduweni apa sing diarani *rasulan*.

Tapak tilasing desa Kabuyutan mau (yen wong Sunda ngarani *karuhunan*) tinemu ing Sokoliman lan Gunungbang; tlatah sakiwa tengene Kali Oya, Desa Bejiharjo, kang endahing lansekap wit-witan kayu putih kang jembar kaya-kaya sengaja nutupi apa sing bisa kewiyak ing kana: tuk banyu kuna, fragmen kapak, gerabah, kuburan watu, manik, lingga kang wujude kaya 'saka' (cagak), akeh artefak liyane. Mbokmenawa mung othak-athik gathuk ing tembung *sokoliman*: kang ateges saka cacah lima. Teges mau wujudake anane desa Kabuyutan kang dumadi saka limang *penjuru angin*, yakuwi Pon. Wage, Kliwon, Legi, Lan Pahing. Yen nganggo basane Mircea Elliade, iki diarani kesatuan *pusat-pinggiran*. Utawa, konsep *mandhala* kanggo wong Timur umume. Yen gelem jujur, tata desa utawa mandhala mau uga dianggo ing peradaban endi wae, kayata; Mesir, Sumeria, Mesopotamia, Mohenjodaro-

Harappa. Pranatan mau nggambarake lair batine pranatan desa, pranatan ing jaman biyene, nadyan ana sawetara ngelmu kang ngandharake yen wektu biyen-saiki-mbesuk iku ora ana. Tegese, wektu iku padha: wektu mung saiki thok thil. Nanging, kita uga perlu manganggo cara sing partikular supaya bisa mangerteni. Cekak aose wong-wong Kabuyutan Sokoliman nyedhaki banyu, ing pinggiring Oya (oya=wway=banyu) karana banyu iku nguripi sing bisa urip, kaya ta tetaneman lan kewan, uga apa sing diarani desa. Banjur padha nenandur.

Jaman biyen pancen sadawane pitakonan. Akeh kang tinemu iku wantahe dudu bahan sing tahan suwe, nahan kridhaning jagad. Manungsa lumaku, jagad ya mlaku, terus mulur. Nunggu wektu kapan mungkret, banjur *supernova*, banjur peteng. Lan mung peteng. Ananging ritual-ritual kang ana ning bumi nuduhke yen ana "sawijining ana" sing tahan luwih suwe, lestari, yaiku penggalihane wong-wong Kabuyutan. Penggalihane masyarakat agraris ngresepi jagade, ngurmati Gustine sanajan banget prasajane.

Tonybee ngomong manawa kabudayan pisanan kuwi agraris wong-wonge ora bisa ngembangake ilmune merga urip *nomaden*. Ing fase iki manungsa isih "separo kewan"; anane mung mburu lan mangan. Suwening suwe masyarakat agraris mau (kalebu wong Jawa) banjur sistem kabudayan kang luwih kompleks, kalebu ing bab religi utawa kapercayan. Diaturke Mulder masyarakat Jawa kuwi percaya marang kekuwatan kang ngluwihi kekuwataning manungsa yaiku kekuwatan adiduniawi. Kapercayan mau nuwuhake sedya kanggo manembah marang Gusti. Yen ngrujuk ngelmu fisika modheren, harmoni kuwi ora kumudu padha, nanging bisa kolaborasi antarane *cheos-cosmos* umpamane. Yen ing mitologi ana *oposisi-binari* duniawi-adiduniawi umpamane. Gampange, sawijining 'ana' kuwi mbutuhake 'ana' liyane, supaya mlaku luwih imbang lan sampurna. Mangkono, wong-wong Kabuyutan titip penggalihan lumantar ritual-ritual, kaya dene *merti bumi* utawa *merti desa* kang ing wektu saiki—Juni tekane Agustus—diadani ing wewengkon Gunungkidul. Awit spirit 'Islam,' upacara mau banjur diwenehi tenger upacara *rasulan*.

Rasulan nuduhake yen ing Jawa uga lumaku idheologi Islam. Sanajan mangkono kaya diceritakake Zoetmulder, Ulil, utawa Gus Dur, kaya-kaya Islam teluk marang Jawa, dudu Jawa teluk marang islam. Ana bab-bab *sui-generis*-e Jawa, kang lestari, kang awali, nadyan klambine Hindhu, Budha, Kristen, Tao, Islam utawa liya-liyane. Iku kesadharane wong Jawa, kang kanthi 'ora sadhar', dilakoni saben siklus wektu. Wong Jawa, kalebu wong Gunungkidul sakiwa tengen, tinarbuka marang idhe werna-werna, sauger cocog karo apa sing pinercaya ing 'rasa'ne, ing manahe. Mula, arep manganggo 'istilah' apa wae ora dadi perkara; bakal nganggo klambi apa wae ora masalah. Manawa nganggo kaca matane Freudian, rasulan iku wujudake anane *collective unconciousness, ketaksadaran kolektif.* Kanthi ora sengaja, masarakat Gunungkidul percaya marang kekuwatan kang murba alam donyane engga saben wektu perlu dirituali minangka peling lan rasa sukur.

Rasulan iku sawijining ritus 'ngrumangsani' kang mbokmenawa ora bakal cukup menawa diwaca nganggo Freud, Weber, Strauss, Saussure, Geertz, lan sakteruse. Marga, spiritual wong Jawa iku eling marang "ruhe", ngrasa marang agraris. Kamangka carane wong Barat maca samubarang 'jawa' iku ora mertimbangake dhimensi iki.

Upacara kaya rasulan iku mau stereotip, lan prototip lair ing dhaerah tropis, ing Asia Tenggara; ing *nusantara.* Tesis iki linandhesan penggalihan manawa kang diarani 'manungsa budaya' iku dumadine ing Indonesia; ing Ngandhong, Wajak, Solo, Trinil, Pacitan, Gunungkidul, lsp. Manungsa kang lair lan ngrembaka ing daratan semi-desertis Afrika iku 'separo kewan', banjur ngulandara (waca: migrasi) nuju Asia Tenggara kanggo golek papan kang 'nyengkuyung' kanggo ngembangke budaya. Mbokmenawa marga penggalihan iki mula manungsa iku duwe konsep 'ngulandara', 'hijrah', 'migrasi', lan sabangsane; kaya dene (kaum) Adam kang ing wektu-wektu bacute kudu ngulandara supaya 'suci'. Embrio rasulan iku wis 'kuna' banget, Saumur wong Jawa kang wiwitan. Mbokmenawa tokoh Aji Saka iku bisa digathukake karo

teges: sawijining 'aji' saka ras Saka, ras putih, kang laire ing pulo putih; Pulo Jawa. Mula, marga mangkono iku, ke-rasul-an iku asale saka alam. Saka putihe geni. Saka gunung-gunung. Saka lemah. Kang nglairake. Kang nyuburke. Kanthi tetuwuhan. Mbokmenawa saka iku uga banjur sinebut 'rasul', utawa 'utusan', utawa 'caraka'; utusaning 'langit' lan 'bumi'. Gunung—wakil langit—minangka *phallus*, bumi minangka yoni. Sang rasul banjur 'saresmi'—datasawala—supaya mikoleh wiji. Lair tetuwuhan. Ing wektu-wektu bacute, ing teks-teks, ing crita rakyat, ing mitologi, anane utusan iki diwakili simbul hierogami antarane Wisnu lan Sri. Ing crita, Sri maujud pari. Sri lan adhine, Saddana, ngulandara, sinambi nanem. Lan nanem. Banjur bali nyang kayangan jeroning "Sri Mulih"; mengkono yen ditilik lakone. Pari, dening manungsa mula Indonesia, Dravida, diarani *sarici* utawa *arici*. Ing budaya liya istilah iki duwe turunan *rice* (Eng.), *oryza* (Greek), *cerealis* (Latin), lsp. Lan kanthi anane pari, sumber panganan ing sakiwa tengene kali kang subur diajab ora bakal entek.

Simbul hierogami Wisnu-Sri iku bisa diwaca saka kesenian 'reyog' kang lumrahe dianggo ngregengake upacara rasulan ing Bejiharjo. Reyog *a la* Bejiharjo, kaya reyog gaya Gunungkidul umume, kang beda karo reyog Panaraga, nggambarake nyawijine Sang Panji lan Sekartaji; panjalmane Wisnu lan Sri iku dhewe. Simbul kuwi uga bisa dipirsani ing seni wayang beber Gelaran Bejiharjo, utawa ing seni Kethek Ogleng Bejiharjo. Mbokmenawa iki kang diarani saresmi, manunggal, supaya para utusan bisa kumleyang, bali menyang angkasa.

Asil wacan saka simbul kuwi, yen dijumbuhke karo kahananing masyarakat, kaya-kaya bisa nggambarake kaya ngapa masyarakat banget ngregani penggalihane lumantar kesenian ing upacara rasulan. Lha kepiye ora, sajeroning samangsa tanem, yen ditintingi, masyarakat luwih akeh nampa rugi tinimbang pametu sing cukup kanggo urip. Ngono wae digempil kanggo keperluan upacara rasulan. Apa maneh kanggo nyukupi tandhon panganan ing wulan-wulan ngarepe. Mbokmenawa iku maknane 'wiji'

tumrape masyarakat: dhuwit kanggo keperluan rasulan kuwi dudu wiji. Kosok balene, penggalihan kang dadi dhasar ngapa masyarakat kuwi tetep milih tetanen sanajan asile sacara material ora sepiraa kuwi luwih minangka wiji kang aji banget. Mula pantes dilestarekake. Marga wiji iku mulaning dumadi, wiwitaning kang 'ana'.

Sawuse tuwuh, ngrembaka, sumilir, banjur kapethik, tekan titi wancine diwujudake wiji maneh. Ing wektu kaya ngene iki, rasulan nggayuh maknane. Rasulan minangka sarana 'mulat sarira' babagan panataning jagad gedhe-cilik kang laras. Ing rasulan, papan-papan kaya dene kali, pundhen (leluwur kang dipundhi), banget digatekake. Kesadharan bab wigatine kali minangka sumber banyuning urip temen-temen dipapanake ing tataran kang urmat. Pundhen, luwih minangka pakurmatan kosmogoni bibit-kawit, leluwuring masyarakat. Kali lan pundhen diresiki kanthi gotong-royong, guyub, golong-gilig, lan sing cetha handarbeni, digawekke uba rampe 'sambel mandhing', diupacarani, ing pungkasan diwenehi simbul 'panjang ilang' kanggo mulyakake. Ritual iki tambah jangkep kanthi anane 'laku' kungkum ing kali minangka cara kanggo ngresepi alam, uga pasa ngebleng. Mbokmenawa iki kang diarani keimanan sejati marang alam sakisine; marang banyu, marang geni, marang lemah, lan marang angkasa ing papan rasulan diadani. Titi laksanane prosesi upacara rasulan nganggo kang diarani 'gunungan'. Gunungan, replika gunung, utawa bisa disebut geometri-sakral, minangka pemut tumraping masyarakat yen ana sawijining kekuwatan kang ora bisa diukur nganggo kekuwataning manungsa, kang mapan sajeroning manah, kang tinuju; kang bakal coba digayuh tekan kapan wektu.

Arep kepiye wae, kanthi reroncen upacara iku, kang ngandhung siklus uripe masyarakat, rasulan terus lumaku. Acara gumbregan utawa kendhuren ing sumber-sumber banyu dibacutake ing pusat pahargyan, ing bale desa Bejiharjo. Bejiharjo, beji (sumber banyu) lan harjo (subur, reja). Sukur diunjukake marang Kang Ngrancang Urip, kang duwe kuwasa ing lemah, taneman, banyu,

angkasa, lsp, kang nguripi, lan tarkadhang Si Urip iku dhewe. Ungeling gamelan kang ngisi sela-selaning prosesi upacara nambahi kempeling siklus ngaurip kang mulur-mungkret, ing sakgong-an banjur mungel maneh. Tledhek, campursari, reyog, kethoprak, dumadi minangka *mnemonic device*, pepeling. Tamtu wae wayang purwa ora klemput; wayang bab manungsa-manungsa purwa, manungsa mula. Lumrahe digelar minangka ruh; didadekke sesanti: martakake tresna marang para leluwur lan maca jagade kang isih gumelar.

Nganggo jeneng apa wae (rasulan, merti desa, wilujengan desa, bersih desa, sedhekah bumi, utawa liyane), kabeh mung minangka bukti anane 'dzat kang ora winates' kang adoh tumanem-sumare ing kesadharaning masyarakat Gunungkidul utawa masyarakat Jawa lumrahe. Kaya-kaya dheweke iku 'syariat awali' agama langit lan bumi, kang nyawiji. Daya kang tansah dumadi ing penggalihe, kaya dene pasangan-pasangan: nyawijine Wisnu-Langit lawan Sri-Bumi, utawa saresmine Chronos lan Gaia, utawa manunggale Lingga-Yoni, utawa para *caraka* kang *datasawala*, utawa banyu sari patining ngaurip klawan mata ari. Kekuwatan utawa 'impen-impen' mau pancen akeh jenenge, gumantung sapa lan apa modhale kang dinggo ngarani, bias Sing Gawe Urip, Sing Nguripi, Si Wenang, Gusti, Brahman, Paramatman, *Supreme Being, Wholyone, Ego Tak Terbatas,* Allah, utawa kang dening sawetara manungsa diarani Si Dhanyang (Dhang-Hyang).

Eman rasulan ing Bejiharjo ing taun iki, ing Selasa Wage, rasa beda. Masarakat kang ambyuk ing lapangan, gumbira, saperlu mirsani bebering reyog, kaya-kaya mung pancen pengin suka-suka. Aja-aja kuwi wis dadi kasunyatan ing wektu iki. Masyarakat ora sadhar manawa rasulan wis dadi saderma 'pesta' biasa marga donya kang tansaya ora ngepenaki. Prilaku 'ndesa' kang ngregani alam owah dadi '*ngurban*' utawa 'ngutha' kanthi nyepelekke alam. Kali, tlaga, guwa, kali ngisor gunung kapur, belik, lan sumber banyu liya arang diresiki. Wit-witan gedhe kang nahan banyu ditegori, dianggo toko utawa bisnis pribadi. Yen mengkene,

apa sing diarani 'maju' kadhang kala malah ngendheg lakune alam marga manungsa kudu menggalih woh tumindake dhewe sing tansaya ngrepoti, akeh, lan kompleks. Wiwitane rasulan pancen ngajak urmat marang alam. Nanging, ing wektu iku uga nggiring marang hedhonisme lan 'modhernisme keblinger' merga wis ngiwakke konservasi. Rasulan mung dadi ritual kang kudu dilakoni ing saben wektune ananging mlarat rasa.

Aja-aja jangan lombok ijo jangkeping upacara rasulan ing taun iki anyeb; aja-aja gunungane sing apik-apik iku ampang?

DONGENG MINANGKA PIWULANG MORAL, INTELEKTUAL, LAN SPIRITUAL

Sumaryono
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Gamping

Majuning ilmu pengetahuan lan teknologi ing Indonesia nuwuhake *dampak positif* lan *negatif* kang bisa uga ngowahi tatanan sosial. Utamaning owah-owahan iku dumunung ing *tata nilai* lan *pandangan hidup* masyarakat marang paugeraning pasrawungan. Kanggo conto, ing wektu iki akeh *media* elektronika utawa cetak kang padha nyuguhake tayangan kang blak-blakan (*vulgar*), kayata ontran-ontran, mabuk-mabukan kang satemah gawe rajapati, sek bebas (*free sex*), rampok, ruda peksa, maling, narkoba, *pembunuhan*, gambar/video porno ing internet, lan kang lagi *booming* ing wektu iki, yaiku 'video porno mirip artis' kang perkarane ora karuwan juntrunge. Kahanan iki minangka salah sawijining pratandha *dekadensi moral* kang mrihatinake tumrap para mudha uga masyarakat umume. Kang luwih parah, yaiku akeh para pejabat kang tansaya mikirake kabutuhan lan golongane, prasasat seneng-seneng ing sandhuwure rakyat kang padha susah. Yen maneka warna perkara iku gampang diakses lan ditiru para siswa minangka generasi penerus, bakal dadi apa donya kang saya tuwa lan kebak ura-ura ruhara iki?

Kabeh kahanan kang mangkono iku, sumbere dumunung ing bab moralitas manungsa kang jejogedan ing alam padhang. Nilai-nilai moral kudu ditanemake lan dicakke dening sapa wae utamane ing tengahing bebrayan. Yen ditegesi, moral iku bisa diarani paugeran kang disarujuki gegayutan karo tumindak kang

dianggep ala lan becik ing madyaning sesrawungan. Percaya lan diakoni apa ora, minangka pondhasi saka piwulang bab moral iku ya pendhidhikan agama lan budi pekerti. Ing jaman saiki, kaya ngapa ta kahanan bab wulangan agama lan budi pekerti? Mung saderma ritual wulangan, kurang kesadharan bab pentinge agama lan budi pekerti, apa malah mung dadi wulangan minor? Coba dipenggalih bareng-bareng, yen ana saweneh bocah nakal, mbejujag, kurang ajar, ora ngerti tata krama, sapa kang disalahke? Lupute wong tuwane, sedulure, simbahe, gurune, kanca srawunge, apa negarane? Yen golek bener lan lupute, dakkira ora bakal rampung perkarane. Cethane, kabeh mau yut-ginayut, ana gandheng cenenge, uga *sistemik* nadyan ora katon mlaha.

Kang perlu digagas lan digadhang, yaiku *revitalisasi* piwulang marang para siswa. Nilai-nilai moral mau kudu diwulangake marang bocah wiwit cilik saka lingkungan kulawarga, sekolah, lan masyarakat. Yen ing pamulangan formal isih ditengenake kapinteraning nalar (*kognitif*), mula perlu dirembug maneh ing ngendi papan kanggo wulangan bab kaprigelan (*psikomotorik*), lan rasa-pangrasa (*afektif*). Kasunyatane, akeh wong pinter nanging ora prigel lan ora bisa srawung kanthi becik lawan sapepadhane. Bab iku ana gayutane karo paradigma *Multiple Intellegence*, yaiku kecerdasan pikir (*Intelligence Quotient*), kecerdasan pangolahing rasa (*Emotional Quotient*), lan kecerdasan olah batin (*Spiritual Quotient*). Yen bisa nduweni tetelune mau, dheweke pantes sinebut wong kang wis mapan jiwa lan pikire.

Ana saweneh cara kanggo mulangake nilai moral, salah sijine yaiku kanthi media karya sastra. Karya sastra iku sarana kanggo mahyakake panemune pengarang (*imajinatif*) lan pengarang iku uga bageyaning masyarakat. Mula, yen ana crita kang katulis dening pengarang, iku ora ateges mung crita ngayawara. Nanging, kajupuk saka kedadeyan ing alam donya kanthi nenging pikir (*kristalisasi*) lan minangka kaca benggalaning panguripan (*mirror*). Karya sastra iku uga asipat estetik, lan mupangati utawa *dulce et utile* (tembunge Horace). Estetik ateges bisa gawe seneng kang

maca, saka aspek basane, lakon ceritane, utawa unsur *instrinsik* liyane. Dene mupangati ateges karya sastra iku ngandhut nilai-nilai moral utawa pitutur minangka gegambaraning srawung lan uriping manungsa. Kanthi mangkono, karya sastra iku bisa kanggo sarana mulang babagan moralitas.

Kabeh sastra iku duwe prinsip kang padha, embuh sastra Inggris, Jepang, Perancis, Arab, Indonesia, apa maneh sastra *dhaerah*. Banjur kepriye carane milih karya sastra kang cocog kanggo mulangake babagan moralitas mau? Kabeh sastra mau bisa digunakake kanggo *referensi* bab piwulang laku utama, gumantung kanggo sapa lan sapa sing medhar. Sastra Jawa dhewe bisa kaperang dadi jaman Jawa kuna, tengahan, anyar, lan modhern. Akeh pujangga-pujangga kondhang kang nganggit lan nulis bab piwulang, ing antarane serat Mahabharata, serat Ramayana, susastra-susastra Suluk, serat-serat kaprajan, lan liya-liyane kang bisa dirunut ing perpustakaan dhaerah utawa pribadi. Dene ing jaman Jawa modern iki akeh cerita cekak, novel, geguritan kang gampang diprangguli ing toko buku, perpustakaan, apa dene internet. Kabeh mau bisa ditegesi minangka sumber piwulang lan gegambaraning polah lampah manungsa kang kalebu ing sastra tulis.

Kanggone bocah-bocah kang lagi seneng-senenge nyemak crita, ana karya sastra kang kalebu sastra tutur, yaiku dongeng. Miturut ahli folklor (Danandjaja), dongeng iku minangka cerita cekak kolektif kasusastran lisan. Kanthi nuturake piwulang liwat crita utawa dongeng, diajab para siswa bisa gampang nampa lan mangerteni pitutur kang kamot sajroning karya sastra. Ora cukup semono, uga kaajab para siswa banjur bisa ngecakake piwulang becik mau ing madyaning sesrawungan. Dongeng dicritakake utamane kanggo hiburan, nanging uga bisa ditegesi kanggo srana piwulang. Ing buku riptane kang asesirah *Pemandu di Dunia Sastra* weton Kanisius Yogyakarta, Hartoko (1986: 34) menehi watesan marang dongeng kaya mangkene. Kapisan, dongeng kang diturunake kanthi cara regenerasi, pengarange anonim, tanpa cathetan bab papan lan wektu satenane, biasane dipungkasi kanthi

happy ending, ukara lan dhapukane prasaja. Kapindho, dongeng *berbudaya* kang ditulis pengarang kanggo kalangan *berbudaya* uga. Adhedhasar pratelan kasebut, ciri lan titikaning dongeng bisa kaprinci, yaiku (1) dadi duweke bareng-bareng (kolektif), (2) asipat fiktif, imajinatif, (3) ngandhut piwulang moral, (4) minangka bageyaning folklor lisan lan diwarisake turun-tumurun, (5) ora kaiket papan lan wektu, lan (6) basane prasaja. Sastra dongeng akeh-akehe nggambarake donyaning reka-reka (khayalan). Kanthi mangkono dongeng luwih disenengi, dirungokake, lan diwaca dening bocah-bocah.

Nyiapake generasi penerus kanthi mateng iku mangaribawani majuning bangsa, utamane mateng ing bab tumindak kanggo ngadhepi urip. Ing sajroning piwulangan bab dongeng, para siswa kudu luwih dhisik diwulang kapercayan marang kuasaning Gusti Kang Murbeng Dumadi. Kanthi mangkono, wiwit cilik bocah wis diwulang ngaturake syukur marang paringaning Gusti lan diajari nglakoni kewajiban ibadahe. Iku minangka pangolahing mental spiritual supaya dadi manungsa kang bekti marang Sang Khaliq. Dongeng kang cocog kanggo ngelingake bab iku ya dongeng-dongeng kang ana gegayutane karo lelakone wong-wong suci. Wong tuwa lan guru bisa menehi katrangan bab kiyamat lan siksa kubur minangka kanggo pepeling. Saliyane iku, percaya marang takdir uga aja lali diwulangake, mligine kang magepokan karo jodho, pati, lan rejeki. Kanthi mangkono, anak bisa luwih sabar lan sumeleh marang kang wis ginaris dening Gusti. Awit manungsa tan bisa selak saka kabeh iku. Mulane, manungsa kudu tansah dedonga lan ngupaya.

Dongeng kanthi tema bab manungsa, masyarakat, lan alam sekitar iku minangka kaca benggalaning donya pasrawungan. Manungsa ora bisa urip dhewekan (*individualis*). Ing saben dinane butuh wong-wong lan paraga liyane (sosial) kanggo nyukupi sakabehing panguripan. Mula saka iku, piwulang bab tulung-tinulung, urmat marang kabeh titahing Gusti, ngajeni marang liyan, empan-papan, asih-tresna, guyub-rukun, tanggung jawab, rila-

narima, andhap asor, ora kumalungkung, ora srei-drengki-pokil-jail-methakil, lan sapanunggalane kudu didunungake kanthi becik. Kabeh mau kanggo ngupaya supaya urip iki dadi tentrem lan mlaku kanthi samesthine. Mula saka iku, yen dibundheli, dongeng kang diwenehke iku bisa bab kang ngandhut nilai moral antaraning manungsa klawan Gustine, manungsa siji klawan liyane, manungsa iku dhewe, lan manungsa karo alam sakiwa tengene.

Pitakon sabanjure, kepiye cak-cakane supaya dongeng bisa nggugah kaprigelaning siswa ing bab kognitif, psikomotorik, lan afektif mau? Nah iki, ndongeng ing pamulangan jaman saiki kudune ora mung winates tekan ngrungokake dongenge wae. Tegese, yen guru rampung ndongeng, pitakone dudu apik lan alane, lucu lan orane nanggone dongenge. Nanging kudu nganggo *metode* 'melibatkan aspek ketrampilan berbahasa' kang kudu diajarke marang para siswa yaiku nyemak, nulis, maca, micara, ditambah maneh simulasi/praktek. Cak-cakane, siswa nyemak dongeng banjur nulis identifikasi apik utawa alane tumindak paraga; ing bageyan ngendi, nglimbang kepriye yen kedadeyan mau nemahi para siswa, banjur ngecakake kang becik iku kaya ngapa prakteke lan kang ala iku kaya ngapa gambarane (bisa kanthi lesan/maca/micara). Gampangane, identifikasi iku ateges wis nganggo olah pikir (kognitif) lan nalar intelektual, nglimbang-nglimbang iku ateges nganggo olah rasa (afektif) gayut karo moral-spiritual, lan ngecakake ing simulasi iku ateges nganggo olah trampiling tumindak (psikomotor). Kanthi cara mangkono, siswa ora mung diwenehi barang kang mateng, nanging dilatih ngolah lan ngecakake kaprigelane supaya ing tembe duwe gambaran lan pengalaman (*experience*) kanggo ngadhepi perkaraning urip ing pasrawungan. Kacaba kuwi, yen arep tumindak kudu sarwa dipikir lan dilimbang ala becike, ngugemi deduga, prayoga, watara, lan reringa ing saben jangkah lakune. Kabeh iku kanggo nggayuh 'memayu hayuning bawana', ngupaya slameting donya utawa *imbang ing* antaraning 'jagad gedhe' (*makro kosmos*) lan 'jagad cilik' (*mikro kosmos*). Nuwun.

NGONO YA NGONO, NANGING AJA NGONO

Diyan Hastari
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Minggir

Manungsa pancen kudu bisa angon wektu. Kudu bisa migunakake wektu kanthi titi, tata, titis, lan tatas.

Menawa ana pawongan kang ngendika wektu kuwi larang, sejatine pancen mengkono kasunyatane. Kita diarani *sukses* utawa kasil anggone angon wektu menawa ora ana wektu kang kebuwang muspra siya-siya. Tansah ana perkara-perkara apik kang bisa dilakoni senajan wektu kuwi kanggo ngaso. Menawa kang kedaden sewalike, yaiku seneng mbuwang wektu kanggo perkara-perkara kang ora migunani kuwi kang diarani ora bisa angon wektu.

Sedina iku ana 24 jam. Kabeh wong duwe wektu kang padha. Ora ana sing luwih lan ora ana sing kurang. Ewasemono akeh wong kang sambat ora duwe wektu. Rasane 24 jam sing diparingake dening Gusti kuwi cepet banget. Nembe wae wungu sare, eh ngerti-ngerti wis bengi maneh. Ora krasa yen wis wektune kanggo sare maneh. Persis kaya lagi nonton film, wektune kok ya cepet banget.

Banjur, sapa sing luput? Wektu apa awake dhewe?

Sing luput ya sapa maneh. Mesthi awake dhewe. Kita asring ora bisa mbagi wektu kanthi bener lan pener. Akeh wektu sing asring kebuwang muspra. Ora *produktif.* Patlikur jam kuwi wektu sing dawa lan cukup menawa dicakake kanthi tliti. Nanging awake dhewe kerepe durung bisa. Coba, menawa sedina kuwi

luwih saka 24 jam apa kang bakal kita tindakake? Pitakonan kuwi satemene ora bisa diwangsuli, menawa kulina salah anggone ngatur wektu. Pegawean sing kita ayahi padha wae, isih kuwi-kuwi wae. Ora suda, malah tambah. Ewasemono kerepe malah tambah akeh wektu sing muspra siya-siya.

Akeh wong sing sesambat amarga gaweyane akeh, ora sumbut karo wektu sing diduweni. Ora gumun menawa akeh sing sambat wektune kurang. Satemene dudu wektune sing kurang, aja-aja pancen awake dhewe sing durung bisa ngecakake wektu kanthi bener. Pikiran kurange wektu satemene ora bakal ngrampungake perkara, kang perlu kita tindakake mung ngatur wektu supaya luwih *efektif*. Dadi bakal akeh wektu sing bisa kanggo nindakake kagiyatan liya.

Wong jaman saiki akeh kang senenge ngrendhe utawa nundha gawean. Alesane maneka warna. Wektu kang diduweni kanggo ngrampungake isih akeh lan suwe, isih bisa digarap sesuk-sesuk, lan pegawean liya sing ditandangi isih akeh. Kuwi saperangan alesan kang kerep kanggo mbenerake awake dhewe. Nanging menawa digatekake, kuwi kabeh sabenere mung alesan wae.

Satemene ngrerendhe pegawean kuwi njalari awake dhewe kerep kelangan wektu kanggo nggarap pegawean liya. Pegawean sing numpuk pirang-pirang dina pancen bisa dilembur nanging konsentrasine dhewe bakal bubrah amarga akeh sing kudu dirampungake.

Piye carane supaya kita bisa ngatur wektu kanthi patitis? *Disiplin*, kuwi kuncine. Gawean kang ana dirampungake ndhisik, aja ngenteni tekan sesuk-sesuk. Mbokmenawa ya sesuk-sesuk ana pegawean liyane, dadi ora numpuk-numpuk. Menawa pegaweane numpuk-numpuk awake dhewe kaya dioyak-oyak, njalari mumet lan puyeng, pungkasane malah ora rampung kabeh. Dadine kesusu kesaru. Kesusu anggone ngrampungake pegawean dadine asile ora maremake

Manungsa pancen kudu bisa angon wektu. Kudu bisa migunakake wektu kanthi titi, tata, titis, lan tatas. Tata tegese cara kerja

kang tliti dadine asile bakal sampurna lan migunani. Titi tegese sikap kang patitis anggone ngrampunake pegawean. Titis ngandhut makna tepat sasaran, efektif, lan efisien. Trep karo pangarep-arep kang wis dicak-cakake. Dene tatas ngandhut teges tuntas, rampung kanthi asil kang sampurna.

Ana pitutur Jawa kang unine "*alon-alon waton kelakon*". Alon-alon tegese ora grusa-grusu. Kelakon tegese bisa kaleksanan, bisa rampung. Alon-alon waton kelakon duwe makna senajan alon nanging bisa rampung, bisa kalakon apa kang dikarepake. Tembung alon-alon ing kene ngemot teges tumindak kang titi lan tliti.

Pancen bener. Waton bisa kelakon kanthi apik, ora ana salahe alon-alon. Ora grusa-grusu, nanging digarap kanthi tliti lan patitis. Dadi asile bisa maremake. Pas karo karepe awake dhewe lan wong liya. Nanging awake dhewe kerepe ora mangkono. Pitutur kuwi diowahi dadi "alon-alon asal kelakon". Pagawean apa wae digarap kanthi alon-alon, sing baku bisa rampung. Menawa kaya kuwi rak banjur salah kaprah. Wis wektu kanggo ngrampungke suwe, asile ya biasa-biasa wae. La wong anggone nggarap asal, ora nganggo waton. Ora nganggo pathokan.

Menawa bisa, kabeh pegawean kuwi dirampungake cepet, lan kanthi asil kang apik. *Lebih cepat lebih baik*. Luwih cepet luwih apik. Kaya mengkono slogane pak Jusuf Kalla. Pancen bener. Kabeh pegawean menawa bisa dirampungake kanthi cepet, ya endang cepet-cepet dirampungake. Ora kudu ngenteni sesuk-sesuk. Menawa bisa saiki, ya saiki wae. Senajan wiwitane angel anggone nglakoni, nanging kudu dilatih wiwit saiki. Mumpung durung kebanjur dadi pakulinan. Mumpung isih diwenehi kalodhangan.

Nanging kabeh kuwi mau mbalik ana ing awake dhewe. Manut kang nglakoni. Milih alon apa milih cepet, angger asile apik. Aja nganti alon, nanging asile biasa wae utawa kang luwih parah asile malah elek. Rak ya ngenes. Wis alon-alon, kok asile malah amburadhul. Menawa bisa ya cepet, nanging kanthi asil kang gawe mareme atine dhewe lan wong liya. Rak iya ta?

Banjur, endi kang dipilih? Alon apa cepet? Asil kang maremake ati apa kang nguciwani? Ngono ya ngono, nanging aja ngono. Yen ngono, sumangga awakmu.

FENOMENA SLINGKUH ING INDONESIA

Widanarti Rumsari
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Depok

Selingan indah keluarga utuh utawa asring dicekak slingkuh. Apa ta kuwi? Jeneng panganan, jeneng omah utawa jeneng bocah? Pranyata salah kabeh. Slingkuh kuwi sesambungan/saresmi nanging ora karo bojone. Umpamane wong lanang kang wis duwe bojo nanging ing papan liya isih nyimpen wong wadon liya. Wong wadon mau, ing Basa Indonesia, asring kasebut wanita idaman lain, asring dicekak WIL; utawa suwalike wong wadon kang wis duwe bojo, nanging ing papan liya duwe simpenan wong lanang liya kang asring dicekak PIL.

Slingkuh ing Indonesia wis dadi budaya kang dianggep lumrah, malah dadi budaya hidup. Tegese, masyarakat Indonesia nganggep slingkuh iku dadi titikane masyarakat moderen. Bab iku bisa dibuktekake kayadene kang digiyarke ing TV, akeh selebriti utawa artis kang padha pisahan karo bojone amarga anane pihak kang kaping telu utawa slingkuhane. Yen ana artis kang anggone omah-omah gagal kabeh medhia biasane padha nayangake, saengga masyarakat umum bisa ngerti anane pawarta kuwi.

Pengaruh saka tayangan kang ditonton utawa kabar kang diwaca biasane nuwuhake pepinginan kanggo nyoba, kepriye ta rasane slingkuh kuwi? Yen wis mangkono dheweke rumangsa mongkog awit bisa duwe slingkuhan, ora mikir tembe burine. Ing pikirane mung kepikir kang sarwa endah, lali marang anak bojo. Kamangka alaning slingkuh kuwi akeh.

Upamane, pametune dadi boros amarga kudu ngopeni wong wadon liya. Slingkuhan biasane ora gelem yen ora diragadi, tegese mesthi uga njaluk diopeni. Saengga gelem ora gelem kudu nguras isi dhompet mung supaya slingkuhane seneng lan tetep gelem nerusake seslingkuhan. Saliyane kuwi slingkuh uga bisa ndadekake pisah karo anak-anake. Bab iki sing biasane dadi prekara rame karo bojo tuwane amarga padha rebutan hak asuh anak. Kaya unen-unen, sanajan ana bekas bojo, nanging ora ana bekas anak. Akibat liyane, wong kang nandangi slingkuh atine ora tenang, ora tentrem amarga asring slinthutan utawa ndhelik-ndhelik. Cekake wong kang nglakoni slingkuh kuwi ibarate kaya wong nyolong saengga kudu pinter-pinter aja nganti dimangerteni wong liya, luwih-luwih pacangan utawa bojone. Wong kang nyolong iku mesthi wedi keconangan saengga atine tansah tratapan lan was-was.

Nalika ora keconangan rasane plong lan rasa senenge atine ora karuwan. Nanging, ibarate barang kang bosok, disimpen rapeta kaya ngapa, suwe-suwe mesthi bakal keconangan. Dalane keconangan kuwi werna-werna, ana kang kepergok bojone, ana kang anggone telpon keprungu anake, ana kang pas dolan ketemu kanca utawa tanggane, ana kang merga nglindur rikalane turu, lan liya-liyane.

Durung temtu wong kang keconangan slingkuh kuwi terus bubar anggone omah-omah. Ana kulawarga kang nganggep menawa slingkuh kuwi aib, dadi harga mati kudu bubar. Nanging uga ana kulawarga kang nganggep yen slingkuh kuwi minangka pacobane Pangeran saengga kabeh dibalekake marang komitmen awale biyen arep mbangun balewisma.

Kulawarga kang nganggep slingkuh minangka sarana introspeksi bisa ndadekake ing tembe mburine nemu kabagyan kang matikel-tikel. Awit kabeh dadi bisa mangerteni kekurangan lan kaluwihane dhewe-dhewe banjur kanthi sadhar ngedohake sipat egoise. Kabeh dibalekake marang aturane agama. Kabeh agama nglarang slingkuh, hukume dosa.

Yen wis bali marang aturan agama uripe bisa tenang, tansah nduweni rasa syukur marang apa wae kang dadi duweke kalebu bojo. Wong kang anggone nglakoni urip tansah didhasari aturan kang bener bakal nduweni pangarep-arep ing tembe mburine. Tegese urip ing donya dilakoni kanthi rasa syukur lan ikhlas kanthi lelandhesan agama, ing akhirat bakal nduweni bab kang bisa diarep-arep, yaiku kabagyan.

Mula kabeh bali marang pribadine dhewe-dhewe. Slingkuh kuwi, ibarate, enak lan penake mung limang menit, nanging rekasane saklawase. Amarga wong yen wis keconangan slingkuh, wirange ora bakalan ilang tekan kapan wae.

******nuwun*****

BOCAH SAIKI WIS ORA BISA BASA

Irma Asrining Cahyorini
Guru Bahasa Jawa SMKN 1 Depok Sleman

Tembung *bocah* ing irah-irahane tulisan iki ditegesi para nom-noman utawa remaja. Tembung *basa* ditegesi kaya sing dianggo lumrah ing tlatah Yogyakarta apadene Surakarta, yaiku unggah-ungguhe tembung kang bisa dipratelakake ngajeni, utawa bisa diarani *krama*. Parandene, tembung *basa* iku uga bisa ditegesi bahasa (basa Indonesia), nyebut peprenahane paseduluran, lan teges liyane bisa kanggo sulihe tembung *mbasan* sing sifate enggon-enggonan (Poerwadarminta, 1939:32). Antarane tembung *basa* lan *krama* iku undha-undhi panganggone, ananging ing kene kapilih *basa* amarga luwih dirasa sreg panganggone ing masyarakat tinimbang tembung *krama*. Saliyane kuwi tembung *krama* bisa ditegesi omah-omah utawa rabi. Dadi yen kanggo irah-irahan ing dhuwur ora trep lan malah bisa-bisa dadi mbilaeni. Ing tulisan iki tembung *basa* isih tetep digunakake ing babagan bahasa, dene tembung krama uga isih digunakake kanggo mratelakake unggah-ungguhing basa.

Bocah Jawa sing dianggep bisa basa yaiku nom-noman sing isih ngerti subasita lan unggah-ungguh basa. Bocah iki bisa ngerti trep-trepane basa. Marang sing prenah tuwa, wong tuwa, wong sing durung ditepungi, utawa wong sing durung akrap ngajeni lan nggunakake krama. Kahanan bocah sing kaya ngono kuwi mau isih ana sanajan mung siji loro.

Kahanan bocah kang diarani ora bisa basa iku ana telung perangan, yaiku nom-noman Jawa sing wis ora bisa nggunakake

basa Jawa, nom-noman Jawa sing isih nggunakake basa Jawa nanging mung winates ing ngoko utawa bisa diarani *ho hè* wae, lan nom-noman Jawa kang basane ora bener. Kahanan bocah Jawa sing ora bisa migunakake basa Jawa iku kaya dene dudu bocah Jawa. Bokmenawa dheweke bisa basa Jawa sing *pasif*, yaiku mung bisa ngrungokake lan mudheng karepe yen krungu, nanging ora bisa melu ngomonge. Iku mau jan-jane mung amarga ora kulina wae nggunakake jalaran isin, utawa wedi salah, lan kena pengaruh lingkungane. Mula bocah ngono ora lanyah anggone migunakake, ing sabanjure malah dadi ora bisa. Kahanan bocah sing mung bisa basa ngoko mbokmanawa amarga pancen ora ngerti basa liyane, ananging ya ora tau gelem melu sinau unggah-ungguhe basa. Dadi marang sapa wae ya mung dibasani ngoko, sanajan iku wong tua, utawa wong tuwane dhewe. Kahanane bocah sing basane ora bener iku uga bisa diarani ora bisa basa amarga bisa diarani kurang subasita lan tata krama sebab ora bisa ngajeni anane wong tuwa. Bocah iki mung kurang sesurupane marang unggah-ungguh wae. Dheweke bisa nggunakake basa krama nanging ora ngerti cak-cakane tembung krama inggil. Ringkese tembung, bocah sing ora bisa basa, yaiku 1) ora bisa basa Jawa, 2) ora bisa krama, lan 3) ora bisa krama inggil. Bocah sing kalebu perangan pungkasan isih kagolong lumayan tinimbang liyane, dene sing kalebu perangan siji pancen golongan kebangeten.

Pancen angel pilah-pilahane unggah-ungguh basa iku. Yen kepengin dadi bocah sing bisa basa kudu wani sinau unggah-ungguh basa, kaya ta kudu ngerti pilah-pilahe tembung antarane ngoko, krama, lan krama inggil. Kajaba iku, kudu ngerti cak-cakane tembung mau marang sapa ditujokake, aja nganti tembung krama inggil ditujokake kanggo awake dhewe; sing baku kudu empan papan lan ora wor suh. Paramasastra uga kudu dimangerteni ing pamrihe basane bisa runtut lan bener.

Memper kaya sing wis kasebut ing ndhuwur, mula kurange kabisan basa amarga bocah ora ngerteni pasangan-pasangane tembung ngoko, krama, lan krama inggil, apa maneh cak-cakane tembung kuwi mau. Kahanan kayo ngono bisa dinyatakake kaya ana ing conto iki.

(1) *Motore ajeng kula* ***agem****, Bu! Mangke dalu kula badhe* ***tindak*** *Semarang, badhe* ***nitih*** *motor.*

Conto iki bisa dadi gambaran. Sanajan katon alus, nanging sejatine kurang bener tur ora pener. Awit bocah ora ngerti pilah-pilahe tembung ngoko, krama, lan krama inggil mula anggone nggunakake tembung *agem, tindak,* lan *nitih* kurang trep. Tembung-tembung mau jinise krama inggil, kudune ditujukake marang wong liya sing dikormati. Nanging, tembung-tembung mau malah digunakake tumrap awake dhewe. Sing bener kudune nganggo tembung *angge, kesah, numpak.* Dadi mung wujud krama wae. Ukara salah kaya ngono kuwi akeh ditemoni kaya ta ing ngisor iki kadadeyan saka tembung krama inggil sing kudune krama wae *gadhah, tumbas, griya, mbeta.*

(2) *Buku menika* ***kagungan*** *kula piyambak kok Bu, anggonipun* ***mundhut*** *wonten Gramedia.*

(3) *Kula isin,* ***dalem*** *kula awon.*

(4) *Nggih kula ingkang* ***ngasta*** *tas ageng.*

Sajatine tembung-tembung krama inggil iku mung bisa kanggo tumrap sing kudu dibasani, umpamane marang wong tuwa:

(5) *Manawi badhe* ***tindak*** *Semarang* ***nitih*** *sepedha motor, Panjenengan* ***agem*** *kemawon sepedhamotoripun.*

Dene uga pangganggone ater-ater lan panambang tumrap basa krama inggil iya isih akeh sing salah, yaiku panganggone ater-ater lan panambang ngoko ing tetembungan krama utawa krama inggil. Kamangka gathuke ater-ater lan panambang ngoko lan tembung krama inggil iku mung ana ing basa sing diarani wredhakrama yaiku basane wong tuwa marang wong enom sing diajeni. Yen nomnoman marang wong tuwa luwih trep nganggo basa mudha krama utawa krama inggil. Ing basa iki ora bakal ditemoni tembung, ater-ater, panambang ngoko kajaba pancen ora ana krama/krama inggile.[1] Conto kaya ing ngisor iki ora perlu ditiru.

---

[1] Jinis saha patrape unggah-ungguh basa bisa ditalusur wiwit saka Padmosusastro, Ki. 1899. *Serat Paramasastra. Surakarta*: NV Albert Rusche & Co., — Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2004. *Unggah-ungguh Bahasa Jawa.* Jakarta: Yayasan Paramalingua.

(6) *Ibu Guru* ***daleme*** *pundi?*

(7) *Nyuwun pangapunten, benjing buku kula* ***diasta*** *nggih, Bu!*

Isih akeh conto liyane basa-basa salah sing digunakake para nom-noman marang wong sing kudu dibasani. Conto-conto iku mung ngayawara nanging nyata. Kabeh mau nyatakake yen para nom-noman akeh sing wis ora bisa basa maneh. Sabanjure kepriye?

Sesepuh prihatin

Basa Jawa pancen kaya *ancik-ancik ing pucuking eri.* Kahanan basa Jawa saiki sangsaya mutawatiri. Nom-noman saiki wis arang sing bisa basa marang wong sing kudu dibasani. Embuh apa sebabe, pranyata kahanan iki nyata ing sadhengah papan. Pangalaman panulis mulangake basa Jawa marang para siswa SMA wis mbuktekake yen bab kuwi akeh diprangguli. Kamangka siswa SMA mestine wae dadi conto nom-noman liya ing desane, apamaneh siswa SMA kalebu nom-noman "terdidik". Mula bener ngendikane para winasis basa, ing antarane guru besar saka Universitas Indonesia, Asim Gunarwan (2002)[2] ngendikakake yen jumlah nom-noman sing nggunakake basa Jawa sangsaya sethithik, malah panganggone basa krama lan krama inggil mutawatiri. Kahanan kaya mangkono kuwi uga diandharake Prof. Edi Subroto, guru besar Universitas Sebelas Maret (2007)[3] yen kahanan basa Jawa iku nguwatirake (*endangered*). Umume para nom-noman wis kelangan *jawane* amarga wis ora sanggup maneh migunakake basa Jawa ragam krama apadene krama inggil kanthi bener lan trep. Kamangka, kaprigelan nggunakake basa Jawa ragam krama iku ana sambung rapete karo gegulang budi pakerti, tata krama, lan kaalusane rembug. Yen basa Jawa krama apadene krama inggil wis arang digunakake budi pekerti, tata krama, lan unggah-ungguhe bangsa bisa sirna.

---

[2] Gunarwan, Asim. 2002. "Persepsi Nilai Budaya Jawa di Kalangan Orang Jawa; Implikasinya pada Penggunaan Bahasa" *Makalah PELBBA Ke-16.* Jakarta: Juli 22 – 23.

[3] Edi Subroto, dkk. 2007. "Endangered Krama and Krama Inggil Varieties of Standard Javanese" dalam *Linguistik Indonesia.* Februari, 2008.

Akeh sesepuh kang kuciwa lan prihatin mangerteni manawa kaprigelane para nom-noman (generasi muda) tumrap unggah-ungguh basa sansaya kurang. Sangsaya suwe pangetraping unggah-ungguhing basa Jawa sangsaya mutawatiri, luwih-luwih cak-cakane basa krama lan krama inggil. Asiling panaliten ngandharake manawa pamahaman utawa panguwasane para nom-noman tumrap rakitaning tembung ngoko, krama lan krama inggil kalebu asor, yaiku kurang saka skore 40 (skore 0-100). Prakara iki jumbuh karo cak-cakaning unggah-ungguh basa kang bener uga kurang saka skore 40. Sanajan mangkono para nom-noman isih tepung karo tembung ngoko, krama lan krama inggil (*mangan, nedha, dhahar; turu, tilem, sare*), nanging akeh-akehe ora bisa ngecakake kanthi pener ing sajroning ukara apadene tetembungan liyane[4].

Kurange kaprigelan para nom-noman kuwi amarga pirang-pirang prakara, ing antarane, sepisan, wong Jawa padha condhong migunakake basa Indonesia kang dadi basa nasional utawa basa resmi nagara tinimbang migunakake basa Jawa. Wose kabeh wong kudu bisa migunakake basa Indonesia ing sajroning bebrayan nasional. Basa dhaerah, kalebu basa Jawa, amung kanggo sarana ing bebrayan khas dhaerah, kanggo upacara tradhisi, ritual Jawa, lan seni tradhisional kang uga sangsaya arang kaleksanane. Kagiyatan informasi lan komunikasi saben dina, *radio, televisi*, lan kalawarti akeh-akehe uga kanthi basa Indonesia utawa Melayu. Kaping pindho, ing sajroning kulawarga Jawa, wong tuwa ing saben dinane ora (bisa) nggatekake basane kanggo anak putune, luwih-luwih tumrap basa krama lan krama inggil. Kaping telu, akeh-akehe wong tuwa padha nguja karepe para anak putu anggone milih basa, basa Indonesia, basa Jawa utawa bisa uga basa campuran. Kaya ngono kuwi kang diarani *kebocoran diglosia*. Tundhone anak putune ora mangerteni basa Jawa kang jumbuh lan trapsila, luwih-luwih anggone migunakake basa krama utawa

---

[4] Pangandikane Prof Dr Edi Subroto marang para dwija basa Jawa satelatah Solo ing sajerone diskusi kanthi tajuk *Focus Group Discussion: Penyusunan Pedoman Tingkat Tutur Bahasa Jawa* (Kemis, 29 Mei 2008).

basa krama inggil kang trep tumrap wong kang kudu diajeni. Kaping papat, upacara tradhisi kaya ta pawiwahan, kesripahan, rembug desa, kumpulan arisan, apadene ulem saiki akeh-akehe migunakake basa Indonesia sanajan ing kampung-kampung ing tanah Jawa. Iku kabeh kang njalari sesepuh prihatin marang kalanggengane basa Jawa, apa maneh unggah-ungguhe bangsa sing bisa diagul-agulake.

Dene *faktor* kang ngurangi mutu cak-cakane unggah-ungguh tumrap para nom-noman yaiku sureme kamongkogane wong Jawa tumrap basa Jawa, kurange kasadharan tumrap norma kasusilan, kurang kulina anggone migunakake saengga wedi yen luput. Mula para kanoman luwih seneng migunakake basa Indonesia, pamrihe supaya luwih aman lan ora bakal kasaru dening wong liya manawa ana lupute ing babagan krama utawa krama inggil.

Supaya jumbuh karo kuncarane kutha budhaya ing Ngayogyakarta lan Surakarta, akeh-akehe wong Jawa lan pamarentah ora sarujuk manawa basa Jawa kelangan jawane, kang ateges kelangan tata kramane kang kapacak ing unggah-ungguh. Saiki unggah-ungguhing basa Jawa wis mutawatiri. Mula saka kuwi kudu ana rekadaya murih lestarine unggah-ungguh basa. Kang luwih wigati kudu ana kasadharan lan rasa mongkog ing saben wong Jawa anggone migunakake basa Jawa kang jumbuh karo cak-cakane. Sabanjure digegulang supaya manuh (terlatih) migunakake basa Jawa. Kang tuwa dadiya tuladha tumrap para nom-noman, kang enom uga padha gelema nuladha marang sesepuhe. Kang baku kabeh kudu gelem nglelantih ngundhakake sesurupan unggah-ungguh iki. Mula pamarentah gelema melu cawe-cawe nyengkuyung rekadaya nguri-uri basa Jawa, utamane ing donyane pendidikan.

ALON-ALON WATON KELAKON?

Dewi Astutiningsih S.
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Godean

Sawetara wektu kepungkur, penulis maca sawenehing reklame ing pinggir dalan gedhe jalur Jogja-Solo kang unine mangkene "Alon-alon ora bakal kelakon" kanthi ilustrasi gambar bulus ing sakburine motor sing playune banter. Ora daksebutake iku iklan apa, sing cetha, minangka wong Jawa, ana rasa `mak sengkring` kaya kesetrum listrik nalika sepisanan maca iklan kuwi. Ing atiku ana rasa mangkel, jengkel, lan gela. Ananging banjur mangkel, jengkel, lan gela karo sapa?

Akeh sing wis ngerti, yen "*unen-unen alon-alon waton kelakon*" iku mujudake sesantine wong Jawa. Lan mesthine sing jenenge sesanti iku ngandhut pitutur luhur kang bisa kanggo gegebengan utawa paugeran ing samadyaning bebrayan agung. Lha yen terus diplesetake dadi "alon-alon ora bakal kelakon", ateges wis ngilangi dayaning pitutur sing kamot ing sesanti mau. Sebab, sanajan mung tembung waton diganti ora nanging kekarone nduweni teges sing bedane adoh banget.

Nanging, ora kabeh wong sing maca iklan iku nduweni rasa kang padha kaya sing dirasakake penulis. Sebab senajan wis ngerti unen-unen iku sesantine wong Jawa, ana uga sing durung mangerteni apa sejatine makna sajroning unen-unen iku. Dadi pangertene mung winates teges sing tersurat, malah sok uga mung winates pangerten yen ukara iku duweke wong Jawa. Dadi, wong kuwi mung nduweni pangerten sing cethek. Menawa wong kuwi maca iklan

mau, bokmenawa ora ana rasa mak sengkring, nanging malah mbenerake, jaman wis modern sing alon-alon mesthine bakal ketinggalan jaman.

Miturut pratelane para pinisepuh sing wis pana ing kawruh, unen-unen alon-alon waton kelakon iku sejatine ngandhut pitutur luhur sing kena kanggo paugeran sajroning nindakake pakaryan ing bebrayan. Ing ukara iku ana telung perangan tembung yaiku, *alon-alon, waton,* lan *kelakon*. Sepisan, alon-alon tegese sareh, ngati-ati, ora grusa-grusu. Tembung kaloro waton tegese nganggo wewaton, paugeran, ora sakpenake dhewe, ana aturan kang gumathok. Kaping telu kelakon tegese kasembadan. Dadi, tegese *alon-alon waton kelakon* yaiku sajrone nindakake pakaryan kudu sing ngati-ati, ora grusa-grusu, manut wewaton utawa tatanan sing bener, saengga bisa kasembadan apa kang dadi sedyane.

Dadi, alon alon waton kelakon pancen wis trep minangka sesanti kanggo nindakake sawijining pakaryan supaya asile bisa sampurna. Yen ana sing duwe panemu alon-alon waton kelakon iku minangka simbol keset, lelet saengga mung tumindak sakpenake dhewe, ngleler, ora cak-cek, ora nduweni target wektu sing penting kelakon, iku tegese wong mau durung mangerteni makna utawa kang kasebut sajroning sesanti mau.

Kosok baline "*alon-alon waton kelakon*" ana paribasan "*kebat kliwat gancang pincang*", tegese kurang luwih pagaweyan kang ditindakake kanthi kebat kliwat utawa cepet tanpa nganggo waton utawa mung waton cepet, asile mesthi ora bakal sampurna. Iki minangka gambaran menawa kabeh sing sarwa cepet, lan grusa-grusu, dudu jaminan pakaryane bakal rampung kanthi apik. Menawa ora dipetung kanthi permati, ora nganggo wewaton tangeh lamun kasembadan kanthi becik.

Bali marang iklan ing ndhuwur, kanggo nglelipur ati, penulis duwe panyakrabawa becik wae marang iklan mau. Tegese, muga-muga wae pihak biro iklan lan kabeh paraga sing melu cawe-cawe saengga iklan mau bisa kababar pancen durung ngerti apa sejatine makna luhur sing kamot ing sesanti iku. Utawa malah kleru

anggone negesi saengga dadi salah kaprah. Muga-muga wae, ora ditegesi kang adoh karo sesanti asline.

SANDIWARA

Dhanar Widianta
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Prambanan

Ing jeroning *setting* prasaja kang swara-swara paragane tumlawung tekan jabaning pendhapa. Marsih, wanita nom kang lagi sesenggrukan nanging kepleng atine iku, ngirim tetembungan kang ndadekake sapa kang ngrungu ora kwawa ngampet wetuning luh pengangen-angen. Apa pancen mengkono kang diarani tresna, kadhang kala ora kuwasa milih pawongan endi kang bakal direngkuh?

Maewu-ewu taun kepara satuwaning wektu manungsa tansah mitakon kaya mangkono, nanging Gusti ora gage paring wangsulan. Tresna, kaya dene agama, utawa etika, utawa konsep 'Gusti' dhewe, dadi rembugan kang ora bakal enggal rampung ngono wae — *perennis* upama nyilih istilah filsafate. Tekan kapan wektu. Nanging adegan pungkasan kuwi pancen beda. Akeh ing antaraning pamirsa kang nganggep yen potongan adegan tangise Marsih kuwi salah sijining swasana kang luwih 'nrenyuhake' tinimbang adegan-adegan trenyuh liyane. Lan, trenyuh, tangis, uga rasa kang ngemu teges sawijining ati nembe nandhang sungkawa, bisa ngraketake marang apa kang coba diarani lan dituju manungsa minangka tetembungan 'Gusti' mau. Semono uga tresna kang rinasa dening Marsih.

Marsih durung bisa nemtokake arep milih Dhidhik utawa Yoyok, paraga kakung kang loro-lorone asih marang dheweke ing sawijining pentas sandiwara kanthi irah-irahan 'Tumlawung'

iku. "Bareng tak rasakake, sanyatane katresnan mono ora bisa diukur kanthi bandha, rupa, drajat, utawa pangkat, nanging sayektine tresna iku ati pawitane", mengkono tembunge Dhidhik. Sinambi ngunjal ambegan, Yoyok nyaut, "Lan uga ora bisa dipeksa lan dipedhotke dening manungsa, kejaba ana pamurbaning Gusti Kang Maha *Wasesa*".

Sawetara wektu Marsih mung bisa nerusake tangis. Dheweke ora mangerti lelakon apa kang bakal dumadi bacute. Nanging dheweke ora duwe akeh pilihan. Dheweke ngadeg, misah saka dhadhane Bu Tarka, ibune, kang wiwit mau kanggo papan ngleremake penggalihe, nyelehke abote sirahe. Marsih nyekel anteb, matur marang Dhidhik, Yoyok, kangmase Marjan kang nggejejer ing kiwane. Pak Tarka kang mendel ora bisa guneman apa-apa. Bu Tarka, uga marang para manungsa kang mung pirang ler mirsani festival sandiwara ing pendhapa kang isih katon agung iku.

Festival apa wae, kalebu festival sandiwara kang diadani dening Dinas Kebudayaan Propinsi DIY ing Pendhapa Yudanegaran 17-18 Juni kepungkur, wis dadi lumrah manawa dilaksanakake kanthi prasaja. Uger wektu kang dibutuhake kanggo persiapan prodhuksi pancen winates. Bisa uga diarani 'dadakan'. Pasartane cacah 16, saka 5 kabupaten ing DIY. Para pambiji kang kawentar kaya ta Marsidah, Maria Kadarsih, lan kanca-kanca, ora bisa ngono wae menehi tambahan 'ruh' engga sajroning festival ngasilake pagelaran-pagelaran kang ngemu 'greget', kaya ancase sawijining pentas drama idheale. Sandiwara iku drama. Akeh prakara kang ndadekake sawijining pentas drama iku nggembol 'greget', upamane: naskah, *penyutradaraan*, tata artistik, lsp. Ananging, gregete sandiwara iku dudu kethoprak, kosok balene greget kethoprak iku dudu sandiwara. Saben-saben 'genre' duwe 'cita rasa' lan *style* ['gaya'] kang beda ing liyan.

Liya, tembung Jawa kang memper tegese karo *the others* tumrape konsep Barat, pancen ngemu teges 'beda' ananging 'cedhak', 'cedhak' ning ora jebles. Ana sawetara bab kang padha, nanging

ana bab-bab kang beda. Kaya kang dingendikakake dening Maria Kadarsih rikala paring cathetan babagan lakuning festival ing pungkasaning acara, yen sandiwara kuwi anduweni sipat 'padinan'. Lumrah, kaya adat saben, mbuh kuwi ing tata busana lan liya-liyane. Kedadeyan-kedadeyan ing naskah dijarwakake kanthi visualisasi kang apa anane, dijumbuhake klawan swasana sandiwara. Apa maneh pacelathone, sabisa-bisa diucapake kaya pacelathon padinan. Iku ciri 'gaya' sandiwara. Dene kethoprak duwe gaya dhewe kang memper karo sandiwara. Sambung-raket antarane sandiwara lan kethoprak iki kaya-kaya nuwuhake 'keakraban'; akrab sing malah ndadekake watesan: kethoprak ora bisa nguwasani kaya ngapa sandiwara bakal dumadi ing sajroning pagelaran, kethoprak ora bisa nemtokake sejarahe sandiwara. Nyatane, saka sawetara penyaji ing festival sandiwara iku durung bisa luwar saka 'cita rasa' kethoprak. Kepara malah 'ngethoprak' pleg. Sanajan ta ora kumudu kaya kang dipentaske Gandrik utawa Sega Gurih rikala nggarap sandiwara, utawa Garasi rikala mentaske "Leng" kang sinengkuyung tata artistik jangkep, nanging ancasing festival nadyan namung dilaksanakake ing pendhapa bisaa paling ora nggambarake kaya apa ta sandiwara iku. Kaya apa ta sandiwara ing jaman kang diarani pos-modheren iki—kanggo ora ngomongke yen festival kuwi saderma romantisisme, utawa sandiwara iku kaya prodhuk budaya Jawa liyane kang seseg ngunjal ambegan, kaya Yoyok mau.

Sandiwara "Tumlawung" kang dilakonake dening grup sandiwara Desa Budaya Bejiharjo Kecamatan Karangmojo Gunungkidul ing festival iku menehi wara. Sandiwara nyelathokke sawijining 'penggalihan' nanging nganggo basa kaya padatane. Banjur saka celathu kuwi tuwuh konflik kang ndadekake pacelathon ngemu unsur dramatik. Mangkono ciri gampange. Lan, "Tumlawung" bisa ngabarke kuwi. Mbokmenawa bisa ditlesih saka tetembungane Marsih ing pungkasan sandiwara "Tumlawung" wektu kuwi:

> Sedaya pangandika menika wau leres, Bu. Semantena kula matur blaka nggih, Pak, Bu, ugi gus Yoyok lan Mas Dhidhik!

Kula sampun mangertosi sedaya, sinten, lan, kados pundi Gus Yoyok lan Mas Dhidhik menika. Cekak aos kemawon, kula awrat badhe nampik katresnanipun Gus Yoyok! Semantena, kula dereng saget nemtokaken, menawi kula menika badhe milih Mas Dhidhik.....!

Tetembungan iku dudu minangka wasana nanging dadi purwaning sandiwara; manawa urip iku kadhang kala prelu sinandi ing ukara, ing tetembungan, engga dadi kabar kang wiyar, jembar, sugih ing makna. Si Liyan perlu jembaring ati kanggo negesi. Dudu pojar utawa pemut wantah—nadyan bab-bab wantah kuwi kadhang kala pancen perlu—kaya kang digelar dening sawetara penyaji liya. Ing adhegan pungkasan iku Marsih kaya-kaya ngrasa ana bab kang tansah ora bisa dimangerteni, satemene, uga gegayutan klawan pawongan kang saben dina tan kendhat 'ngisi' uripe, ngancani dheweke kuliyah, salawase ngudi ngelmu bebarengan, yaiku Yoyok. Utawa Bagus Dhidhik. Dheweke kepotangan budi marang pawongan iki; lan dheweke wus meruhi yen jeroning atine nduweni sipat utama, ora kaya solah bawane kang bisa diarani 'mrusal'. Kaya welinge Pak Tarka, bapake, marang ibune rikala semana, menawa manungsa iku mbutuhake beya, kurban, supaya suci. Kalebu ati. Rak saben-saben tumindak becik iku kaya dene teja kang mengkone bakal jumedhul, nyumunari, ing sawijining wektu? Marsih malih sadhar: manungsa kang pantes pinilih tumrap badan-rohe iku ora penting maneh ingaran Yoyok utawa Dhidhik, dudu jeneng utawa badan kang rumaket saben wektu, nanging 'para manah' kang nresnani Marsih kaya kahanan satemene Marsih saiki. Kalebu kangmas lan wong tuwane sakloron. Marsih ngendheg tangise, kanthi pambengok kang landhung. Dheweke mikir maneh: aja-aja dheweke, lan dudu wong-wong kang ngarep-arep tresna saka dheweke, kang pantes nyadhong sih saka wong-wong sakiwa tengene; marga tresna kuwi ana kalane 'mulungake', ning uga 'mulungi'. Kaya dene 'titah' marang 'Gusti' utawa kosok balene. Mbok menawa.

Swasana tresna kang 'nyadhong' lan 'menehi' iku kaya-kaya jumbuh kalawan mula-buka laire naskah sandiwara "Tumlawung". Naskah iku—naskah kang sinerat dadakan marga anane festival sayembara kaya dene sejarahe naskah-naskah saka penyaji liya, kang bisa nemtokake greget orane sawijining pagelaran sandiwara—krasa seseg *alur*-e. Pindha kegiyatan festival sandiwara kang cepet lakune; coba ditlesepke kekurangane. Naskah ing sajroning pentas pancen dudu bab utama. Naskah amung minangka tandha: yen piweling-piweling sinandi diwiwiti, uga donya kang dirasa dening pengarang lan paragane lumantar pengalaman-pengalaman uripe. Banjur manungsa bisa nintingi, menggalih, maca, mentasake, nyerat maneh, lan mangkono sateruse. Nanging ana bab kang dilirwakake 'manungsa Jawa' jaman saiki. Lumantar sandiwara. Biyen, wektu kang ing dhiskusi-dhiskusi dilebokke ing kategori pra-modheren, manungsa Jawa 'menggalih' [mikir manganggo manah utawa rasa, beda karo *cogito ergo sum*-e Cartesian kang menggalih mung adhedhasar uteg-e] donyane, banjur ngripta sandiwara, dumadi sandiwara, menggalih maneh, lan mengkono manggilinge. Sakabehing laku lan ritual dilambari 'rasa', kalebu ritual sandiwara. Yen wus mangkono, asiling pentas banjur kebak greget. Sandiwara dadi sawijining kebutuhan, lan masyarakat panyengkuyunge pancen sadhar bab kuwi: sandiwara dudu amung pragmatisme. Dudu ritus kang 'ana' merga kepeksa, ananging nyata minangka bab kang wigati, supaya 'penggalihe' ora mati, merga 'modhernisme' kadhang kala nuwuhake tafsir sing nalingsir saka 'rasa'; saengga manungsa Jawa dhewe ora mangerti sejarahe lan *pandangan hidup*e.

Jaman saiki? Kita kabeh ora bisa selak yen sawijining pentas sandiwara ing jaman iki dudu amarga masyarakat kuwi tementemen ngrasa 'nduweni'. Kabeh sarwa winates ing sumber daya, uga kasunyatan kang kompleks. Pentas sandiwara ing jaman saiki, kaya anane festival iku, pancen dudu saderma 'ruang pamer'. Bener, festival minangka tandha krenteging manah kanggo nguripake, nguripi, lan nglestarekake sandiwara sing kempas-kem-

pis—marga winatese para 'agen' budaya. Apa maneh kanthi tansaya mundure [utawa sirnane?] kanthong-kanthong budaya ing wewengkon DIY. Nanging, lumantar mirsani sawijining pentas sandiwara, nadyan mung sarana festifal, apa para pamirsa lan para manungsa Jawa umume ora perlu ngendheg laku sedhela—kaya sing ditindakke Marsih, tokoh ing "Tumlawung" iku, kanggo ngeling-ngeling lan ngenepke? "Eling-elingen bab-bab kang ing rasa becik", mengkono sawijining reroncen tetembungan tumlawung, "lan tresna ing atimu bakal lestari!" Sandiwara iku ngandhut bab-bab kang 'ora bakal mati', kairing ungeling gamelan climen dhapukan gambang, gender, kendhang, suling, uga rebab. Kadhang gumyak, kadhang sedhih. Lan sedhih. Banjur mung sedhih. Sandiwara iku, sandiwara "Tumlawung" kang 'dadakan' iku, katon sedhih. Kaya rasa sedhihe manungsa Jawa marang seni sandiwara kang coba diumpetake: lumantar festival. Sawijining festival kang pamirsane kelangan minat. Warnane cemplang, rasane blawur. Pendhapa Yudanegaran iku sepi pamirsa. Wong-wong bakal mangerti yen saka pendhapa iku apa kang diarani seni sandiwara numlawung; durung ngerti nasibe. Nanging, kanthi kahanan kepiye wae, sandiwara tetep kumpulaning tandha, simbul. Banjur, kanthi rasa urmat, kita neges-neges tandha-simbul mau ing saben wektu lebar nyelathu marang wong liya, ing saben dinane.

"SALON TRADHISIONAL JAWA" DUDU DUWEKE WONG JAWA ?

Puspitasari
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Turi

Donyaning wanita ora bisa adoh saka endahing pasuryan, kulit, rambut, lan raga. Bokmenawa wis kinodrat yen *kaum hawa* seneng kepara malah wajib nglodhangake wektu lan uga wragad kanggo nggulawentah apa kang wis diparingake dening Gusti Kang Maha Wikan. Embuh sing arep nglurusake rambut kang maune kriting *(rebonding)*, nyemir rambut, mutihake kulit, ngencengake kulit pasuryan, nglangsingake badan, lan kepara malah *perawatan organ intim.*

Kanggone saperangan uwong, bab iki bisa dadi *ladhang bisnis* kang mirunggan. Apa maneh ing jaman kang jare wis serba modern iki, wis mesthi akeh wanodya kang mbutuhake papan kanggo nindakake *perawatan/* panggulawenthah ragane. Papan mau kondhang kanthi sebutan *salon kecantikan.* Ing salon iki kabeh kabutuhaning wanita kanggo nggulawenthah raga bisa kacukupi. Ora bisa dipungkiri maneh yen kanggo mujudake apa kang dadi pepinginane para *pelanggan,* salon-salon mau menehi *pelayanan* kanthi migunakake bahan-bahan kimia kang sejatine mbebayani.

Ing saperangan wektu kepungkur, nate kabiwarakake jeneng-jeneng bahan kecantikan kang ngandhut *mercuri,* yaiku salah sawijining zat kimia kang mbebayani tumrap kasarasan, kang digunakake kanggo mutihake kulit. Awit saka kahanan iki, salon-salon kecantikan okeh sing sepi lan kelangan *pelanggan.*

Meruhi kahanan iki, para pelaku bisnis salon kecantikan

banjur mikir maneh, piye carane supaya bisa mulihake kapercayan pelanggane. Cara kang diupaya, yaiku kanthi menehi embel-embel tembung tradhisional Jawa ing mburi jeneng salon. Samono uga, ing jeneng-jengeng jinis perawatan uga ditambahi tembung tradhisional, upamane *creambath tradhisional Jawa, spa tradhisional Jawa, lan ratus tradhisional Jawa.*

Mula ora aneh yen saiki akeh salon kecantikan tradhisional kang wiwit ngrembaka ing sadhengah papan. Kabeh papan mau tansah nawakake paket panggulawenthahing raga kanthi cara tradhisional, kang jarene niru cara-cara panggulawenthahing raga kang ditindakake dening para putri ing sajroning kraton. Salon tradhisional mau uga migunakake bahan-bahan herbal, yaiku bahan saka tetuwuhan kayata empon-empon (bahan jamu : kunir, jae, temu giring lsp), suruh, beras, lsp. Bahan-bahan mau diprecaya luwih aman tinimbang bahan kang ngandhut zat kimia.

Nanging, kahanan iki sejatine dadi nuwuhake pitakonan, apa iya para pengusaha salon tradhisional iki wis bener-bener nyinau apa kang ditindakake dening para putri ing kraton, apa mung sauger duwe modal, bisa mbukak usaha, banjur payu anggone dodolan? Kanyata, saka sakehing salon kang nduweni embel-embel tradhisional Jawa iki, akeh sing dadi kagungane priyayi asing, Cina, kepara priyayine malah lenggah ing sanjabane kutha.

Sanajan ora bisa diselaki yen anane lan ngrembakane salon tradhisional Jawa mau nguntungake sawijining pihak amarga bisa nuwuhake lapangan pekerjaan, mligine para *kapster* (pegawe salon), para pangracik bahan-bahan tradhisional, para petani kang nenandur empon-empon lan sapanunggalane, uga tukang parkir ing salon kuwi. Nanging kahanan mau tetep wae mrihatinake. Pisan maneh agunging kabudayan Jawa nyata dienggo lahan kanggo dodolan wong asing. Dene, awake dhewe, wong Jawa bola-bali mung trima dadi buruh, dadi pegawe. Banjur sapa sing salah?

BASA JAWA APA ISIH PERLU?

Ririn Sulistiyani
Guru Bahasa Jawa SMAN 1 Kalasan

Basa minangka sarana kanggo sambung gunem marang wong liya wis diajari wiwit cilik. Tumrape wong Jawa, basa sepisanan kang diajarake dening ibu marang anake yaiku basa Jawa. Basa Jawa ana rong werna yaiku basa ngoko lan basa krama. Basa krama wis diajarake ibu marang anake kanggo ngajeni wong liya wiwit cilik. Ananging saiki jamane tansaya maju, para ibu nalika ngajari anake ora mung basa krama nanging uga basa Indonesia. Ngajari anake nggunakake basa Indonesia nduweni ancas supaya anake ora ketinggalan jaman.

Menawa ing padesan, isih ana kang ngajari anake nggunakake basa Jawa krama, nanging ana uga kang nggunakake basa Indonesia. Ing masarakat "perkotaan" basa Jawa wis padha dilalekake. Katitik saka panganggone basa Jawa ing masarakat kang kaya mangkono, basa Jawa apa isih perlu?

Menawa basa Jawa krama iki wis digunakake wiwit cilik ing omah, nalika wulangan basa Jawa ing sekolah ora bakal kangelan. Basa Indonesia minangka basa nasional ora perlu diajarake ing omah amarga ing sekolah bocah bakal ngerti lan bisa nggunakake kanthi bener. Kanthi nggunakake basa Jawa krama kang bener ing pamulangan basa Jawa, kaajab para siswa bisa nggunakake basa krama kang bener marang liya.

Panganggone basa Jawa ragam krama kang bener iku kudu ngerti undha-usuking basa yaiku tingkataning basa adhedhasar panganggone. Panganggone basa iki yaiku :

Tembung ngoko digunakake menawa:

a. sing guneman bocah-bocah, kanca lan kanca kang wis supeket srawunge, wong kang padha umur lan pangkate tur supeket pasrawungane.
b. Sing guneman luwih tuwa tinimbang kang diajak guneman.
c. Sing guneman luwih dhuwur pangkate katimbang sing diajak guneman.
d. Carita kang adhapur andharan (paparan).

Tembung krama lugu digunakake menawa:

a. Kang guneman durung tau tepung marang wong kang diajak guneman.
b. Kang guneman padha dene kanca ananging durung supeket.
c. Kang guneman luwih tuwa katimbang kang diajak guneman, nanging kang diajak guneman luwih dhuwur pangkate utawa wajib kinajenan.
d. Kang guneman luwih dhuwur pangkate katimbang wong kang diajak guneman, nanging kang diajak guneman luwih tuwa utawa kinajenan.
e. Kang guneman kalebu priyayi luhur lan kang diajak guneman kalebu wong kang lumrah kang luwih tuwa lan duwe pangkat utawa kinajenan.

Tembung krama inggil digunakake menawa:

a. Kang guneman durung tepung marang kang diajak guneman kang katone luwih tuwa utawa wong apangkat.
b. Kang guneman luwih enom katimbang kang diajak guneman lan wong kang diajak guneman iku wajib kinurmatan.
c. Kang guneman luwih cendhek drajat pangkate katimbang wong kang diajak guneman utawa wong kang diajak guneman iku wajib kinurmatan.

Menawa cak-cakaning basa Jawa iki wis ngerti lan digunakake kanthi bener ateges wis bisa nggunakake basa Jawa.

Ing jaman kang modern iki basa Jawa minangka salah sijining budaya Jawa kang luhur, mligine basa Jawa krama kudu diuri-uri. Amarga basa Jawa krama iki kebak ing piwulang-piwulang moral kang akeh. Kayata bisa ngajeni wong liya, ora ngegungake dhiri, lan tumindak sopan marang wong liya.

Kita minangka wong "timur" kang duwe kabudayan kang luhur, kudu mikul dhuwur babagan basa lan sopan santun. Sanajan saiki jamane wis maju, kita uga bisa nggunakake basa krama kang becik saliyane duweni kapinteran kang linuwih. Amarga basa krama iku yen digunakake kanthi bener, ateges kita ngurmati awake dhewe lan wong liya. Kaya ing sesanti *ajining dhiri dumunung ing lathi,* kang ateges awake dhewe bakal diajeni dening wong liya saka omongane. Guneman karo wong liya pancen kudu ngerti empan papan, yaiku kudu ngerti sapa kang diajak guneman, sapa kang ngajak guneman, apa kang digunem lan ing ngendi anggone guneman. Menawa babagan empan papan kuwi mau wis dimangerteni mesthine bisa milih basa kang digunakake. Apamaneh guneman karo wong kang luwih tuwa utawa kang diurmati. Pancen guneman nggunakake basa Jawa krama iku ora gampang, nanging menawa ora gelem nyoba nggunakake mesthi wae angel anggone guneman.

Awake dhewe kudu bombong duwe kapinteran kang linuwih lan bisa ngajeni wong liya utawa nduweni budi pekerti kang becik. Saliyane awake dhewe kang rumangsa bombong wong tuwa, kaluwarga, sekolah, lan masarakat uga rumangsa bombong menawa duwe kapinteran lan unggah-ungguh kang becik.

NGUPIYA AMRIH LESTARINE BASA JAWA

Pipin Wijiastuti
Guru Bahasa Jawa SMAN I Depok

Globalisasi nuntut kalangan muda supaya bisa migunakake basa kang asipat global. Saengga bisa aktif tumuju era modernisasi. Kanggo supaya bisa tumuju arah modernisasi para muda dituntut kudu bisa basa asing utamane basa Inggris. Kahanan mangkono dadekake para muda sengkut anggene sinau basa asing lan ndadekake basa daerah dadi *terpinggirkan* (dikiwakake).

Wong tua duweni peran ing ngrembakane basa daerah (Jawa). Supaya basa Jawa bisa tetep lestari, wong tua wajib ngajarake basa Jawa marang anake. Nalika micara ing ngendi papan wong tua kudu migunakake basa Jawa. Lan basa padintenane diusahake kudu tetep migunakake basa Jawa. Wong tua ing jaman saiki akeh sing wis ora ngajarake basa Jawa tumrap anake. Wong tua luwih asring micara migunakake basa Indonesia dibanding basa Jawa. Basa Indonesia dianggep basa sing luwih gampang, simple lan ora katon ndesani. Malahan ana uga wong tua sing ngajarke basa ibu basa asing kayata basa Inggris.

Ing jaman saiki basa Jawa basa kaping loro sing ditampa anak. Akeh anak sing ngerti basa Jawa saka sekolahan. Kahanan iki dadekake piwulangan basa Jawa kudune gampang malahan dadi angel lan "medeni" kanggo bocah. Malahan nalika ana pekerjaan rumah (PR) wong tua diajab bisa mbiyantu anak ing piwulangan basa Jawa "nggarap PR" malahan wong tua ora ngerti lan ora paham babar blas bab basa Jawa.

Upaya kanggo budayakake basa Jawa supaya dadi basa padintenan lan sejajar karo basa Indonesia, perlu dilakoni ing kabeh lingkungan. Ora mung keluarga, nanging uga diwiwiti ing masarakat, *dunia pendidikan* lan kantor-kantor. Gubernur DIY Sri Sultan HB X, netepake bilih dina Sabtu dadi dina "Javanes Day" utawa dina kanggo basa Jawa. Kabeh kantor/ instansi pamarentah kudu micara migunakake basa Jawa. Iki mujudake salah sawijining upaya kang diadani pemprov DIY supaya basa Jawa tetep lestari. Kajaba kuwi, pemprov DIY uga ngetokake "*Surat Edaran Gubernur DIY Nomor 423.5/0912 tanggal 29 Maret 2005 tentang Penerapan Kurikulum Muatan Lokal Bahasa Jawa bagi SMA/MA/SMK.*" Surat edaran iki isine bab piwulangan basa Jawa ing Sekolahan. Kajaba kanggo Sekolah Dasar, Sekolah Lanjutan Tingkat Pertama, wiwit *tahun ajaran* 2005/ 2006, piwulangan basa, sastra, lan budaya Jawa wajib diwulangake ana SMA, SMK, lan MA.

Lingkungan sekolah salah sawijining papan kanggo ngupiya basa Jawa. Awit separo luwih waktu bocah dienggo sekolah kahanan iki bisa ndadekake sekolah dadi papan kanggo sinau lan praktek basa Jawa sing *strategis*. Siswa bisa praktek basa karo guru lan karo kanca-kancane. Sanajan isih nggunakake basa Jawa kanthi gladhen ora *masalah*. Antawisipun siswa siji lan sijine bisa migunakake basa ngoko. Antawis siswa lan guru bisa gladhen migunakake basa Jawa krama uga kadhang kala dicampur basa Indonesia iku ora dadi apa. Kahanan mangkono uga bisa diterapake ing dina Sabtu sing wis ditetepake dening pemerintah dadi dinane basa Jawa "Javanes Day" syukur bage kahanan mangkono bisa saben dina.

Ing ngomah wong tuwa kudu *konsisten*/ ajeg anggone ngajarake basa Jawa. Kudu ajeg anggone micara nganggo basa Jawa lan basa Jawa didadekake basa padintenan. Syukur bage ing ngomah wong tuwa uga ngajarake unggah-ungguh basa lan tata krama tumrap anake.

Sarana liya kanggo ngupiya basa Jawa yaiku kanthi maca buku-buku, majalah, utawi koran sing basane basa Jawa. Ngrungokake

siaran radio sing basane Jawa kaya ta: sandiwara radio, campursari, pawarta, lsp. Ing jaman saiki uga bisa dipirsani ing TV awit anane TV lokal sing nyiarke acara-acara sing sifate lokal lan tetep migunakake basa Jawa kaya ta: acara macapatan, campursari, pawarta, kethoprak lsp. Kajaba kuwi basa Jawa uga bisa *diakses* ing internet-internet.

Nyinau basa Jawa kuwi bisa neng ngendhi papan lan bisa migunakake media apa wae. Basa Jawa ora basa sing kuna nanging kanthi basa Jawa bisa dadi sarana mbangun jati diri lan pekerti luhur. Budaya Jawa bisa kanggo nopang lan nyaring budaya asing sing mlebu ana ing Indonesia.

TUTOR

NYERAT, KEGIYATAN INGKANG NGREMENAKEN

FX. Subroto
Redaktur Senior Majalah Djaka Lodang

Nyerat punika salah satunggaling hobi utawi kegiyatan ingkang ngremenaken. Saged ndadosaken ageng lan bombonging manah. Menapa malih menawi ing samangke saged dados panyerat (penulis) kondhang. Lumantar seratan, sok sintena saged ngedalaken utawi nglairaken sedaya idhe, gagasan, isining manah, pengajeng-ajeng, menapa dene khayalanipun.

Seratan saged dipunwaos tiyang sanes lumantar buku, majalah, suratkabar, menapa dene ing notes minangka catatan harian. Lumantar seratan, tiyang sanes saged mangertosi menapadene nikmati saweneh bab. Saking maos seratan utawi karangan, tetiyang saged nambah seserepan sarta wawasan.

Karya tulis saged dipunperang dados 2, inggih punika: *seratan fiksi* lan *seratan non fiksi*.

Seratan fiksi inggih punika karya tulis ingkang arupi karangan, imajinasi utawi reka-rekanipun pengarangipun. Limrahipun seratan fiksi mboten dumadi saestu ing sajroning kanyatan gesang padinan. Namung kemawon, inspirasinipun saged mendhet saking kawontenan nyata ingkang dumadi ing sakiwa-tengen kita. Kawontenan nyata kasebut dipunolah, dipun racik, lan dipun bumboni saengga dados crita ingkang nengsemaken. Wujud *Seratan fiksi*, ing antawisipun: Crita Cekak, Crita Sambung, Dongeng, Crita rakyat, lan sanes-sanesipun.

Seratan non fiksi, inggih punika seratan sanes karangan utawi khayalan (rekan). Seratan adhedhasar data lan fakta ingkang akurat lan gumathok. Data saged dipun pendhet saking wawancara dhumateng narasumber, buku-buku referensi, keterangan resmi saking ingkang kawogan, saha peninjuan dhateng lokasi, lan sanes-sanesipun.

Seratan non fiksi saged kaperang dados 2, inggih punika: *seratan fakta* lan *seratan opini*. Seratan Fakta saget awujud: Berita, Laporan, *Features*.

Berita

Seratan cekak isinipun informasi kedadosan (peristiwa). Dipun serat ringkes, cekak, informatif, saengga gampil dipun suraos lan dipun mangertosi. Seratan kedah memenuhi unsur 5W+1H. Sapa, apa, ngapa, kapan, ing ngendi, lan kepriye. Kangge langkung nyethakake fakta wau, limrahipun dipun kantheni Laporan foto/gambar.

Seratan saget panjang utawi sambung. Kedah memenuhi unsur 5W+1H. Seratan saged katambah kanthi bahan tambahan saking narasumber sarta pengamatan lokasi menapa dene kedadosan. Bab wau amrih seratan langkung narik, langkung nengsemaken, nrenyuhaken, utawi damel miris pemaosipun. Pramila seratan badhe langkung sae utawi "gesang" menawi dipun kantheni foto-foto.

Features

Radi memper kaliyan seratan laporan. Mboten nilaraken insur 5W+1H. Seratan langkung condhong dhumateng bab-bab ingkang interest, aneh, utawi langka. Ngginakaken ukara ingkang luwes, entheng, lan komunikatif, kadosdene tiyang crita. Saged dipun kantheni foto/gambar, saged ugi tanpa foto/gambar.

Opini

Seratan saking "buah pikiran" panyeratipun. Biyasanipun nanggapi utawi ngomentari utawi "mengulas" langkung jembar

ngengingi bab ingkang saweg aktual utawi anged utawi dados wicantenan ing satengahing masarakat. Opini saged arupi: Tajuk, Pojok, lan Artikel.

Tajuk

Seratan "buah pikiran" Pemimpin Redaksi utawi Redaktur Senior kanggo nanggapi perkawis ingkang saweg "ngetrend", anget utawi aktual. Kejawi tanggapan, Tajuk ugi ngandhut solusi, lan saran. Seratan punika mujudaken opini saking mass media ingkang kawogan.

Pojok

Seratan ingkang isinipun wujud kritikan utawi sentilan. Dipun serat cekak aos, ringkes, kepara nylekit. Saged ngginakaken ukara ingkang semu lucu. Pojok ugi mujudaken opini saking satunggaling mass media.

Artikel

Seratan saged panjang-lebar, dipun larasaken kaliyan format penerbitanipun. Isinipun ngandharaken utawi mbeber maneka warni bab utawi permasalahan. Saged ingkang aktual menapa dene ingkang faktual. Lumantar artikel sok sintena kemawon saget mbeber babagan: ilmu pengetahuan, kesenian, olahraga, kesehatan, pendhidhikan, keluwarga, lan taksih kathah sanesipun malih.

Welingan

Sumangga samiya nyerat. Punapa kemawon. Saged fiksi utawi non fiksi. Kanthi nyerat sok sintena kemawon saged nyuntak panguneg-uneg, impen, imajinasi, angen-angen, pangajeng-ajeng, lan sanes-sanesipun. Sampun ngantos sedaya wau namung dipun simpen ing telenging manah utawi ing pikiran kemawon. Dipun suntak kemawon lumantar seratan. Kanthi mekaten tiyang sanes saged tambah seserepan, wawasan, menapa dene hiburan. Sumangga. Sugeng nyerat babagan menapa kemawon.


TULISAN
FIKSI
CERKAK
CERBUNG
DONGENG
CRITA RAKYAT
NON FIKSI
FAKTA
BERITA
LAPORAN
FEATURES
OPINI
TAJUK
WAWASAN
POJOK
ARTIKEL
PENGETAHUAN
KESEHATAN
KELUARGA
DAN LAIN-LAIN

NGGUGAH MACAN TURU ANA ING SAJRONING IMPEN

Triman Laksana

Nalika arep mapan turu, ancas kang diupadi yaiku bisa ngimpi kang endah, nengsemake uga mranani ati. Bisa-bisa, nalika tangi turu, impen iku dadi lelamunane pengangen-angen. Mendah kabeh iku bisa dadi kasunyatan ana ing ngalam ndonya iki.

Sebab kabeh saburang kalir, bisa jumedhul saka ngimpi, terus tuwuh ana kasunyatan kang lumaku. Mula, lelandhesan kang jumangkah, bisa kawiwitan saka ngimpi. Ya saka ngimpi iku, jangkah iki kanthi entheng lan kepenak. Pawongan kang ora bisa ngimpi, kaya mlaku ing ara-ara suwung. Anane mung tansah jumangkah tanpa tetenger kang gumathok.

Ora beda nalika kudu nulis, kudu ana kang bakal dadi impen, utawa dadi tukang ngimpi. Sanajan ana ing kene, ngenani babagan nulis ilmiah, fiksi iku padha wae kang dituju. Mung wae, nalika nulis ilmiah, ana bahan kang wis cumawis, lan kudu laku baku, utawa srana kasunyatan. Lan biasane luwih nyedhaki migunakake pandelengan uga itung-itungan pamawas. Menawa fiksi mono, bisa kasunyatan, uga bisa mung awujud dhapur karangan penulis wae. Nanging, fiksi kang urip, luwih becik menawa kanthi pengalaman pribadi kang jumbuh karo kahanan kang ana, ditambahi karo reka-rekane penulis. Dadi, reriptane bisa gawe grengsenge sing maca.

Sejatine mono, nulis iku gampang (kaya kang diandarake Arswendo Atmowiloto, ana bukune Menulis Itu Gampang) lan

ora susah tharik-tharik kepencut marang teori-teori kang dakik-dakik. Sing penting mung ana rong perkara. Sepisan niat, kapindho karep, iku kang baku.

Lha iki, biasane kang dadi pepalang marang pawongan kang nembe duwe krenteg arep nulis. Mula bisa kadudut ana 5 (lima) perkara kang gumathok, kanggo gegayutan iki. 1. Ide, 2. Basa, 3. Target, 4. Pasar, 5. Sesanti.

1. Ide: a. Diupadi utawa kareben teka dhewe
   b. Nggulawentah
   c. Ditulis
2. Basa : a. Basa kang baku
   b. Aja gumantung ing teori
   c. Maca buku lan maca swasana jaman
3. Target : Nduwe tujuwan utawa sasaran
4. Pasar : Mangerteni tulisan iku kanggo sapa
5. Sesanti (strong word) : Bisa kanggo kekuwatan semangat

Biasane ngenani ide, kabeh wis babar utawa gampang. Nanging banjur kepiye nalika kudu nggulawentah ide iku bisa dadi tulisan kang enak lan kepenak. Sejatine mono, saben pawongan duwe dalan beda-beda, nanging biasane anggone miwiti iku kang akeh padha growalan ora bisa nyuntak ide kang sabenere becik lan lagi dadi kembang lambe.

Pancen kabeh iku kudu didhasari kanthi niat lan karep. Sebab poin iki kang kudu lumaku dhisik. Ide makantar-kantar, nanging ora dibarengi rong perkara iku, anane ya mung dadi angen-angen ana pikiran wae. Malah-malah bisa dadi lelamunan wae, kang tundhone terus ilang disaput kahanan.

Mula nalika ide iku tuwuh, jumedhul. Terus ditulis kanthi poin-poin kang penting dhisik. Sawise iku coba golek bahan liyane kang jumbuh karo kang bakal ditulis. Iki tujuwane supaya ide iku ora mung garingan, nanging bisa mentes, awit dirabuk kanthi pamawas kang luwih jembar lan mateng.

Kang baku, ide iku aja nganti mung nunggu, nanging ide iku sejatine ana ing kiwa tengene awake dhewe. Kabeh bisa dadi bahan tulisan kang bisa tinulis kanthi pamawas luwih jembar. Dadine ide iku ora mung kanggo laladan ora nulis, apa maneh jaman saiki, sakabehe kahanan bisa kanggo bahan tulisan maneka warna.

Ide iku sejatine kaya nggugah macan turu, menawa bisa nggulawentah kanthi pinter lan trampil, ora mung wujud ana ing impen. Nanging dadi pralambang kasunyatan nyekel kekarepan, uga dalan-dalan kang sakawit kebak eri bebondhotan. Dadi ara-ara kang padhang njingglang. Bakal mrangguli dedalane agampang, lan lancar.

Sing baku, gelem ngimpi terus tangi. Nuli bisa nggulawentah impen iku marang kahanan kang dumadi. Kanggo sesanggeman ngaurip, ing ndonya iki, ora ana kang ora bisa diranggeh. Mekaten.

- Padhepokan djagat djawa, magelang 17 Mei 2010

Triman Laksana, nulis Basa Jawa lan Indonesia. Ketua Padhepokan Djagat Djawa (Komunitas Sastra dan Budaya Jawa Magelang). Tulisane kapacak ing hudyana Daerah lan Nasional. Wis nate menang nulis lan maca cerpen, puisi, artikel. Ing antarane : Pemenenag 1 Nasional, tahun 2007 Sayembara Penulisan Naskah Buku Fiksi Pusat Perbukuan Jakarta. Pemenang III Nasional, tahun 2008 Sayembara Penulisan Naskah Buku Fiksi Pusat Perbukuan Jakarta, dll.

MILIH LAN PADOS NARASUMBER

Warisman
Kedaulatan Rakyat

Nyerat menika estunipun sami kaliyan mucal, mila sampun satrepipun menawi guru ugi asring nyerat wonten ing layang kabar utawi kalawarti menapa dene buku. Gandheng wekdal menika boten wonten layang kabar basa Jawi ingkang kababar saben dinten, pramila ingkang badhe kaaturaken wonten mriki wujud seratan ingkang cocok kangge majalah utawi mingguan.

Panitia ngarahaken bilih seratan pasarta bengkel awujud tulisan warta. Ateges, feature utawi *dept news*. Feature utawi *dept news* kedah langkung jangkep katrangan ingkang dipunaturaken. Menika kunggulipun feature, ngaturaken cariyos ing suwaliking pawartos: sabab-sababipun perkawis utawi, saged ugi, jlentrehaning para paraga ingkang wonten ing salebeting kedadosan kala wau. Temtunipun, bab menika betah kaprigelan piyambak tumrap ingkang badhe nyerat, margi kedah nglari katrangan imgkang langkung kathah saking maneka narasumber. Ing jagading wartawan, seratan kanthi katrangan saking asil wawancara langkung kajen tinimbang ingkang kapendhet saking buku. Menapa malih, yen boten wonten tambahan ingkang enggal.

Bab pados bahanipun. Narasumber kedah dipunjumbuhaken kaliyan perkawis ingkang badhe dipunserat. Narasumber saged saking akademisi, paraga ingkang nglampahi, menapa dene masarakat ingkang wonten gayutipun kaliyan perkawis ingkang dipunserat. Upaminipun, ekonomi menawi menawi ngrembag

bab ekonomi, politikus menawi ngrembag prekawias politik. Kosok wangsulipun, sinaosa mangertosi menapa ingkang badhe kangge bahan seratan, menawi boten wonten gayutipun tiyang wau boten trep menawi kadadosaken narasumber.

Upaminipun ing bab tetanen. Sinaosa mangertos bab olah tetanen, tukang becak boten trep menawi kadadosaken narasumber. Kejawi, minangka masarakat ingkang ngginakaken asil tetanen. Upaminipun, pangaribawa tumrap tukang becak wau menawi regi wos mindhak. Dene ngengingi tetanenipun, narasumber inggih para kadang tani, sarjana pertanian, PPL, utawi dosen jurusan pertanian.

Conto sanesipun. Kathah tiyang ingkang saged lan mangertosi kesenian, nanging langkung trep menawi narasumber tiyang ingkang wonten gegayutanipun. Upami ngengingi wayang, inggih langkung pas menawi ingkang dipunpundhuti katrangan ki dhalang sinaosa juru parkir ugi mangertosi bab wayang: Kejawi, menawi juru pakir wau kasuwun katranganipun minangka pandhemen wayang: dhalang sinten ingkang dipun-remeni, menapa sababipun.

Taksih kathah conto sanesipun. Ingkang baku kedah tansah pasang paningal lan pamireng. Ugi ngasah raos pangraos ingkang njalari saged titen marang kedadosan menapa kemawon. Ugi prigel pados cariyos ing suwaliking pawartos.

Upaminipun wonten kedadosan kathah tikus wonten sabin, menapa jalaranipun. Regi tigan ayam kok mindhak, menapa sababipun. Sedaya wau saged dipunbabar dados seratan ingkang panjang. Feature utawi *dept news* menika kedah saged cariyos kanthi jangkep lan boten wayu sinaosa kaaturaken sawetawis wekdal saking kedadosanipun.

Guru menika kathah-kathahipun luwes ing pasrawungan. Temtu saged gampil pikantuk katrangan saking narasumber. Sampun kesupen, menawi wawancara kaliyan narasumber nepangaken langkung rumiyin, supados narasumber, kedah nepangaken langkung rumiyin, supados narasumber mangertos bilih katrang-

anipun badhe kapacak ing majalah utawi layang kabar. Menawi boten nepangaken langkung rumiyin lan boten walaka badhe kangge bahan tulisan, narasumber kagungan hak boten narimahaken. Menapa malih, menawi seratanipun wonten ingkang klentu.

Wawancara ngginakaken piranti nyimpen swara ugi sae. Mliginipun dhumateng narasumber ingkang kesesa, utawi kepanggih wonten ing margi. Awit, angggenipun ngendika temtu rikatan. Nulisipun saged keponthal-ponthal. Menawi ngginakaken piranti nyimpen swara saged langkung gampil.

Ingkang baku, menawi badhe wawancara kaliyan narasumber, langkung rumiyin kedah sampun gadhah gambaran sinten ingkang badhe dipunwawancarai lan menapa ingkang badhe dipunpundhutaken priksa Supados boten dipunplonco dening narasumber. Para sepuh rumiyin paring pitutur, golek banyu ya kudu sangu warih.

Menawi sampun sangu gambaran perkawis ingkang badhe pun pundhutaken priksa, wawancara limrahipun lajeng saged lumampah kanthi lancar. Panyerating asma, menawi narasumber kagungan kartu nama langkung prayogi nyuwun kartu namapun utawi nyonto panyerating asma lan kalenggahanipun. Ugi sae menawi saged nyuwun nomer telepunipun.

Wawancara lumantar telepun langkung irit lan cepet. Nanging, menawi dereng nate kepanggih kaliyan narasumber, dereng nate mireng swantenipun narasumber, langkung sae boten lumantar telepun sinaosa gadhah nomer telepunipun. Margi saged kemawon tiyang sanes ingkang ngaken bilih piyambakipun tiyang ing kang dipunpadosi. Wawasan lumantar telepon namung katindakaken menawi wekdalipun sampun mepet lan dunungipun narasumber tebih. Menika adatipun katindaken wartawan layang kabar ingkang kababar saben dinten.

Sasaged-saged tetep njagi silaturahmi kaliyan narasumber, supados menawi sawanci-wanci mbetahaken gampil anggenipun pikantuk katrangan. Kejawi menika, ingkang dipuntepangi lan kajagi silaturahmipun boten namung pimpinan, nanging ugi andha

hanipun. Pimpinan menika rak namung sekedhap, menawi andhahan rak ngantos piyambakipun sepuh utawi pensiun. Dados menawi pimpinanipun gantos, tetep gadhah cantholan wonten ing instansi kasebat.

Menawi sesambetanipun saged sae, pikantukipun katrangan ugi langkung gampil. Kados sampun kula aturaken ngajeng, guru menika luwes ing pasrawungan, temtu gampil pados katrangan saking narasumber. Sepisan malih, tumrap donyaning kawartawanan pikantuk katrangan saking wawancara langkung kajen tinimbang ingkang pikantukipun katrangan namung saking buku. Kenging kemawon mendhet saking buku, nanging menika namung kangge njangkepi utawi mikuwati katrangan narasumber.

Wonten malih ingkang perlu pun gatosaken, inggih menika nyimpen arsip tulisan. Ginanipun, kangge nyocokaken kaliyan seratan ingkang dipunpacak. Wonten owah-owahan saking redaksi menapa boten. Menika kangge mangertosi karemenanipun redaktur, gagrag tulisan ingkang kados menapa. Ugi kangge nyocokaken wonten ingkang lepat menapa boten.

Sajatosipun, taksih wonten malih ngengingi seratan investigasi. Nanging, ingkang baku ing mriki supados guru remen nulis utawi mindhak daya kreatifipun, pramila boten kula aturaken. Mugi-mugi menapa ingkang kula aturaken, saged mumpangati dhumateng sedayanipun.

PANGRAKITING SERATAN

Edi Setiyanto lan Wiwin E.S.N.
Balai Bahasa Yogyakarta

Sasampunipun bab pirembag (topik) tuwin peprincenipun katemtokaken, tasih satunggal prekawis ingkang kedah dipunayahi panganggit murih panggagas saged kababar, inggih punika nyeratipun. Bab panyerat punika kalebet prekawis ingkang baku. Awit, sasae-saenipun pirembag, manawi panganggit kirang pener panyeratipun, suraos saged angel katampinipun utawa katampi kanthi pangertosan ingkang benten. Utawi, malah cabar. Upaminipun,

(1) *Angka kematian ibu lan anak ing Kabupaten Bantul cukup dhuwur. Muga-muga kanthi tambahe rumah bersalin (RB) lan balai pengobatan kasebut pelayanan kesehatan tambah becik saengga ndhuweni kesadaran kang luwih maju lan angka kematian ibu lan anak bisa ditanggulangi.*

Bab mau dijlentrehake dr. Siti Nurzaenab makili keluarga Ning Suryani. Jenis pelayanan sing ditindakake persalinan 24 jam, petugas bidan ana 3, lan perawat 3. Poliklinik kandhungan, spesialis anak, tumbuh kembang anak. RB lan balai pengobatan mapan ing lokasi kang jembare 450 m.

(2) *Lomba ngarang kanthi ancas nggoleki naskah fiksi sosial kang adhedhasar sosio kultural Bantul, wahana kanggo ngrembakakake etos lan watak ke-Indonesia-an lan promosi Kabupaten Bantul ing tataran nasional kanthi syarat nyakup fotokopi identitas dilengkapi alamat lengkap lan nomor telpon; tau ngasilake karangan fiksi lan tau kababar ana media massa cetak (jeneng, lan kapan diterbitke),*

biografi cekak, dawane karangan paling sithik 100 lembar lan paling akeh 250 lembar, kertas folio ukuran kuarto (A4). Format tulisan, 1,5 spasi, font 14 jinis huruf Time Newroman. Naskah dikirim rangkep 6 dilampiri kopi CD utawa disket kanthi format RTF, layang pernyataan karangan asli lan durung tau dibabar utawa dipublikasi, nganggo materai Rp6.000,00.

Bab leresing panyerat panci kedah dipunugemi awit wewatekipun basa tulis ingkang benten manawi katandhing klawan basa pocap. Tumrap basa tulis, panampining suraos mligi gumantung dhumateng punapa ingkang dipunserat. Bab-bab ingkang kirang trawaca boten saged kasuwunaken pirsa dhumateng panganggit. Pramila, klentu panyerat ateges ugi klentu ing panampi. Saking punika, salebetipun nyerat, panganggit kedah migatosaken (1) panataning seratan, (2) pamatraping paramasastra, (3) pandhapuking paragaraf, tuwin (4) pamatraping ejaan (tata panyeratipun). Pirembag tigang prekawis wau saged karingkes makaten.

1. Panataning Seratan

Panataning seratan ngemot teges kados pundi panganggit mantha perangan-peranganing suraos. Panataning seratan mau ngrembag, sabotenipun, panyerating irah-irahan, katrangan ngengingi panganggit, tuwin urut-urutaning pirembag. Bab irah-irahan tuwin panyerating katrangan-panganggit bokbilih saged kalirwakaken awit sampun limrah kajlentrehaken ing sadhengah pirembag. Dene bab panataning suraos saged kaaturaken makaten. Seratan limrahipun kaperang dados tiga: pambuka, inti, saha panutup.

Perangan pambuka ngemot suraos utawi pamanggih-pamanggih sanes ingkang magepokan kaliyan pepunthoning pirembag. Nanging, dereng mujudaken pirembaging panganggit ngengingi wosing pirembag. Pambuka migunani tumrap miterang bab prekawis ingkang badhe karembag dhumateng para maos. Kados aranipun, pambuka kapacak ing wiwitaning seratan.

Perangan inti ngemot suraos ingkang dados pepunthoning

pirembag, nanging miturut pamanggihing panganggit. Suraos saged awujud peprincen, deskripsi, utawi analisis miturut teori tartamtu. Suraosing wau saged asipat njangkepi, nanging saged ugi nyulayani. Kados aranipun, perangan inti limrah kapacak ing tengahing seratan.

Perangan pungkasan, inggih punika panutup ngemot suraos pamanggihing panganggit ngengingi piguna utawi kapitunan awit wontenipun prekawis. Pamanggih ngengingi piguna utawi kapitunan wau minangka dudutaning seratan. Perangan panutup, sambet kaliyan aranipun, limrah kapacak ing pungkasaning seratan.

Saking tigang perangan seratan, inggih punika pambuka, inti, tuwin panutup; perangan pambuka lan panutup boten asipat wajib. Dene, perangan inti—awit mujudaken jejlentrehanipun pamanggih—asipat wajib. Amargi pambuka saha panutup saged wonten ugi saged boten, ing sesawangan dununging perangan inti lajeng saged ngawiti, nanging saged ugi mungkasi seratan. Bab punika gumantung wonten botenipun pambuka utawi panutup. Kados pundi nemtokaken perangan ing wiwitan utawi ing pungkasan seratan minangka pambuka, panutup, utawi peranganing inti, punika gumantung dhateng jinising suraos. Mliginipun, menawi kacocogaken kaliyan irah-irahan.

Menggah gladhen, sumangga katemtokaken pethilan-pethilan ing ngandhap punika minangka peranganing pambuka, inti, utawi panutup.

3) ***Wisuh Sadurunge Mangan: Sepele Ning Gedhe Kasiyate***

"Tindak jaga-jaga iku luwih utama ketimbang mertamba," unen-unen sing pas ditrepake magepokan bab kasarasan. Apamaneh ing kahanan sarwa susah. Aja nganti sembrana mring perilaku sehat. Coba yen kita sembrana, kanggo kabutuhan padinan wae rumangsa kecipuhan, njur kepiye yen nganti lara. Mula katimbang judheg, luwih gampang ya pilih perilaku sing sehat. Harak ya ngono ta?

(4) ***Hydrogel: Nenandur Tanpa Lemah lan Tanpa Disiram***

Wektu iki lagi trend nandur tanduran pasren minangka hoby lan

kanggo rerenggan ing sanjabane omah lan sajerone omah. Pameran lan bursa tanduran tansah kelarisan.Jinis tanduran larang... favorit tumrap pandhemen tanduran pasren. Tumrap panjenengan kang hoby majang tanduran ing sajroning omah, wektu iki ana teknologi anyar kang praktis, kng aran hidroponik utawa hidrogel.

(5) ***Ukuman 11 Taun Kanggo Varsha***

Kahanan saya mrihatinake, krana pamarentah ing negara-negara mau asring ora tumindak adil. Akeh TKW mati, cacat merga disiksa, dikemplang (Ora dibayar), diujarake wae dening pemerintah negara mau utawa malah kepara sing dianggep luput. ... Indonesia sing kaloka dadi ***pengirim*** *tenaga buruh menyang mancanegara samesthine menehi kawigaten gedhe marang TKI sing wis sumadiya ngumbara menyang negara liya merga langkane lowongan kerja sajerone negara.*

(6) ***Kepleset lan Plesetan***

Kepleset? Jelas lara. Apamaneh yen tibane nganti kantep. Kuwi kapleset jroning pangerten wantah, nemahi kedaean ora nyenengake kanthi ora sengaja. Tembung kepleset uga asring digunakake pinangka sanepa. Upamane, kepleset micara (sing dimaksud kesleo ilat), kepleset prekara (sing dikarepake kesandhung prekara), lan liya-liyane. Kepleset sing iki akibate kadang-kadang luwih fatal tinimbang kepleset jobin sing lunyu .... Merga gara-gara kepleset ngomong wong bisa mati utawa mlebu kunjara.

2. Pamatraping Paramasastra

Menggah suraos ing seratan saged katampi kanthi tatas titis, panganggit kedah leres ing pamatraping paramasastra. Bab menika cocog kaliyan pigunanipun paramasastra minangka paugeran ingkang ngatur panganggenipun basa magepokan kaliyan ewah-ewahaning tetembungan ugi ukara kacocogaken kaliyan ewah-ewahaning pangertosanipun. Upaminipun, ater-ater *di-* nengeri bilih jejer dados perangan ingkang *dipunpatrapi* suraosing lingga. Kosok wangsulipun, ater-ater *N-* nengeri bilih jejer dados perangan ingkang *ngleksanani* suraosing lingga. Conto

sanesipun, upami ater-ater *pi-* minangka tenger bilih lingga kasipatan watak sae utawi pangrangkeping tembung ingkang dados tenger bilih cacahing barang (lingga) kathah.

Rembag pamatraping paramasastra magepokan kaliyan (1) pandhapuking tembung (2) pandhapuking ukara, ugi (3) interferensi. Dene peprincenipun kados makaten.

2.1 Pandhapuking Tembung

Pandhapuking tembung ngrembag prekawis kados pundi satungaling tembung saged kadadosaken tembung sanes miturut paugeraning basa. Upaminipun, saking tembung *pangan* saged kadhapuk tembung *mangan, panganan, mangan ati* kanthi nambahake wuwuhan *N-, -an,* utawa nyamborake. Murih prasajaning atur, ugi saged karembag ing pandhapuking tembung, inggih punika prekawis pamilihing tembung. Pamilihing tembung ngrembag bab-bab ingkang kadadosaken tetimbangan rikala panganggit milih satunggaling tembung. Upaminipun, tetimbangan nalika kedah milih tembung *pener* ketimbang *bener*; milih *dhahar* ketimbang *mangan, nedha,* punapa malih *mbadhog*; milih *Boyolali, Wonosari, Semarang* tinimbang *Bajulkesupen, Wonosantun, Semawis.* Conto ugi gladhen saged kapriksani ing tuladha punika.

(7) *Ing sisih tengene kali wewangunan omah kang katon* ***prasaja tur rapi.*** (*prasaja, nanging tumata*)

(8) *Sing sisih liyane wis kecampuran* ***uwuh*** *saka pabrik tahu kang* ***ngrenggani*** *sisih kiwa kali.* (*uwuh saka pabrik tahu kang ngrenggani ing*)

(9) *Karung goni, mligine sing wis ditelesi, bisa kanggo mateni geni kang* ***mbarap-mbarap.*** (*mulad-mulad*)

(10) *Sasapaa sing* ***ketibanan*** *sampur kudu gelem njoged.* (*ketiban*)

2.2 Pandhapuking Ukara

Pandhapuking ukara ngrembag kados pundi ukara-ukara karakit kanthi paramasastra kang ugi leres. Miturut paramasastra, sawernaning ukara lamba punika temtu minangka salah satunggiling jinis saking limang jinis ukara BJ ingkang wonten, inggih

punika (1) S-P, (2) S-P-Pl., (3) S-P-O, (4) S-P-O-Pl., (5) S-P-K (K=katrangan kang asipat wajib). Menawi ingkang kadhapuk sampun mujudaken salah satunggiling jinis ukara wau, ukara temtu kalebet ukara ingkang leres. Upaminipun, ukara (11) – (13)

(11) *Tekan saiki, Pamarentah durung aweh katrangan.* (K (katrangan kang ora wajib)-S-P-Pl.)

(12) *Biyene, wong-wong China uga mbiyantu wong Jawa.* (K-S-P-O)

(13) *Kratone mapan ing perenganing gunung.* (S-P-K (katrangan kang asipat wajib)) ingkang kalebet jinising ukara S-P-Pl., S-P-O, lan S-P-K (katrangan kang asipat wajib). Dene, menawi ukara camboran, ukara wau temtu mujudaken campuraning ukara lamba kang karakit kanthi tembung panggandheng (*konjungsi*) tartamtu.

Minangka gladhen, sumangga kapriksani contho-contho punika.

(14) *Jenis pelayanan sing ditindakake persalinan 24 jam, petugas bidan ana 3, lan perawat 3.*

(15) *Miturut ukum, nggawa narkoba wis klebu luput.*

(16) *Yen kayune memper wit mahoni.*

3. Interferensi

Interferensi mujudaken dayaning basa manca ingkang asipat ngrura utawi ngrugekaken. Dayaning basa wau saged awujud panganggening tembung utawi peranganing paramasastra. Upaminipun, panganggening tembung *prastawa* utawi *milai* awit dayaning tembung basa Indonesia *peristiwa, mulai*. Tumrap basa Jawa, tetembungan ingkang trep, inggih punika *kedadeyan* tuwin *wiwiti*. Conto sanes ngiras-ngirus gladhen saged kapriksani ing tuladha-tuladha punika.

(17) *... promosi Kabupaten Bantul ing tataran nasional kanthi* ***syarat nyakup*** *fotokopi identitas* ***dilengkapi*** *alamat lengkap lan nomor telpon .... (sarat awujud ... kajangkepi)*

(18) *... akibate kadang-kadang luwih* ***fatal*** *tinimbang kepleset jobin sing lunyu .... (ngrekasakake)*

(19) ***Kesanggupane*** *bangsa Portugis mau uga dingendikakake.* (*kasaguhane, saguhe*)

4. Paragraf

Seratan saged kadhapuk saking bab-bab, sub-subbab, utawi pasal-pasal, gumantung jinising tulisan. Dene, perangan ingkang temtu dados blegering seratan, inggih punika paragraf. utawi alinea. Paragraf mujudaken klempakaning suraos ingkang nyawiji awit wontenipun wosing-pirembag (*gagasan utama*) minangka punjeraning atur pangripta. Wosing pirembag, limrahipun kajarwakaken ing salebeting ukara, inggih punika "ukara rimbag" (*kalimat topik*). Paragraf katitik saking wiwitaning baris ingkang dipunbentenaken: langkung lumebet utawi spasi ingkang langkung rowa utawi amba.

Paragraf ingkang sae nggadhahi sipat

(a) gumathok: mligi ngrembag satunggaling prekawis, inggih punika wosing pirembag;
(b) kempel: suraosing ukara-ukaranipun magepokan (*kohesif* tuwin *koherensif*);
(c) jangkep: pirembag ngemot sawernaning prekawis ingkang magepokan kaliyan wosing pirembag;
(d) urut: pamrincening pirembag ngginakaken cara tartamtu saengga boten wolak-walik, upami kawiwitan saking bab ingkang kirang prelu dumugi ingkang paling prelu.

Minangka gladhen, sumangga kapriksani malih conto nomer (1) – (6).

3. Pamatraping Ejaan

Ejaan, inggih punika tata paugeraning nyerat suraosing basa, mliginipun ingkang magepokan kaliyan panyerating aksara (*vokal* lan *konsonan*), tetembungan, ugi *tanda baca*. Upami, kadospundi panyeratipun aksara [t] lan [t^h]; pannyeratipun tembung *punika*: *mantep* utawi *manteb*, *apa dene* utawi *apadene*, *kaliyan* utawi *kalihan*.

Makaten ugi, kadospundi panyerating peranganipun ukara ingkang dipunanggep wigatos: kamiringaken utawi dipunkandeli. Upaminipun, "Wosing pirembag, titah punika kedah nggadhahi sipat *ening* lan *eneng*" utawi, "Wosing pirembag, titah punika kedah nggadhahi sipat **ening** lan **eneng**."

Saking sawernaning prekawis mau, pirembag ejaan lajeng nyakup gangsal prekawis.

1. Panulisipun aksara (aksara swara, aksara mati) latin basa Jawa (kalebet aksara *italic*, aksara *kapital*, *cetak-tebal*)
2. Pamedhotipun tembung
3. Panulise tembung (garba, singkatan, akronim, lan sapanunggalipun)
4. Panganggenipun *tandha baca* (titik, koma, petik, lan sapiturute)
5. Tembung serapan (tembung ingkang kapendhet saking basa manca

BIODATA PESERTA PENINGKATAN KREATIVITAS PENULISAN BAHASA JAWA

Widanarti Rumsari, S.Pd., lahir di Sleman, 1 Juli 1973, beragama Islam, mengajar di SMAN 1 Depok. Alamat sekolah: Jalan Babarsari, Caturtunggal, Depok, Sleman. Alamat rumah: Jalan Nangka IV, 202, Sopalan, Maguwoharjo, Depok, Sleman. Telepon: 081328587997

Pipin Wijiastuti, S.Pd., lahir di Sragen, 15 April 1984, beragama Islam, mengajar di SMAN 1 Depok. Alamat sekolah: Jalan Babarsari, Caturtunggal, Depok, Sleman. Alamat rumah: Grogol, Magunan Rt 1/14 Kalitirto, Berbah, Sleman. Telepon: 085868220337.

Rohmadi, S.Pd., lahir di Bantul, 14 April 1983, beragama Islam, mengajar di SMKN 1 Godean. Alamat sekolah: Kowanan, Sidoagung, Godean, Sleman. Alamat rumah: Gunturan Rt 03, Triharjo, Pandak, Bantul 55761. Telepon: 081578729124

Diyan Hastari, S.Pd., lahir di Wonosobo, 02 Januari 1988, beragama Islam, mengajar di SMA 1 Minggir. Alamat sekolah: Pakeran, Sendangmulyo, Minggir, Sleman. Telepon: 081228815682

Suwasti Ratri Eni Lestari, S.Pd., lahir di Magelang, 13 September 1986, beragama Islam, mengajar di SMAN 2 Godean. Alamat sekolah: Jalan Jae Sumantoro, Godean, Sleman. Telepon: 085228660344

Abdul Afif Rosyidi, S.Pd., lahir di Brebes, 03 Juni 1981, beragama Islam, mengajar di SMAN 1 Mlati. Alamat sekolah: Cebongan, Tlogoadi, Mlati, Sleman. Alamat rumah: Perumnas Minomartani, Jalan Gurameh I/16, Ngaglik, Sleman. Telepon: 081392091270

Ririn Sulistiyani, S.Pd., lahir di Sleman, 28 Desember 1974, beragama Islam, mengajar di SMAN 1 Kalasan. Alamat sekolah: Bogem, Tamanmartani, Kalasan, Sleman. Alamat rumah: Delegan, Sumberharjo, Prambanan. Telepon: 085878482286

Fajar Agustia Prihandono, S.Pd., lahir di Boyolali, 10 Agustus 1987, beragama Islam, mengajar di SMKN 1 Kalasan. Alamat sekolah: Randugunting, Tamanmartani, Kalasan, Sleman. Alamat Rumah: Rt 32, Rw 3 Guling, Gadingan, Cangkringan, Sleman. Telepon: 085740202097.

Widyowati, S.S., lahir di Surakarta, 19 April 1978, beragama Islam, mengajar di SMKN 1 Kalasan. Alamat sekolah: Randugunting, Tamanmartani, Kalasan, Sleman Alamat rumah: Nusukan, Solo. Telepon 085725589073

Sumaryono, S.Pd., lahir di Bantul, 19 Juni 1982, beragama Islam, mengajar di SMAN 1 Gamping. Alamat sekolah: Tegalyoso, Banyuraden, Gamping, Sleman. Alamat rumah: Poyahan, Seloharjo, Pundong, Bantul. Telepon 085292526602

Sunardi, S.S., lahir di Sleman, 20 Mei 1969, beragama Islam, mengajar di SMK Muhammadiyah 2 Sleman. Alamat sekolah: Jalan D. Ranggawarsito 2, Caturharjo, Sleman. Alamat rumah: Klebengan Ct VIII A4, Yogyakarta. Telepon 0274-544904.

Wiwik Lestari, S.S., lahir di Sleman, 26 Desember 1973, beragama Islam, mengajar di SMAN 1 Sleman. Alamat sekolah: Jalan Magelang Km 14 Medari, Caturharjo, Sleman. Alamat rumah: Balong, Pakembinangun, Pakem, Sleman. Telepon: 0274-6646630.

Irma Asrining Cahyorini, S.S., lahir di Sukoharjo, 03 September 1978, beragama Islam, mengajar di SMKN 1 Depok. Alamat sekolah: Jalan Ringroad Utara, Maguwoharjo, Depok, Sleman, Yogyakarta 55282. Alamat rumah: Jalan Jaksa Agung R. Suprapto 10 Sukoharjo. Telepon: 08122620973.

Dhanar Widianta, S.S., lahir di Gunungkidul, 16 Januari 1978, beragama Islam, mengajar di SMAN 1 Prambanan. Alamat sekolah: Madubaru, Madurejo, Prambanan, Sleman. Alamat rumah: Nagan Kulon 95, Kraton, Yogyakarta. Telepon: 081804321151

Nur Eka Ratna Dewi, lahir di Magelang, 11 Desember 1984, beragama Islam, mengajar di SMKN 1 Seyegan. Alamat sekolah: Jamblangan, Margomulyo, Seyegan, Sleman 55561. Alamat rumah: Sentulrejo MG II/611, Yogyakarta 55151. Telepon: 081328784490.

Yudha Prasetyanti, S.Pd., lahir di Kediri, 27 September 1978, beragama Islam, mengajar di SMAN 1 Cangkringan. Alamat sekolah: Bedoyo, Wukirsari, Cangkringan, Sleman. Alamat rumah: Perum Citra Ringin Mas A 22, Purwomartani, Kalasan, Sleman. Telepon: 085228172222.

Arif Purwanta, S.S., lahir di Sleman, 30 Agustus 1978, beragama Islam, mengajar di SMAN 1 Tempel. Alamat sekolah: Banjarharjo, Pondokrejo, Tempel, Sleman. Alamat rumah: Pisangan Rt 04/ Rw 15, Tridadi, Sleman. Telepon: 085927455044.

Dewi Astutiningsih S, S.Pd., lahir di Klaten, 11 Agustus 1974, beragama Islam, mengajar SMAN 1 Godean. Alamat sekolah: Jalan Sidokarto 5, Godean, Sleman. Alamat rumah: Kalikotes Kulon Rt 01/Rw 06, Kalikotes, Klaten. Telepon: 08156731731, 081215051378.

Puspitasari, S.Pd., lahir di Sleman, 12 November 1981, beragama Islam, mengajar SMAN 1 Turi. Alamat Sekolah: Gununganyar, Donokerto, Turi, Sleman. Alamat rumah: Jalan Astamulya Rt 05/ Rw 18, Kaliurang Barat, Hargobinangun, Pakem, Sleman. Telepon: 081578899455.

Febyardini Dian Pangesti R., S.S., lahir di Sleman, 6 Februari 1980, beragama Islam, mengajar di SMA 2 Sleman. Alamat sekolah: Brayut, Pandowoharjo, Sleman. Alamat rumah: Gamping Kidul Rt 03, Rw 18, Gamping, Sleman. Telepon: 081328176343.

Yuana Agus Dirgantara, S.Pd., lahir di Sleman, 29 Agustus 1983, beragama Islam, mengajar di SMAN 1 Ngemplak. Alamat sekolah: Cokrogaten, Bimomartani, Ngemplak, Sleman. Alamat rumah: Dinginan, Sumberharjo, Prambanan, Sleman. Telepon: 08157997332/ 0274- 4398675.

Jenni Astra Putranti, S.S., lahir di Pati, 28 Juni 1978, beragama Islam, mengajar di SMK PIRI Sleman. Alamat sekolah: Jalan Kaliurang Km 7,8 Yogyakarta. Alamat rumah: Perum Candi Gebang Permai Blok I/10 Yogyakarta. Telepon: 085868274364.

Tutik Handayani, S.S., lahir di Sleman, 20 Mei 1978, beragama Islam, mengajar SMAN 1 Seyegan. Alamat sekolah: Tegal, Gentan, Margoagung, Seyegan, Sleman. Alamat rumah: Susukan II, Margokaton, Seyegan, Sleman. Telepon: 085292025126.

Yustinus Suharjana, S.Pd., lahir di Sleman, 08 September 1966, beragama Katholik, mengajar di SMKN 1 Tempel. Alamat sekolah: Jalan Magelang Km 17 Tempel, Sleman, Yogyakarta. Alamat rumah: Nangsri, Girikerto, Turi, Sleman. Telepon: 081578585744.

Tri Sutikna, S.Pd., lahir di Sleman, 20 April 1971, mengajar di SMK YPKK 2 Sleman. Alamat sekolah: Jalan Pemuda, Wadas, Tridadi, Sleman. Alamat rumah: Kadilobo, Purwobinangun, Pakem, Sleman. Telepon: 0817464274

PERPUSTAKAAN
BADAN BAHASA
KEMENTERIAN PENDIDIKAN NASIO

0063

PERPUSTAKAAN PUSAT BAHASA

Tgl. Kembali	Tgl. Kembali	Tgl. Kembali